4. maafkanlah orang yang munulis
karena memaksa diri untuk ikut mencipta

seperti seorang ulama itu
karena tertarik mendengar
berita dan isi kitab ini
disebut Nuzulbiya
yakni berita tersebut
semoga mendapat anugerah yang menulis dan membaca
yang menulis dan membaca mendengar ini
akan sama-sama mendapat kemuliaan

5. sabda dari Yang Sukma jati
bersabda kepada dirinya
inilah sabdanya
memang umat manusia itu
sering tidak jujur kepada Tuhannya
itu semua karena apa
ketidak jujurannya
ia selalu memuji dan menyembah
umat manusia selalu menyembah dan memuji
tapi hanya nama dan lahiriah belaka

6. tidak tahu apa dan siapa yang dipuja
hanya terhenti pada memuja belaka
tidak tahu yang sebenarnya
mengapa sebabnya
mereka tak jujur kepada Tuhannya
karena itu pilihlah berita (ajaran)
adanya Yang Agung
tapi ada umat Tuhan
yang sangat dikasihi oleh Tuhan
yakni yang bernama Muhammad

7. yaitu yang bernama laduni
sabda Yang (Tuhan) hendaknya dicamkan
yang kukasihi itu
sabda Yang Agung
ialah Muhammad yang kuberitahu
diperintahkan masuk istana

maka Rasulullah berkata
bagaimanakah Tuhan
untuk memasuki "kelambu" Yang Widi
bukalah dan datang

8. bukalah kelambu tersebut
kemudian tibalah dan melihat istana
nanti kau kuberitahu
mengenai penglihatan yang utama
demikian sabda Sukma Agung
kepada kekasihnya (orang yang dikasihi)
Tuhan bersabda kepada rasulnya
jangan kau memanggil orang lain
tundukkanlah dan hamparkanlah ini di lantai
karena itu duduklah

9. Nabi Allah bersembah kepada Yang Widi (Tuhan)
mengapa hamba diberikan nama yang sama
sedangkan hamba yang paling akhir
sabda Yang Agung
ya Muhammad, engkaulah yang pertama
yang akhir pun engkau jua
kau rasulku
oh, Tuhan hamba mohon
oleh kasih tuan, ijinkanlah hamba
duduk di kursi ratna

10. sabda Tuhan kepada kekasihnya
duduklah kau Muhammad
di tahta ratna ini
terimalah istanaku ini
dan pakailah tempat Aku samadi
dan kau kuberikan
sandang serta tulisan
dariku, sebagai wakil dari semua para nabi
dan kaulah itu Muhammad

11. ya Muhammad kau kudekatkan

turunlah kau ke dunia
yakni ke bumi Mekah
ada umatKu juga
yakni Nabi Isa yang sudah kuberitahu
berada di bumi Mekah
temuilah dia
karena Nabi Isa sudah kupesan
temuilah dia olehmu
bertahta sebagai raja di Mekah

12. Rasulullah bersembah pada Yang Widi
bahwa manusia itu lahir dari jalan yang hina
bercampurlah tiga unsur
sabda dari Yang Agung
ya Muhammad kau ini
mengapa kau tak segera turun ke dunia
sebab kenyataannya engkau tahu
bahwa di dunia sudah turun seorang raja
yang berada di bumi Mekah

13. demikian sabda Yang kepada kekasihnya
tanpa sebab engkau Muhammad
bagaimana akan nantinya
hai Muhammad
seharusnya kau segera bangkit
sebab kaulah tempat kasih
dari Nabi Isa tersebut
jangan kau seperti orang perempuan
lagi pula Muhammad, ilmu lisan ini
jangan kau gunakan untuk berbuat keliru

14. tidurlah kau manakala mengantuk
dan makanlah kau Muhammad
apabila kau lapar
dan setelah itu
apabila kau rindu segeralah kawin
ya Muhammad

kau tentu akan selamat
Rasulullah bersembah kepada Yang (Tuhan)
semua sabda Tuan ini
hamba tak akan menyangkal

15. dan Muhammad akan menjalankan
tak akan menyangkal apa yang Tuan perintahkan
Yang Sukma berkata kemudian
ya Muhammad yang menurutiku
kepadamulah kiranya
kasih dan sayangku
dan juga kepercayaan kuberikan padamu
sangat besar kasihku padamu
ya Muhammad aku tidak membatasi
akan buruk dan baiknya

16. tujuh bumi dan tujuh lapisan langit
sesukamu perintahlah
jagad dan semua isinya
terserahlah padamu
yang buruk maupun yang baik
aku tidak memerintahkan
karena dengan adamu
tak usah aku mengetahui umatku lagi
ada padamulah seluruh isi jagat ini
terserahkan pada dirimu

17. begitu pun dengan lok alam dan ayat kursi
ya Muhammad bila kau rusak
aku akan mengerjakan dua kali
kau kuberikan keluhuran
ya Muhammad kau ini
apabila kau merendahkan
akan diriku
aku selalu bersikap baik padamu
mengapa kau memburukkan Aku
padahal aku yang menjadikanmu

18. ketika kau Muhammad masih satu titik
kau kuasuh beberapa lamanya
kemudian berupa bayangan manusia bercahaya
akan rupamu itu seperti diriku
ketika itu putih
akan warnamu yang Muhammad
lalu kau kusambut
kuberi kasih kuberi nyawa
kau kuberi hidup dengan cara bersamadi
kaulah yang membunuhnya

19. kata Rasulullah perlahan
ya Allah yang Tuhanku
hamba tak akan membiarkan (perintahmu)
hamba juga tak akan lupa
karena telah dijadikan olehMu (Yang Widi)
keadaan hamba terserah pada Tuan
hamba tak membantah
meskipun tuan lebur
jagad ini jadikanlah olehMu
dengan isi pohon-pohon dan tanaman

20. masakan hamba akan lupa memuja
kepada Tuanlah puja dan puji hamba
kayu-kayu lebar daunnya
diam dan hening puji itu
dengan salam khidmat tak bicara
begitu pun akan segala tanam-tanaman
juga tumbuhan yang merambat
melambai batangnya
semua memuja dan menyembah
kepada Tuan, semua yang hidup ini
berpuja-puji serta menyembah

21. semoga Tuan ketahui
itulah artinya, apa pula umat manusia
yang tak diterima puja-pujinya

maka sabda Yang Agung
ya Muhammad yang kukasihi
tidak ada yang lain kiranya
dan hanya engkaulah adanya
semua umat dan makhluk di dunia
kuserahkan padamu sebagai umat yang kukasihi
kaulah permulaan dari adanya

22. ya Muhammad, akan diriku ini
tidak akan bertemu dengan umatku
semuanya serba tabir dan terhalang
aku akan bersembunyi di baliknya
di dalam tahta yang agung
yang sudah jelas olehmu
umatmu itu
tak ada memperhatikan syiarmu
kalau ada raja kerajaannya kekeringan
sebaiknya tak usah lagi mengatur rakyat

23. jangan kau berikan miliknya
turunkan ia dari tahtanya
cabutlah dari singgasananya
usirlah dan rusaklah
dengan demikian ia akan ingat Yang Widi
dan juga apabila ada yang bersaksi buruk
aku restui itu
manakala ada orang menyembah dewa
tanyailah orang tersebut jasmaninya
dengan sahadat dan salawat.

———

SERAT YUSUF

ALIH AKSARA:
TITIEK PUDJIASTUTI

PUPUH I. ASMARANDANA

1. Ngyateki milya hangawi
carita Yusup ginita
marmaning ginurit mangko
carita sinungan tembang
tembang asmarandana
kasmaran isun angrungu
tutur Nabi Yusup ika.

2. Takabeteng tuna sarik
luputen ing sardhya ila
duluren ing Yang ta mangko
teguhaken neng ngagama
singgahen neng dursila
tuduhen nang marga ayu
luputa i sarwa cipta.

3. Singgi nabining Yang Widi
kaliwat siing Yang Sukma
ing Bagendha Yusup mangke
andikanira Yang Sukma
mangke ing dalem Kuran
Mukammad rengenen iku
caritaning Yusup ika.

4. Luwi abecik sireki
saking carita lyan ika
kocap ing jro sastra mangke
ana wong kapir ing Meka
angucap ya Mukammad
sun anggawa tulis iku
ujaran dhe andhe ika.

5. Ya ta rawu Jabarail
dhateng ing Nabi Mustapa

bakta surat Yusup mangko
maring nabi rasul ika
neher sira angucap
punika ta surat Yusup
nugrahanira Yang Sukma.

6. Pandhita satenga mali
natkalaning rasul ika
angaos Kuran ta mangko
akatha sabat miarsa
ya ta kapir ing Meka
amet upaya ta sampun
angundang mangke sanema.

7. Saking desa Ajam iki
den kon amaca saloka
areping brahala mangko
supaya ya na ngrungua
ing rasul ngaos Kuran
ya ta Jabarail rawu
dhateng ing Nabi Mukammad.

8. Ratu raja brahala prapta
surat Yusup den wacaa
ujari pandhita mangko
natkala Nabi Mukammad
amangku waya ira
ingkang nama Husen iku
kalintang sih asihira.

9. Ya ta tumedhun Jabrail
dhateng ing rasul punika
neher mojar sira mangko
dhateng ing Nabi Mustapa
salamira Yang Sukma
dhateng ing tuwan punika
tuwan na si putu tuwan.

10. Sampun la pangeran singgi
anitaaken ta raja
kang ngamatenana mangko
ing waya tuwan punika
den sumbele patinya
kaya mbunu mindha iku
tingkahe ing putu tuwan.

11. Ya ta sapa myarsa neki
karunaha sru ta sira
Patima karuna mangko
kaliwat priyatinira
ya ta Jabrail prapta
marek maring nabi rasul
mawa surat Yusup ika.

12. Tan kocapa laraneki
nabi rasul ing potrakan
muwa putranira mangko
tan koningan denira
laranireng ngatmaja
wonten gantiyaning wuwus
Bagendha Yusup kocapa.

13. Ingkang putra Yakub iki
kang nama Yusup punika
Bagendha Yakub ta mangko
kang putra Bagendha Ishak
kuneng Bagendha Ishak
kang putra Ibrahim iku
ingangken mitra dening Yang.

14. Sampuning mangkana mali
Bagendha Yusup asanak
jalu lan istri ta mangko
tunggil saibu sarama
Abuyamin kang nama

Jani kang istri ranipun
ingkang tunggil sebu rama.

15. Lan anak tiga alit
katilar ing ibunira
kaprena ari ta mangko
sira Buyamin ing nama
titiga sanakira
ingkang wus tanpa ibu
titiga sanak sarama.

16. Kabiran lan Sirarail
kaprena sanak denira
Bagendha Sueb ta mangko
kaprena sanak denira
bibining Yusup ika
sanaking Bagendha Yusup
Bagindha Sueb punika.

17. Sanak Nabi Yusup iki
sapulu tunggal sarama
kaprena sepu ta mangko
kang pambayuna maneka
Yahuda Sirobil ika
Samaun sira laweku
ruya yalun sendhineka.

18. Mali sumendhi sireki
sira asjar sira badan
sira nalika ta mangko
sira jadun sira arsa
nanging ngora na memba
ing warnane Nabi Yusup
ika nanging pekik dhawak.

19. Kalintang sira apekik
Bagendha Yusup ing rupa
tan ana atumandhing mangko

sajagat i warnanira
tanduk patitisira
niruting sariranya lus
lir widadari ing syarga.

20. Pamulu lir mas sinangling
muwalekering wadana
sumanu lir wulan mangko
purnama kartika padhang
wadya yaya mutyara
yen mesem lir penda juru
madu sampun pinasthika.

21. Liring ing netra amanis
wadananira pinangka
tatambaning ngagring mangke
tumingala yakti waras
pan sira tan samanya
kakasihing Yang puniku
sakti tur bakti pangeran.

22. Kaliwat sihing Yang Widi
ing Bagendha Yusup ika
muwa rama rena mangko
kalintang asi ing sira
tan kena yen pisaa
sanalika tan lyan ketung
sihira ing putranira.

23. Ri sampuning lami lami
bagendha Yusup awaya
rohelas tahun ta mangko
dadya aguling ta sira
sinangulu ing rama
angimpi Bagendha Yusup
aningali mangke sira.

24. Angimpi sira ningali

srangenge kalawan wulan
lintang sawelas kathahe
samiya sujud i sira
dina malem jamangat
tatkalaning ngimpi iku
Yusup murub tiningalan.

25. Awungua pajar iki
bapa amba anyupena
wulan lan srangenge mangke
kalawan lintang sawelas
Nabi Yakub ngandika
menenga kakyanak isun
aja umung impenira.

26. Sampun ing pinajar mangkin
Bagendha Yakub ta sira
karuna alara mangke
awlas dhateng putranira
Nabi Yakub ngandika
paeuwan kakyanak isun
dera pajar sanakira.

27. Pan wru Nabi Yakub iki
wikana yen putranira
sami wru ing wahanane
impening Yusup unika
Bagendha Yakub ika
marma ing Bagendha Yusup
wedi dinengke ning sanak.

28. Ataken Yusup ariri
tegese impen ing rama
rama pajaren ta mangke
wahanane impen amba
Nabi Yakub ngandika
kaliwat kakyanak isun
becike syapenanira.

29. Pinajar Yusup sireki
tegese syapenanira
dening ramanira mangke
dadi ratung tembe sira
kabe pra sanakira
kawisesa deng sangulun
kabe para sanakira.

30. Lintang kang sawelas iki
wahanane sanakira
wulan lan srangenge mangko
wahanane yayaira
wulansira bu nira
sanak ta sawelas iku
sami asujud ing sira.

31. Ngandika kang rama aris
sampun ta wru sira tuwan
panggunggung si ing Yang Manon
sukuraken adenira
pramulening pan
estu supena nire
mapan nabi rek

32. Tatkalaning [illegible]
apajar impen ing [illegible]
tan ana ingkang [illegible]
nanging prameswarinira
Bagendha Yakub wikan
kawalon Bagendha Yusup
wikan pan angintip sira.

33. Apajar ring putraneki
kang nama Samaun nika
Samaun apajar mangko
ing sanakira sadaya
sami mangkya ngandika
ing wisma sanak panggulu

ingkang nama Robil ika.

34. Ginunem Yusup sireki
dening kang para pra sanak
sami ta karsane mangko
ayun amakeweana
sami mangkat ta sira
mara ing Bagendha Yusup
samya taken ing syapena.

35. Atut sira yayi nguni
atutur impening rama
yayi pajaren ta mangko
punapa ta impenira
Nabi Yusup kemengan
ing mana yang ing kaetung
pamekase ramanira.

36. Yen angucap ing ati
Bagendha Yusup kemengan
apajar impening mangko
dadya nirarken wewekas
yen tan na wewretaha-
ken anglinyok mangko isun
isun tan arsa linyoka.

37. Ya ta sami mojar iki
kabe para sanakira
arsa matenana mangko
ing Nabi Yusup ta sira
anglalu awewreta
ing ngimpenira sami wru
kabe para sanakira.

38. Mangkin sangsaya adengki
kabe para sanakira
amet cidra sangkanane
Yusup adowalan rama

sami marek ta sira
mara ing rama ta sampun
arsa angajakeng sira.

39. Enengena sanak iki
sabda rasul kang kocapa
ing ngangsud angrusak mangko
lampa kang abecik ika
tan penda ban ing punang
anggesengi rebateku
mangkana mana niaya.

40. Ya ta saprasanak iki
sami marek sireng rama
sami ngamitaken mangko
ing Yusup kesa bebedag
sarwi angon amindha
mapan saprasanakipun
kabe wus sinungan mindha.

41. Sakathahe putraneki
sinung mindha sewu sowang
anging nabi Yusup mangko
sinungan nem ewu dhawak
mangke sayari sira
kabe saprasanakipun
arsa bakta abebedag.

42. Sapa miyarsa nireki
aturing putra sadaya
kang wadana wenes mangke
gumeter ing angganira
agathik wajanira
wikan ta bagendha Yakub
yen ing ngupaya kang putra.

43. Sasampuning marek sami
kabe para sanakira

hapti angapus samangko
angajaka abebedag
ing Yusup kang pra sanak
amiting putra sira wru
yen kang putra tan yuktiya.

44. Karana Yakub sireki
nabi sinung pangawasan
dening Yan tan katon mangko
Bagendha Yakub ngandika
ing putra samadaya
tan pawe yen anakisun
sira gawa abebedag.

45. Tan pawe isun manawi
dinemak ing asu alas
sinreng Nabi Yusup mangke
dening kang raka sadaya
amba kang angraksaha
mangke ing pun Nabi Yusub
aturing putra sadaya.

46. Sampun ing mangkana mali
Bagendha Yusub binakta
dening kang pra sanak mangke
semi kesa abebedag
me praptang sireng wana
Anututi Nabi Yakub
neher anguntab ing marga.

47. Tur sira sarya mengeti
Bagendha Yakub ing putra
cuwan tan karaksa mangko
poma pacuwan pepeka
kaliwat isun marma
mangke ing Bagendha Yusup
semang dinekening sanak.

48. Nengena putranireki
kocapa sabda Yang sukma
praptang Nabi Yakub mangko
kulehe sira tan asra
ora angandel sira
mangko ing pangraksan isun
kaliwat kasi iba sira.

49. Enget Nabi Yakub iki
yen luput tumulya tobat
angrasaking cipta mangko
ya luput ing sabdanira
ika karanya tobat
tan asra ing Yang sireku
pijer amengeti putra.

50. Kocapa Yusup sireki
ginanti sinunggi sira
dening kang raka sakabe
tatkala katon ing rama
sanak kang istri ika
angimpi Bagendha Yusup
tiba ing cakeming macan.

51. Dadi amiyarsa warti
Yusup binakta bebedag
dening kang pra sanak mangko
malajeng nututi sira
tinutaken ing rama
nangis wal sing Nabi Yusup
sanak kang istri punika.

52. Kang rama ngandika aris
i putra istri lingira
kule pun ta sira mangko
nini anangis alara
sumaur putranira
awlas ing pun Nabi Yusup

karanipun nangis amba.

53. E nini sampun anangis
sumaur sira kang putra
E bapa pira semangke
pan nangis amba punika
lewi semene bapa
pan nangis tuwan puniku
lepas tan kadulyang rama.

54. Tan kocapa putra istri
kocapa make denira
putra kang ambakta make
ing Yusup kesa bebedag
sarawu i reng wana
arsa mejahana iku
ing Yusup kang para sanak.

55. Yen sampun sira mateni
apti atobata sira
anedhaha ing yang manon
pangapura ning Yang Sukma
ing tingka kang mangkana
punika mangke Yang teku
saking panggere ing setan.

56. Henengakena rumihin
wong Bani srail kocapa
atapa ngabakti mangko
roelas taun lawasnya
mudya ngaji puasa
dadi kapengen puniku
wikaning ngibelis lanat.

57. Saking tita ing Yang Widi
dhateng pun ibelis lanat
anjenenging merab mangko
tumuli ta dera sapa

sapa sira mring amba
linge pun ibelis isun
apajaring umurira.

58. Awruanira puniki
yen umurira ta tuwan
kantun kaliatus mangke
tumuli muksa pun lanat
ya ta sang tapa ika
amicara ing jro kalbu
lagi ake umuring wang.

59. Anggur arerena kami
anuwukana sakarsa
akasukana ta mangko
yen parek mati atobat
lunga kang tapa ika
ya tâ lampa dhustha iku
anuwuki karsanira.

60. Ya ta mati anglampai
mahasiyat kang atapa
tan kahura tobat mangko
mangkana puara neka
ing wong lampa masiyat
ingkaraken tobatipun
punika puara sasar.

61. Ya ta sapra sanak sami
sampun lepas lampaira
saking prenaira mangke
Bagendha Yusup punika
sarawu inreng wana
tinedhunaken puniku
wau Yusup sing ngembanan.

62. Ri sampuning raha tebi
Yusup sinangsara sira

dening kang pra sanak mangke
ingirid irid ta sira
ingunusaken pedhang
dening Samaun malayu
angungsi sanak kang liyan.

63. Ika pan arsa mateni
sadaya angunus pedhang
kewrat tyasing Yusup mangko
dadi mesem sira mulat
ing sanak samadaya
sinapa Bagindha Yusup
dening sanak kang atuwa.

64. Kang nama Yahuda iki
anapa kulehe sira
mesem apan pati mangko
kang sira dhepaken iya
kulehe mesem sira
sumaur Bagendha Yusup
ing sanakira sadaya.

65. Karanisun mesem iki
ana semuning pangeran
ujaring Samaun mangko
paran semuning pangeran
mangke kang praptang sira
sumaur Bagendha Yusup
unyaba ngandeling tuwan.

66. Aningkaraken sawiji
wiji pangawasa tuwan
sapa niayaya mako
aniayaha ing amba
mangko ta sami sira
arep amateni ring sun
iku mula mesem amba.

67. Angrasa kawele mami
amba angandeling tuwan
tan angandeling Yang mangke
ya ta tiniban dening Yang
sisanak kang atuwa
dadya wlas ing Nabi Yusup
yena sun kukuhi sirą.

68. Sanak sami mojar iki
ing sanakira Yahuda
kulepun ta tuwan mangko
angowahi pangubayan
ing nguni ta mangkana
angandika sira Yahuda
ora pinangka duduwa.

69. Ing wong angowahi jangji
alaora yen duduwa
yen sira amaksa mangko
arep padha matenana
tanpa we isun iya
yen sira mateni Yusup
isun patenana denta.

70. Meneng sami salin jangji
kabe para sanakira
ayun angleboke mangke
ing talaganira sadad
kocapa sang atapa
ing jro talaga sira wus
sewu taun umurira.

71. Kaum nabi Yahud teki
kang atapa jro talaga
araning ngatapa mangko
Siraud mangkya ranira
wong alawas ing kuna
marmaning atapa ngrungu

tutur Nabi Yusup ika.

72. Sapolahe Yusup iki
lawan para sanakira
muwa rupa pekik mangko
ya ta nenedhang pangeran
wong atapa punika
ayun wru ing Nabi Yusup
sampun age mati amba.

73. Ya ta katarima iki
panedhaning sang atapa
dening Yang Sukma ta mangko
dadi amiyarsa syara
wong atapa punika
lungaya sira den gupu
mring talaganira sadad.

74. Ya ta lunga anglampai
punang kang atapa ika
mungging jro talaga mangke
sarwi akarya ibadat
punang atapa ika
kang pinangka buktinipun
wonten dalima sumadya.

75. Lawan damar kurung singgi
tan ana sumbu lan lenga
gumantung tanpa cacanthel
sinadya dening pangeran
ing wong atapa ika
samono kagunganipun
asi karana pangeran.

76. Kocapa Yusup sireki
tinibaken jro talaga
lineboken kedhungnya jro
lumumpat sarwi ta sira

sidhakep mekul jaja
mengga ta Bagendha Yusup
sarwi angungud ambekan.

77. Kapanggi sang atapa ing
jro talaganira sadad
mojar sang atapa mangke
E Yusup alawas amba
yoneng ing sira tuwan
alawas amba angantu
tan pinanggyaken lan tuwan.

78. Asangan amba ni Yang Widi
isun anging sira tuwan
sampun sala cipta mangko
ing polahe sanak tuwan
kang anglampahi ala
sampun tuwan wreta iku
ing polahe sanak tuwan.

79. Karana darmang lampahi
sapolahe sanak tuwan
pangeran sangkane mangke
dadi aneng jro talaga
karana dening donga
amba nedheng Yang Ageng sun
apanggiya lawan tuwan.

80. Sasampuning apapanggi
padhem kang atapa ika
mayid binecikkan mangko
pinendhem dening malekat
gumanti ginantenan
denira Bagendha Yusup
enggening atapa ika.

81. Tan kocapa Yusup iki
kocapa kang para sanak

sami angandika kabe
reanira awewreta
ing sira ramanira
yen sampun Bagendha Yusup
pinangan ing asu alas.

82. Sami ngambil cidra iki
karani tanpa i dawa
rasul kaning Yusup mangko
ing ngurapan ra ing mindha
pinangka cinanira
yen sampun Bagendha Yusup
pinanganing asu alas.

83. Ya ta sami mantuk aglis
tekeng prena waktu isa
nulya sami marek kabe
mangke dhateng ramanira
pra samya akaruna
matur yen Bagendha Yusup
pinangan ing asu alas.

84. Sami awewreta iki
analetek polahira
sami lelepasan mangko
kawula atotowokan
kantun pun Yusup dhawak
babak tan kabe den tunggu
ika mila ning dinemak.

85. Amyarsa ramanireki
i pawartane kang putra
sawengi karuna mangke
kapati pati alara
mindel sira saksana
raina ing waktu subu
anglilir si ramanira.

86. Sapanglilirira linggi
tumingaling putra nira
neher angandika alon
kaya tan estu ing wreta
anak isun pinangan
ing macan kesa buring sun
ing sira kakyanak ingwang.

87. Ya ta tiningalaken ku-
lambining Yusup punika
kang apulang marus mangko
neher sapa ningalira
ing rasul kan pulang ra
karuna sira aseru
sampun mindel tiningalan.

88. Mesem Nabi Yakub iki
ningalira sukan ika
wutu nora sebit mangko
sami matur putranira
punapa pola tuwan
uni karuna aseru
mangke gumujeng lir brangta.

89. Kang rama ngandika aris
inguni karana ningwang
andeleng kulambi mangko
meles geti kayas tuwa
anak isun pinangan
ing macan dadi gumuyu
tumoning kulambi ika.

90. Wutu ora na kang sebit
nyana nisun kabe sira
linyok kaponing wong mangko
pinangan ing asu alas
nora na kang sirnaha
muwasa panganggonipun

kabe mangsa na sirnaha.

91. Mangkana ing wong marek ing
pangeran mangko katara
kang katha masiyatnya wong
tandhane katha dosanya
kang tan anandhang dosa
abener agamanipun
dukaning cipta tan ana.

92. Mangkana mukmin lumili
awake apulang dosa
kaya pola ing wong tumon
ing kulambi apulang ra
priyatine kaliwat
yen den dulu kalbunipun
abener tokide ika.

93. Ilang priyatin ing ati
dene angandel si ing Yang
pangapuranira mangko
kawula bener tokidnya
ya ta mangko susirna
ilang priyatine sampun
dening angandel si ing Yang.

94. Putra sami matur mali
sadaya ing ramanira
singgi amba sikep mangke
kang asu alas punika
kang rama angandika
la becik sikepen denmu
den ken aturena ing wang.

95. Mapan putranira sami
tan uning yen macan ika
bisa ararasan mangko
lan Bagendha Yakub ika

mapan lamon wikana
mangsa karsaha angatur-
aken dhateng ramanira.

96. Mangkana mali ing benjing
ing ari kiamat ika
ingkang anglakoni mako
masiyat elinging tika
tinakonan sira ngas-
tan angaku lakunipun
lamon agawe masiyat.

97. Ya ta tangane mangkyang li
angaku yen mahasiyat
sukune ngestoken mangko
lamon iya mahasiyat
mangsa anggaotanya
kabe pra samya angaku
kawele denya wak dhawak.

98. Samya mangkat putraneki
abuburu asu alas
dadi ta amanggi mangke
asu alas ika tuwa
untunipun tan ana
sinikep tinalen sampun
ingaturaken ing rama.

99. Nabi Yakub ngandika ris
ing asu alas punika
kulehe ta sira mangko
amangan rayalit ika
nora na welasira
amangan ing anak isun
kaliwat sialanira.

100. Ya ta tiba ing Yang Widi
punang asu alas ika

bisa ararasan mangko
anauri pangandika
aturing asu alas
ta ayen mangan atengsun
mangke dhateng putra tuwan.

101. Sakeing daginging nabi
kabe haram aning amba
mungga mba antuk mangke
dukaning Yang abuktiya
ing Nabi Yusup tuwan
ta ayen mangan atengsun
kadya ture putra tuwan.

102. Putra sami miyarseki
aturi asya las mangko
sika sami tumungkul ta
mangke miyarsa aturing
macan Nabi Yakub ngan-
dika ing macan yen sira weru
kulehe nora awara.

103. Asya las sumaur aris
wedi amba wewretaha
manawi ingaran mangko
angadu adu punika
denira putra tuwan
punika kawedi nisun
ing angadu adu ika.

104. Ing kina ta miyarseki
wreta sakinge yang tuwan
sabda Nabi Brahim mangke
wong linyok agung pataka
nepun agawok sira
Bagendha Yakub angrungu
caritaning macan ika.

105. Dinukan dening Yang Widi
tan pinanjingaken syarga
ing angadu adu mangko
punika kawedi amba
Nabi Yakub ngandika
ing macan asemu guyu
ing ngendi pinangkanira.

106. Asya las sumaur aris
amba puniki mradesa
saking bumi Mesir mangke
angulari anak amba
nengge kasikep ika
dening wong kang abuburu
macan awreta ing amba.

107. Ujare awreta singgi
nengge reke anak amba
ayun den bunu amangke
ya ta sapangrenge amba
wretaning macan ika
priyatin tan keneng turu
pituelas dina amba.

108. Tan anginum tan abukti
pituelas dina amba
liwat damanisun mangko
lara oneng anak amba
Bagendha Yakub sira
karuna sangsaya ketung
kangen dhateng putranira.

109. Den angucapa ing ati
lagi asu alas ika
samono i larane mangko
apisa lan anakira
Nabi Yakub ngandika
sapira lagi ta isun

apisa lan anak ingwang.

110. Ya ta angandika aris
Bagendha Yakub ing macan
ana ta sira wru mangko
maring anak isun ika
aturing macan ana
amba tumingal pukulun
uni dhateng putra tuwan.

111. Nabi Yakub ngandika ris
kulehe nora awara
aturi macan mangkya lon
awedi amba wewreta
manawi ingaranan
angadu adu puniku
mangke dening putra tuwan.

112. Karana pitena iki
keneng dukaning Yang Sukma
nabi angandika alon
sun panedhakaken sira
karanira panggiya
lawan anakira iku
mungga gelis tinemua.

113. Asya las sumaur aris
yen tuwan nenedha ing Yang
amba anenedha mangke
i Yang sangkanya panggiya
tuwan lan putra tuwan
sami anenedha sampun
ing Yang Nabi Yakub ika.

114. Kuneng Nabi Yakub singgi
mantu dhateng dalemira
macan punika mit mangke
Bagendha Yakub ta sira

anenedhang pangeran
raksanen pun Nabi Yusup
asungana rakmat den i Yang.

PUPUH II. PURMA

1. Ana carita sato manjing ing syarga
lilima kathaneki
siji asu alas
kang bisa ararasan
lan Bagendha Yakub singgi
kapindho ota
nira Bagendha Sali.

2. Kaping tiga sona kang atapa turya
sihibul kaping mali
kang adrebe sona
kaping pat blagadaba
nira ji ping limaneki
lan ingkang kuda
Bagendha rasul iki.

PUPUH III. ASMARANDANA

1. Nabi kawarnaa mali
kocapa mangke denira
Bagendha Yusup ta mangko
tigang dina lawasira
ya ta wonten adagang
sira Malik aranipun
make anakipun dahar.

2. Abangsa wong Arab singgi
nger nagareng Mesir sira
duk lagya lit sira mangko
srangenge kempi denira
manjing ing tanganira
den wetoken mangke sampun

srangenge sing tanganira.

3. Den jenengake ngarsanira lan mali mega pethak
tiba sumamburat mangko
ya ta dadya muteara
den pun pilihi muwa
den simpeni pethinipun
sapatangine angucap.

4. Rasane impen inguni
kaya ing bumi Kanahan
enggoning srangenge mangko
tumuru kayang Kanahan
ya ta maring pandhita
ataken wahananipun
impene uni punika.

5. Apajar sawirasaning
impene dhateng pandhita
mojar sang pandhita mangko
nora sunarsa ing ngarta
tegese impenira
angita ing sitan isun
abecik syapenanira.

6. Sinungan dinar kakali
punang sang pandhita ika
ya ta winartaken mangko
wahanane impenira
anemu tembe sira
rare pekik warnanepun
akatha ngaku kawula.

7. Kalawan ta suka sugi
dening rare iku sira
tumangki lir ira mangko
tan pegat sira ing ngucap

tekeng ari kiamat
dening barkate rareku
luput ing api naraka.

8. Lan manjing syarga sireki
dening rare iku sira
kasugiyanira mangko
tekeng anak putunira
tekang ari kiamat
dening barkate rareku
lungaha angula tana.

9. Sarwi adaganga kaki
den agelis sulatana
sing desa sasaken mangko
ruruhen aja kaliwat
mangka nguni mangkana
ana ing tegal alas gung
den agemet tula tana.

10. Sigra mangkat tan asari
kang aran Malik punika
aken dhateng titiyange
kinen ngemota dagangan
winot mangke ing onta
sakehing dagangan sampun
adan mintar mangke sira.

11. Anuju ing bumi miskin
rawu ing bumi Kanahan
mulat lor lan kidul kulon
wetan saksana tumenga
anedha kapanggia ni-
pun ryalit puniku
dadya ana syara ngucap.

12. Ujari syara mengeti
ing wong adagang punika

rareku norana mangko
seket taun tembe medal
sasaking ramanira
sapa miasane mantuk
Malik dhateng wesmanira.

13. Henengakena sireki
polaira sang adagang
angrasa tan padon mangko
denira ngulati sira
ya ta saya sru sira
denira ngulati iku
sampunira renge syara.

14. Yanten wakyu ning Yang Widi
dhateng Nabi Daud ika
sisapa ngulati mangko
maksa ngulati maring wang
yakti isun kapendhak
lamon maliyan tinemu
sun wehi waspada ring wang.

15. Aja ta malaur iki
kang lyan saking isun ika
yakti sun wehi waspaos
asihi kawula iya
sasamining kawula
samono den temu iku
asihe karana dunya.

16. Ya ta ing taun ping kali
rawu mali kang adagang
anakira dahar mangke
kang aran Malik punika
maring bumi Kanahan
kuneng ta sarawuipun
ing alas bumi Kanahan.

17. Sowara ing rencang neki
lamun sira anemua
ing rayalit ika mangko
kang sun ulati punika
sun pradikaken sira
saparo kakya artanisun
sun sungaken maring sira.

18. Ya ta mintar tan asari
kawulaning sang adagang
ing Bagendha Yusup mangko
sira anang jro talaga
ya ta punang adagang
sami aningali manuk
samya angideri talaga.

19. Sami anglayang wontening
ing saluhuring talaga
lir mungga kaji idhepe
kaya angideri kaba
tingkahing paksi ika
pan tansa jatining manuk
malekat ikang angraksa.

20. Atunggu dhatenging nabi
Yusup mulening pangeran
nyananing adagang kabe
den sidep si manuk wakca
tan wru yen malaekat
mojar pun malik tan asru
ing rencang anilikana.

21. Sigra mangkat tan asari
kang aran pun Basir ika
aniliki Sumur mangko
ganda Nabi Yusup kongas
ameleg sing talaga
gandane marebuk arum

amelek ing grananira.

22. Mangkana wong arep muli
marek ing sira Yang Sukma
tan kena panggiya mangko
lamon durung ilang sinya-
ing dunya ing akerat
ing jrone atine iku
mangsa kawasa panggiya.

23. Ya ta timbanepun Basir
dipun leboken ing toya
Jabarail prapta mangko
mari Nabi Yusup mojar
anjenenga ya kawula
mojar kang adagang iku
amba katelasan draham.

24. Wonten si draham puniki
bagedak tur tatampikan
ngandika kang raka kabe
la iya yen tatampikan
endi si drahamira
dipun aturaken sampun
draham woluelas ika.

25. Salaminira puniki
kagugu mangke denira
yen reganira ing mangko
wolu elas draham ika
tur bari tatampikan
punika pinanggihipun
amuji ing awak dhawak.

26. Draham sampun dinum iki
dening para sanakira
nangi ingkang sepu mangko
ika tan arsa dungduman

ingkang nama Yahuda
marma ing Bagendha Yusup
dinol dening kang pra sanak.

27. Tan aningali sajati
ing warna kang para sanak
anging rama ibu mangko
tumingal jatining warna
warnanira kaliwat
ta sihing Bagendha Yusup
kali rama ibunira.

28. Yen sungana aningali
denira Yang Maha Mulya
sanakira kabe mangko
yakti mangsa kawasaha
adrebe ya pangucap
yakti agawok andulu
yen wikaning warnanira.

29. Sang adagang kocap mali
asung surata panebas
muwa para sanak mangko
asung surat ing adagang
Nabi Yusup binakta
dening adagang ing nguwu
huwu dening kang pra sanak.

30. Aken ing adagang iki
balenana ya pacuwan
rareku ake celane
paminggatan linyokan
pama iku pacuwan
manawa iku malayu
pacuwan kurang prayatna.

31. Miwa mangkana sireki
Yusup tan wrigati sira

suka anduluha mangko
ukuming Yang prapteng sira
Nabi Yusup ngandika
aja age lunga laging sun
aningali gustining wang.

32. Manawi tan mulat maning
maring gusti nisun ika
linge sang adagang mangko
asia gugusti sira
gusti nira ta ora
asihing sira puniku
yaktine denedol sira.

33. La den aran aran singgi
duk sira den dol ing ring wang
Bagendha Yusup lingnya lon
waya eng lakoni ala
pan nujune pinangka
sihe pamulene ring sun
sedheng yen den ranana.

34. Atut dudu nisun uni
iya gusti nisun ika
sanak akaruna kabe
dening Yusup angandika
sapra sanak sadaya
awlas ing Yusup kaduhung
ing lampaira kang ala.

35. Yen ta tan ajriha sami
angrasa wiranging rama
ayun wangsul lena mangke
Bagendha Yusup ing rama
cipta ning kang pra sanak
kesa ta Bagendha Yusup
binakta dening adagang.

36. Sampun ta dipun lekasi
dening abesi wan pelag bagus
ing sapakene gustine
ya ta binalenggu sira
Bagendha Yusup ika
den wor lan titiyangipun
lan sakatha ing dagangan.

37. Wonten kang winuwus mali
Sek Amkim warta andika
yen sira na mangko
anukmaken sawe mulya
winor ring tanpa mulya
kadi mutyara gengipun
sinukmaken ing gigiwang.

38. Kasturi satya sutreki
sinukmaken kremi ika
madu tawon gone mangko
masala kawatu ika
aman pinrening dhadha
mangkana ta Nabi Yusup
winor lan daganganira.

39. Mangkana kang wisayeki
angambili tanpa mulya
denya yun angambil mangko
kang mulyaning jro kutang
mulya mangkana mali
kirtya saking wisaya puniku
ogya wistara ing kirtya.

40. Muwa ta sira Yang Widi
angamuleni ing iman
tan angamuleni mangko
ing nala reke Yang Sukma
mangkana mali sira
yang mule Bagendha Yusup

tan mule sirang dagangan.

41. Sigra mantuk tan asari
kang aran Malik punika
ayu dhateng Mesir mangko
tenga wenging wayaira
bener ri pagulingan
kang ibu Bagendha Yusup
anjog saking tutunggangan.

42. Rawu Nabi Yusup aglis
ing ngastanane bunira
karuna sasambat alon
ibu kaula apasa
kalawan rama eyang
sapungkur tuwan puniku
pan keneng balah i amba.

43. Ibu tingalana singgi
nistha ing naning sarira
ibu kang asiya mangko
ing satingka amba muko
ika dadi angrenge syara
ning ibu saking jro kubur
anauri Yusup ika.

44. Trange netra isun sigi
wohe atinisun sira
Bagendha Yusup ta mangko
sampun ing amyarsa syara
nira sire bunira
kasirep Bagendha Yusup
satingale besi nora.

45. Den aturaken ing gusti
ne kang aran Malik ika
rare punika ta mangko
sampun malayu ta sira

sun ulati tan ana
mandheg sira Malik sampun
kinen sira ngulatana.

46. Aja ge sira lumaris
mandhega sakabe sira
ake ning titiyang mangke
ing besi kang aran pelag
anututan neng marga
neher ta Bagendha Yusup
katon dening besi ika.

47. Singgi ta dipun lekasi
nulya aglis pinaranan
dening besi pelag mangko
den kekengser tur den tepak
sarwi den uman uman
uni warahe gustimu
sira linyok paminggatan.

48. Warahe gusti muhuni
tan sun idhep mangko sira
atut paminggatan mangko
palinyokan nyata sira
tagane paminggatan
sumaur Bagendha Yusup
ora isun kaki minggat.

49. Muga mba nemua kaki
dukan ing Yang yen minggata
isun lunga mara mangko
ing jarate ibu amba
ya ta dipun sangkala
mangke ki Bagendha Yusup
den unggahaken ing onta.

PUPUH IV. PANGKUR

1. Tan kocapa sang adagang
kocapa ta mangke dera sang kawi
munajat Bagendha Yusup
anenedhang pangeran
ya tuwan kalamon ana dudu nisun
tuwan kang angapuraha
kang wru ing jroné tyas mami.

2. Kedhep sapanedha nira
dadi yante utusaning Yang Widi
Jabarail aranipun
angucap mangke sira
paran karep ta aneng bumi sang ulun
Bagendha Yusup ngandika
pangeran uga kang lewi.

3. Kawru ing kawula nira
anging sira kang lewi bener iki
Jabarail mangke muwus
ran pun angucap mangke
muwus sampun sira sak tuwan sakarsa
tuwan kedhep dening Yang Agung
Jabrail amukul bumi
ya ta atemahan api.

4. Udan angin kukus prapta
peteng awor udan watu karikil
aya ta rasan tigan ning
paksi geng ingkang udan
nyana ning adagang kadya manggi kewu
pangulu adagang mojar
ingkang aran sira Malik.

5. He batur sapa anandhang
dosa atobat ta samantaraning
durung pada manggi kewu
x) kirang leres

ya ta sami atobat
angucap punang besi ing gustinipun
manira anandhang dosa
angucap ta sira Malik.

6. Apa kaki dosanira
sauring abesi manira uni
amala rare puniku
ya ta kinen denira
Malik amalampaha sapangatipun
abesi mangkya malampa
ing Yusup mangkya tur aris.

7. Tumulya sira nenedha
ing pangeran ilang aning balahi
kedhep sapanedhanipun
ya ta ing mangke sira
srangenge medal apadhang mangke sampun
pun Malik mangkya angucap
arek ing Yang sira kaki.

8. Mantenan sira nenedha
gyis sinungan denira sang Yang Widi
Bagendha Yusup amuwus
sarwi mesem ta sira
atut isun kaya ujarira iku
pun Malik sira angucap
isa daya rencang neki.

9. Aken mangke uculana
balenggunira Nabi Yusup iki
sinung anggen anggen sampun
dodot kalambi sarya
pelag pelag den kon lumampa ing ngayun
sami angiring sadaya
Malik lumampa ing wuri.

10. Tan kawarnaha ing marga

prapteng desa ing tesa araneki
punang wong desa puniku
sami agawok mulat
ing rupa pekik lan ijo ning pamulu
muwa tingka pari pola
ira kagawokan sami.

11. Jenger sakeing tumingal
ing warnanira Nabi Yusup sami
ya ta wong desa puniku
sami taken pinangka
nira saking ngendi ta rare puniku
sakabe padha tatanya
wong jro desa sami kapir.

12. Wonten sabda rasul ika
tan kocapa sing wrua rupa pekik
dadi pangabaktinipun
ing sira sang yang Sukma
mangkana mali sing wru ing wali iku
pandhita sarasya baktya
ing Yang satus taun mali.

13. Sarawu ira Bagendha
Yusup sami amawa iman singgi
keneng kasakten sira wus
brahalane den tilar
dipun gitik gitik brahalane sampun
dadi Islam wong Jro desa
sami mawa iman singgi.

14. Sigra miyang saking tesan
prapteng desa Kudus mandheg ta sami
wonten mangke ratunipun
angimpi ana syara
ana wong prapta ing desanira iku
prapta sami enjang enjang
ing desanira saiki.

15. Upa subanen denira
sapakene idhepen denireki
poma jo pepeka iku
yen prapta suguhana
ya ta atangi mangke ratu puniku
akarsa anglampahena
sapakene impen uni.

16. Biksekaning Ratu Jiyad
dadi ing enjang enjang Yusup prapti
dhateng ing desa puniku
kawreta ing sang nata
ya ta kirim nawala patra sang prabu
mara ing punang adagang
ingkang aran sira Malik.

17. Kecapi utusan prapta
andikanira sang nata puniki
tuwan antuk rare iku
kang pekik warnanira
tuwan bakta amarek ing sang ngaulun
sang nata ayun wikana
ing rare kang liwat pekik.

18. Ya ta sira Malik Adan
marek ing sang nata tan kawarneki
sang prabu kocapa iku
akening para garwa
anak dhara wong salaksa kali ewu
sami paes ngangge angge
angrasuk makutha rawit.

19. Wong parawan wong wuwujang
salaksa kali sami beci beci
agegelang akakalung
buka sri ngangge jamang
ahemeraken dhit asosotya murub
nila widure mutyara

manten Kuswaragahasri.

20. Bagendha Yusup kocapa
asiram labete pinala uni
denipunang besi iku
asiram ing bangawan
awuwuda sakathaing ulam rawu
amarani cayanira
Bagindha Yusup puniki.

21. Wonten ta ulam satunggal
kalintang lintang mangke agengneki
malang angalingi iku
ing Nabi Yusup ika
sangkane ya ana ulam wawane wru
ing cayane Yusup ika
kalintang asi sireki.

22. Ya ta sira sang Yang Sukma
asung nugrahaning ulam puniki
antuk anak roro iku
kang satunggal punika
kang anguntal mangke ing Bagendha Umus
pitung dina anang garba
ning ulam mangke puniki.

23. Sakathaing ulam samya
marek ing sang ulam ageng puniki
anake satunggalipun
kang anguntal kalpika
nira Nabi Soleman nengge puniku
sampun nira mangkya sira
Bagendha Yusup puniki.

24. Utusan nira sang nata
angaturi wastra kang adi adi
ora susa paes sampun
sira sang Yang Wisesa

asung papaesira ing Nabi Yusup
sampun ing sesrebeng dhastar
mungga ing ngota sira gyis.

25. Rumap dhateng ing pura
marek ing sang nata Jiyad tumuli
sira Malik marek sampun
kawarnaha ingrika
sang nata aken ing kulawarganipun
tekaning santana nira
kinen angatur aturi.

26. Amapag ing lawang kitha
sira Malik sampun rawu ing puri
saking tita ing Yang Agung
mega ngawengi surya
sang nata ngandika ing adagang asru
endi ta rupane ika
rare kang apekik iki.

27. Aturing Malik punika
luhur onta jroning kulambu singgi
sang nata sira amuwus
aken angungkabana
kebek cayaning Yusup desa punika
ing susungkuning nagara
kasenenan caya sami.

28. Sakathaing kang tumingal
ing warnanira Nabi Yusup sami
dadi parawan puniku
sami ajenger mulat
sami wirang tumungkul sira andulu
ujare ingkang tumingal
durung sun mulat kayeki.

29. Bagendha Yusup ta sira
anjang enjang prapta jro desa linggi

kalawan sira sang prabu
muwa satingalira
sang nata gawok dhateng Bagendha Yusup
pekik rupane kaliwat
muwa caya anelehi.

30. La sakeing wadyanira
sami gawok cengeng kan aningali
sang prabu sira amuwus
ataken ing adagang
endi pangulu kang dera iringiku
matur mangke kang adagang
atudu ing sira Malik.

31. kang gek sang nata miyarsa
kagawokan nyananira narpati
Bagendha Yusup angulu
sami ing upasuba
kaliwat pangupasubae sang prabu
pun Malik mangkya angucap
ing sarencangira sami.

32. Ing salawas isun liwat
ora kaya mangko ing dèsa iki
pindho sataun ta isun
kampir ing desa nora
nana napa ora na takon ing isun
sajeg isun noli boca
sang nata liwat marma si

33. Henengena sang adagang
kocapa ta mangko dera sang kawi
Bagendha Yusup kawuwus
ing mulening pangeran
anurunaken malekat kali atus
sami ambakta sanjata
kinen rumaksa angiring.

34. Nabi rasul angandika
sakehing wong punika wonten ugi
rumaksa in awakipun
malaekat ing sira
saking pramulenira Yang sukma luhur
mangke ing kawulanira
ing wali kalawan mukmin.

35. Sami marek kang malekat
ing Bagendha Yusup sami ngideri
angraksa tangi lan turu
samya rupa manusa
satingalira Nabi Yusup muwus
ataken ing malaekat
sapa ta sira puniki.

36. Sumaur kang malaekat
amba kinen denira Sang Yang Widi
rumaksa ing tuwan iku
lan kinen angiringa
sampun ing mangkana sang prabu amuwus
iki kang katong dening syap-
ena nisun duk ing nguni.

37. Kang kinen ngupasubaha
sapakene idhepen iya iki
tudu ing Bagendha Yusup
sarwi kinen linggiya
dene parek apajar impen sang prabu
uni anakening ring wang
idhepen wewekas neki.

38. Mangko ta sakarsanira
idhep isun Bagendha Yusup angling
wewekas isun sang prabu
aja nembah brahala
aja maro pangeran supaya luput

sira ing api naraka
lingira sang prabu aris.

39. Iya apa karep ira
Bagendha Yusup karep isun iki
konen ta brahala ningsun
asujuda ing sira
kesa sang prabu layan Bagendha Yusup
sarawu irang pratimas
brahala sujud tumuli.

40. Brahala ika sawusnya
sujud ing Bagendha Yusup anuli
aniba dhewek wus rempu
sang nata kapenetan
ya ta dadi Islam dadya amintuhu
Bagendha Yusup ta sira
kalangkung tinami tami.

41. Kalangkung sinubasuba
sira Malik sarencangira sami
sasajen rawu aselur
muwa kang pupundhutan
ake warnane tan kantun sekul susu
pan sami abukti sira
muwa Nabi Yusup singgi.

42. Samya rasa wane sira
datan telas sasajene binukti
saking barkat Nabi Yusup
ya ta sang prabu mulat
ing malekat ta ngiring Bagendha Yusup
samya ngideri ing sira
alinggi datan atebi.

43. Sang prabu mangke ngandika
kulehe tan dera ken sami bukti
ngandika Bagendha Yusup

sarwi mesem ta sira
manawi tuwa tan wru ing wong puniku
iku balaning pangeran
tan anginum tan abukti

44. Kang pinangka buktinira
puji maring sang Yang wisesa singgi
dhikir mangka inumipun
ataken Srinarendra
bala punapa ta arane puniku
Bagendha Yusup ngandika
kinen angraksaha singgi.

45. Sang prabu aris ngandika
bala punapa ta arane iki
Bagendha Yusup amuwus
arane malaekat
kinen rumaksaha dening Yang maring sun
sarya angiringa pisan
kinen denira Yang Widi.

46. Henengakena aksana
kang kocapa panggere ing Yang Widi
pratistha ciptaning ratu
aptyana rereana
sangkane Yusup anger rang desa Kudus
dening kasmaraning rupa
apekik kang wau prapti.

47. Sang prabu akening bala
karsanira kinen sami nyegati
wong salaksa kali ewu
samya nunggang turangga
nyegating adagang kinen deng sang prabu
karsa pinalayokaken
Bagendha Yusup puniki.

48. Sampun ing mangkana kenas

Nabi Yusup lan kang adagang sami
ya ta kapapag ing ngenu
bala srinara nata
anunggang turangga sampun ing kapethuk
lan Bagendha Yusup tiyang
agung cengeng aningali.

49. Mangkana mali wong syarga
tatkalanira ningali Yang Widi
kali atus taun iku ·
datan eling ing kendra
ladat ing syarga datan ana kang ketung
dening liwat oneng ing Yang
lan ladate aningali.

50. Anulya kantaka pisan
tigang dina lawase ora nglilir
dening gawoke andulu
kabe ing warnanira
Bagendha Yusup tan kawarna ing ngenu
prapti desa ari sama
mandheg ta sadaya sami.

51. Bagendha Yusup anyipta
ing sarira dhewek sajroning gali
sakehing jalma tumuwu
ora na kaya ingwang
sakehing apekik ora kaya isun
saksana lumampa prapta
ing jro desa aningali.

52. Kabe wong desa punika
warnanira samya apekik pekik
lir warnane Nabi Yusup
punang wong ing jro desa
tan ana ningali ing Bagendha Yusup
dadi amiyarsa syara
ning sukma Yusup puniki.

53. Unining syara angucap
nyananira ora kaya sireki
ponake kawula nisun
kang amadhaning sira
ing dunya iki kabe kawula nisun
dadya rupane wong desa
kaya Nabi Yusup iki.

PUPUH V. SINOM

1. Wonten secarita nira
Bagendha Musa puniki
duk sapocapan lan sukma
ing luhur prawata uni
anenedhang Yang Widi
ayuning ngalana iku
ing sira sang Yang Sukma
muwa cipta nireng ngati
duk i luhur wukir Tursina mangkana.

2. Ora na kawula ning Yang
kang kadya isun puniki
kaparek ing Sang Yang Manon
wani matur ing Yang Widi
ya ta Nabi Musa ka-
turunan syara puniku
E Musa nyananira
ora na kaya sireki
anoliya sira kanan keri nira.

3. Ya ta Nabi Musa sira
anoli mangke sira gyis
ing kiwa tengenira no
ana wong sewu puniki
kiwa tengene sami
anungga warnanipun
tekaning yang gon anggon

muwa tetekenireki
kados tetekenira Bagendha Musa.

4. Sami nenedhang pangeran
kaya panenedhaneki
ya ta Nabi Musa sira
amyarsa syara Yang Widi
E Musa cipta iki
ora na kawula nisun
kang kaya sira mangko
ponake kawula iki
kang amdhani sira pareking ing wang.

5. Ya ta Nabi Musa sira
tumurun mangke sira gyis
saking luhuring dipangga
sampun ing amyarsa singgi
Nabi Musa puniki
ya ta anulya asujud
ing ngarsaning Yang Manon
anedha maring Yang Widi
pangapuranira Yang Sukma wisesa.

6. Bagendha Musa atobat
saking ngujubireng nguni
ya ta amiyarsa syara
Bagendha Musa puniki
la angkaten sira gyis
saking lema sira ipun
wus sira tobat mangko
sun apura tobat neki
mangkana mali Bagendha Yusup ika.

PUPUH VI. PANGKUR

1. Sampuning mangkana kesa
saking desa aris sira anuli
tan kawarnaha ing ngenu

prapta ing Mesir sira
saksana aleren wonten desa sampun
dadi punang wong jro desa
angrungu syara ta sami.

2. Ujaring syara angucap
ing desa iki ana rare prapti
lintang pekik warnanipun
yen wong apapanggiya
ilang dukane yen wru rare puniku
dadya atemahan suka
angrungu wong desa sami.

3. Ing panyanane wong desa
sami andali syaraning memedi
ngucap mali syara iku
den aglis paranana
ing wesmane Malik ta rare puniku
sasampune myarsa syara
wong jro desa sami brangti.

4. Padha kasmaran ta sira
amiyarsa ana wong anom prapti
sami ngularia selur
ateken tinakenan
pundi wesmane kang aran Malik iku
sumaur kang tinakenan
isun puniki ngulati.

5. Manda yen sampun mulata
ing warta kewala prandene sami
wong desa sa Mesir ayun
henengena saksana
kang kocapa kang aparek ing Yang iku
wong ing Mesir sami brangta
lali ing pangeran neki.

6. Mangkana wong arip ika

liwat brangta kasmaraning yang Widi
amiyarsa warta iku
andika saking Kuran
muwa pangandikane Bagendha rasul
pira maning brangtaneka
ya wru i yang syarganeki.

7. Punang paksi asang srangan
agirang tumoning kang wau prapti
kang sarya kusuma nungsung
tanpa nedhenge mekar
kaya ge kagandaha deng Nabi Yusup
mapan gunungaken sira
dening Yang nagareng Mesir.

8. Sampuning mangkana prapta
ing griyanira ingkang aran Malik
enjing prapta sira sampun
sakehing wong nagara
ing Mesir sami manjing ing wesmanipun
supenu tanpa ligaran
kederan wesma pun Malik.

9. Ingkang tunggu lawang mojar
paran karya rantaban wau prapti
kang tinanya gyis sumaur
ayun isun wikana
ing rupane rare kang pekik puniku
anengge nang wesmanira
rare kang kasuhur pekik.

10. Kang atunggu pintu mojar
atut tan na rare pekik ing ngriki
yen sira arsa andulu
isun we nana dinar
ya ta asung sira dinar tan asantun
anulya manjing ing lawang
ngira ingkang aran Malik.

11. Henengakena saksana
kang kocapa kang wriyang pira lagi
yen kawasaha andulu
yan kawasaa mojar
yen elinga ing kadang ing warganipun
aningali ing manusa
samono denipun lali.

12. Sampun ing mangkana sira
enjing enjing ingesan dening Malik
sinung angen anggen sampur
Bagendha Yusup ika
kang sarya lewi lewi sampun rinasuk
alinggi ing papang langkyan
mangke sang sayembe pekik.

13. Sakehing wong kang tumingal
sami gawok cengeng sira ningali
kang girya sesek supenu
pun Malik mangkya rasa
kasukeran dening wong sami andulu
tan kena tinundhung muwa
sakehing anininga li.

14. Pun Malik mangke atawa
ing tumingal tebusen rare iki
apekik tan samaneku
pantes lan sabdanira
tur jatmika la tebasen rare iku
Bagendha Yusup ngandika
aja isun sira puji.

15. Balik ta ing sabdanira
sapa arsa nebusa rare iki
i nagari Mka wyas ayun
ya ta inganyang sira
kali laksa wolung ewu istri jalu

ake arsa angurupa
nama ring sapa nganyangneki

16. Ake arsanya kithaha
yen sapanganyange mangke puniki
nuli kandheha lara gung
kenang sarik kang nganyang
ya ta tan ana wani anganyang iku
ing Bagendha Yujsup ika
wedi kandhehan lare ki.

17. Pun Malik mangke atawa
ing tumingal tebusen rare iki
dadya ana syara muwus
ing luhur awang awang
ora na kawasa nebusa rareku
sang prabu Mesir kawasa
anebusa rare iki.

18. Henengakena saksana
kang kocapa mangke dera sang kawi
wonten kang arsa anebus
nengge lerira sadad
wong istri kalintang mangke sugihipun
winartaning liwat dalan
den ana rare apekik.

19. Nunten arsa ngurupana
wong salaksa wolung ewu puniki
kang amadrebeken iku
ya ta wong wadon ika
garjita atine myarsa wreta iku
ya ta mari griyanira
ingkang aran sira Malik.

20. Nunten melebet ing lawang
apti anebusa taken pun Malik

yen tuhu adol rareku
satingaling Bagendha
Yusup kanggek tan kawasa mongjar iku
agawok pekik ing warna
pan den sengge dede jalmi

21. Yang ta sinung pangawasa
dening yang mojar taken sira aris
manusa tuwan puniku
gawok isun kaliwat
tan ana inguni uni wartanipun
muwa ta ing jaman kuna
durung wru rupa kayekti.

22. Isun kagahaning warta
apti anebusa ing tuwan iki
anawarrekye rep denpundhut
saha kena denira
sang amadreweke wong kaharsa iku
yajan arta satungkeb rat
ora na gatine iki.

23. Bagendha Yusup ngandika
isun dinadeken dening Yang Widi
manawa sira durung wru
isun sasaminira
kalawasa kabe sira ta puniku
bula isun ingaesan
karaneka tingal pekik.

24. Wong wadon ika angucap
Bagendha Yusup patut tuwan iki
aneguhaken ta isun
ing pangandika tuwan
yen pangeran andadeken kabe iku
ya ta wong wadon punika
wus amawa iman singgi.

25. Dadi ta mangke Iselam
artanepun den danaken ing miskin
kenang barka Nabi Yusup
ya ta wong wadon ika
wus abakti mala dhateng patinipun
kaliwat ing baktinira
ing wong ningali wong lewi

PUPUH VII. DURMA

1. Tan kocapa mangke wong wadon denira
ana kocapa pamali
sang putri ing Temas
sing kang aran Jaleka
waya sangang taun mangkin
putri Jaleka
ayu kaloken bumi.

2. Sugi mas ratna kancana lan sadana
yaya ibu liwat si
tinurut sakarsa
datan wani muranga
yen ana karsa nireki
pan tinurutan
dening kang yaya bibi.

3. Ri sampuning mangkana putri Jaleka
mangke sira angimpi
tumingal Bagendha
Yusup sira kaliwat
denira kasmaran brangti
ing jro syapena
katingal aning nguni.

4. Sapanglilire guling putri Jaleka
awenes asmu brangti
ya ta enjang enjang
prapta ing ibu nira

kali samya napa agyis
kulehe sira
awenes asmu brangti.

5. Sumaur arisira putri Jaleka
ibu isun angimpi
ing wengi tumingal
wong apekik kaliwat
rupane tan ana tandhing
durung mulat ta
isun kang kaya iki.

6. Lan kadi rupane aluhung kalintang
lan pamulune kuning
awake gumilap
yaya mas sinepuhan
sotya lep kresna ahening
lir tumetesa
pawakane lir rukmi.

7. Wajane yaya mutyara sinundukan
yen mesem kadi gendis
medalaken caca
saking guyune ika
kalawan cayane maning
lir pendha surya
rema memek awilis.

8. Tan kawasa emuten amarnaha
warnanira kang kempi
yaja satungkeb brat
ibu angulatana
mangsa amanggiya singgi
satangi ningwang
dadya tan wente singgi

9. Ika mula nisun ibu anggeng brangta
kangen kang kempi uni

rama ibu ngucap
anak isun pangeran
sampu sira bunek ati
yen ta anaha
mangke kang kempi uni.

10. Sun undang sun panggiaken lawan sira
yen wrua prenaneki
manawa ta sira
wru prenahe pangeran
ena ta sun ater nini
mari kang kating-
al ayuni ing latri.

11. Salamining nyupena sok anggeng brangta
tane caya argulir
amung kang kaetang
kang katon ing wardaya
kangen warnane kang kempi
ri sampunira
genep sataun mali.

12. Angimpi mali kang kempi uni ika
ya ta taken sang putri
sajroning syapena
manusa sira tuwan
enaka nisun ngulati
kahananira
sumaur ta kang kempi.

13. Isun manusa tanpa rabi rabiya
lamon tan sira nini
sira mali tuwan
tanpa laki lakiya
ye noraha isun iki
aja ta sira
malelekaken nini.

14. Prasatyakena nini isun denira
sampun mangkana tangi
sa putri kaliwat
lara denya karuna
tongtonen kang wau kempi
muwa kang rama
ibu pan sami prapti.

15. Marma temen mangke dhateng putra nira
samya tilik mangkya gyis
sami taken sira
kulehe sira nyawa
anangis sira ta gusti
sumaur sira
wong ika kempi maning.

16. Isun takoni ujare awawara
ingisun bapa aji
kalawan angucap
tanpa rabi rabiya
yen dudu wa isun sigi
ujare wara
ingisun bapa aji.

17. Sawis i sapocapan kaget tumulya
tangi rasaning ati
kaya ta masiya
lagi jroni syapena
masiya linggi sumandhing
nulya ngandika
wau kang rama aris

18. Atakon ta sira prenahe wong ika
sumaur raja putri
ora takon bapa
isun ing prena ira
kepyan tyasing yaya bibi

samya karuna
awlas ing putra sami.

19. Kamiluluhen mulat tingkahing putra
ya ta sira sang putri
supe ing baksana
tan keneng guling sira
rinaksa deng prameswyari
ana ing pura
Carangcang ta sang putri

20. Sataun lamine anang jro carangcang
dadya angimpi mali
ya ta enget sira
anyekeli Bagendha
Yusup sarwi muwus aris
kang tansa nala
nisun kang asung brangti.

21. Warahen isun ingendi enggonira
sumaur ta kang kempi
manawa tan wikan
mangko sun ulatana
prenaisun bumi Mesir
ri sampuning a-
pajar wungu sang putri.

22. Enjang enjang sang putri medhek ing rama
amekul sarya nangis
tur sarwi ngandika
la bapa ulatana
ingkang kempi mau bengi
sarwi apajar
nengge ing bumi Mesir.

23. Yen tan kapanggi pejaha ta majanira
ibunira sru anjrit
karep isun bapa

mangko apotusana
mara ing nagara Mesir
sang putri sira
enjing kasmaran brangti.

24. Tan kocapa mangke sang putri ing emas
yanten kocapa mali
sabdaning pangeran
dhateng ing nabi nira
ucapena denireki
sing sapa temen
ngulati sun pinanggi.

25. Angandika mali dhateng Dawud ika
panebut isun iki
tiba ing sakatha
ingkang anebut ing wang
syarga nisun iki mali
tiba sake ing-
kang ngabakti ing mami.

26. Padha la isun lan sake ingkang asra
ing ring sun iku mali
sun pola sakenya
kang rena pawe ing wang
si isun tumiba mali
sakehing kang a-
becik ing ring sun mali

27. Isun atatu sakehe brangti ing wang
E Dawud rengeteki
sing sapa doraka
ing isun iku iya
sun alingi alaneki
sing sapa baktya
ing ring sun rena mami.

28. Lawan sakehe kang sun kasihi iya

sun wehi ta balahi
sawuse ku iya
sun wehi lara ika
sun pateni pisan iki
sawusing peja
sun srahi dhengdha mali

29. Aningali ing ring sun kastra ing ring wang
nora nana lyang mali
yang Daud sing wikan
ing isun mangko iya
den kasih isun mali
sing sapa asi
ngisun ngulati singgi.

30. Sing sapa ngulati sun de temu ing wang
ya Daud linyok teki
ngucapa ciri wang
teka ing wengi ika
netra den remaken mali
karing sun ika
mange mange ing latri.

31. Lamon tan surak saha nyawane ika
ingkang sun pili singgi
ning caya tatar bang
ilang nyawane ika
mara ing wang iku singgi
yan tan asiya
isun ning awakneki.

32. Ri sampuning mangkana sang natang Temas
sakarsane sang putri ing
ngidhep sang nata
mangke sira potusan
prapta ing nagara Mesir
tumulya mangkat
punang mantri sira glis.

33. Tan kawarna ing marga tumulya prapta
kang utusan ing Mesir
nunten medhek enggal
dhatenging patihira
nunten binakta anangkil
katuju medel
pan duka Sri Bupati.

34. Sampun katur mangke kang nawala Patra
dhateng Srinarapati
kinen amaosa
wau ingajeng ira
kuneng bubukaning tulis
wikananira
isun na wreta kaki.

35. Putra nisun niscaya ayuning sira
kalapa prameswari
iku den karuan
kaki ing karsanira
yen sira rawu mariki
sakarsanira
isun nadyan nuruti.

36. Yen isun kaki dhateng nagaranira
angater ring sang putri
dhatenga ing sira
ri sampuning amaca
surat suka Sribupati
ingkarsa nira
sang nata Temas singgi.

37. Sang putri Temas kalintang ayu nira
dados suhur sang putri
ing liyan nagara
sang nata Mesir sira
amangsuli serat mali

wus sinungaken
dhateng utusan aglis.

38. Nulya dinadaran mangke kang utusan
akening Mangkubumi
angupa subaha
sampuning sinegehan
nulya kang utusan amit
dhateng sang nata
nuli enggal lumaris.

39. Tan kawarna ing marga tumuli prapta
medhek ing Sribupati
ngaturaken serat
sampunira tinampan
akena maos ing mantri
unining surat
sang nata Temas singgi.

40. Dening unining nawala patranira
iya isun tampani
kalangkung tarima
isun ing karepira
ananggapi asta kali
ing karsanira
sang putri Temas singgi.

41. Sang nata ing Mesir tanduking ngandika
yen kayun isun iki
sira ngaterina
isun mapag ing marga
sampuning winaos nuli
mantuk sang nata
ngandikang prameswari.

42. Ri sampuning mangkana nulya dan mangkat
angatering sang putri
copa ing enjang

sang putri adan paes
amepek yaya ing ulis
angangge raja
kaputran ratna adi.

43. Lintang anyunira tan kena winarna
upacaranira asri
aniti jampana
mas pinatik ing ratna
pinayungan mas kinardi
yen tiningalan
lir penda wukir agni.

44. Kang amikul jampana samya busana
abrang sinang lir sari
anjra katingalan
binakta mangke sira
sang putri deng sribupati
pawongan nira
sewu anaking mantri.

45. Pangalasan sewu kang anunggang kuda
onta pan sampun samya mijil
anata barana
kang sarya pelag
wong patang pulu akeing
kang mikul dinar
ira sang raja putri.

46. Wong patang pulu mali kang mikul wastra
kang sarya lewi lewi
sutra lan remas
sawarnaning busana
lum ngayunin joli
ta pali garan
keing angiring ngiring.

47. Saksana mangkat sang nata Temas ika

angatering sang putri
wangsul sireng marga
larane tan kawarna
yaya ibu ingkang kari
gyis ing ngamarna
prapta desa paminggir.

48. Saksana rayan sang putri masanggrahan
neher sira alinggi
wonte papalangkyan
mas pinatiking ratna
lalamak sutra angrawit
pawongan nira
atap sami ngideri.

49. Sang nata Mesir sampun sira katuran
yen sang suputri prapti
nang paminggir desa
adana mapag sira
aglis mangke Sribupati
tan kawarnaha
sumreg bala angiring.

50. Saupacara sami nunggang turangga
miwa Srinarapati
aniti wahana
apalana mas pelag
pinatiking mira adi
pating paluncar
yen kasenenan rawi.

51. Antya ta pangabaranira sang nata
sapacaranira Sri
pinajengan kembar
pinatik nawa ratna
binubungkulan mira di
tan kawarnaha
aglis rawung paminggir.

52. Tumedhak sang prabu sing wahana nira
amurugi sang putri
sakehing pawongan
mangke sami tumingal
sapaningale sang putri
dede kang katingal-
an jroning angimpi.

53. Mungkur sang putri sarwi tutup wadana
sarwi lara anangis
tan ayun mulata
ngandika ing pawongan
nira kinen pedhek aglis
ratu kang teka
dudu kang kempi uni.

54. Aturing inya nira sampun mangkana
singgi sang nateng Mesir
mangka jodho tuwan
punika ingkang prapta
sang putri lara anangis
tambu polaha-
nira sang raja putri.

55. Yen pinarekan sira denin sang nata
nulya anjrit anangis
langkung lara nira
sumaput ing wardaya
nulya kantaka sang putri
pawongan nira
gepe samya nulungi.

56. Sira emban inya anangis salara
anulya aningali
sang prabu ing sira
kanggek asru kapnetan
mulating sang raja putri

tan arseng sira
wangsul kesel anganti.

57. Mangu alinggi angangen angen sira
apa karane iki
ing isun tan arsa
sang putri mangke sira·
samya pinurugan aglis
tekeng sadina
sawengi tan anglilir.

58. Ya ta enjang anglilira linggi sira
asmu leng leng sang putri
amicara ing tyas
lir don ta isun teka
rasa was karana iki
tan wridayaha
nira sang raja putri.

59. Ri sampuning mangkana rawu sang nata
asmu runtik narpati
arsa ambaktaha
ing sang suputri sira
mantuk ing nagara Mesir
matur pawongan
nira sang raja putri.

60. Sang prabu rawu mangke dhateng ing tuwan
sang putri aningali
maras mana ira
aris denya ngandika
dudu kang kempi inguni
ing jro syapena
nisun kang katon iku uni

61. Wong kang kempi ika jodho nisun ikang
saenggone kapanggi
iya krama ningwang

ningali srinarendra
ing warnanira sang putri
aniraming tyas
mari denira runtik.

62. Dadya awlas manaira Srinarendra
dadi sira sang putri
amiyarsa syara
sira saking tan ana
ujari syara mengeti
sang putri aja
susa aja priyatin.

63. Aja sangsaya daranaken ayuga
tutut ayuga nini
ing srinaranata
marga nira panggiya
kalawan kang kempi nguni
dera sang nata
iku ing tembe nini.

64. Ri sampuning ra nyarsa syara punika
eca mana sang putri
angandel ing warta
ning syara kang angucap
kang kapiyarsa ing nguni
wus ing mangkana
tutut sang raja putri.

65. Mangkana mali kawulaning pangeran
mangke sira kang mukmin
tetkalaning maras
hebat ari kiyamat
angrenge syara Yang Widi
ngandikang sira
kawula nisun iki.

66. Aja sira priyatin maras ing mana

kawula nisun iki
ya ta mangke ical
priyatining wardaya
ngandel pangutus Yang Widi
mangka sira
putri Jaleka mali.

67. Ya ta tutut sang putri sira binakta
ingiringaken mijil
denira sang nata
rawu ing jawi sira
aniti ing jampana sir
sang prabu sira
niti ing wahana di.

68. Tan kawarnaa mangke sira ing marga
praptang kadhaton aglis
supenu kang padha
aniningali sira
sadaya angalem sami
saksana rawu
mangke ing dalem puri.

69. Tumurun aris sira saking jampana
ingiringaken muli
denira sang nata
dhateng ing dalemira
pagulinganira asri
pan wus sinadya
prena irang nguni

70. Rawu ing kadhaton pan sampun sumadya
pagulingan sang putri
kadhaton kancana
pinatiking sosotya
pinajang pajangan asri
sutra dewangga
parem mas ingkang adi.

71. Muwa upacaraning kang pagulingan
sarya kancana adi
pinatiking ratna
mutyara murub muncar
saking do lir wukir agni
senen ing ratna
lan gandaning wawangi.

72. Arum arum tan ilang taken akena
jebad lawan kasturi
tan kantun kungkuma
hergula rasamala
mrebug gandane awangi
nerus kadhaton
ngebeki dalem puri.

73. Kocapa sakehe para marunira
kabe sami kapanggi
sami kagawokan
ningali warnanira
ing sira kang wau prapti
liwat si marma
nira sang nateng Mesir.

74. Warnanira sang putri anang jro pura
anyeneni sakehing
para marunira
pinarneng dalem anyar
saksana tumulya latri
sang prabu karsa
anyangkrami sang putri.

75. Dadya sinalin rupa dening Yang sukma
mangke sang raja putri
minangka gaganti
nira ing pagulingan
kalayan Srinarapati

Putri Jaleka
rinaksa ing Yang Widi.

76. Tan kawasa wong jalu aningalana
dhateng sang raja putri
tan pinasthi sira
sinadya ing Bagendha
Yusup denira Yang Widi
sang putri sira
tan pegat anggeng brangti.

77. Saban dina maksi ngajeng ngajeng sira
ing supena ing nguni
sang Putri Jaleka
sinadya amuktiya
ing Bagendha Yusup singgi
sang prabu sira
mangke darmang gadhehi.

78. Mangkana pramesyari Nabi Soleman
anama Putri Balki
kang amukti iya
mangke Nabi Soleman
ratu nama Siti Rinjing
darma sedhahan
desanira di sidik.

79. Muwa ta pramesyari Bagendha Musa
kocapa mangke singgi
kang nama Masiya
ratu pireng onika
ting marma darmang gadhehi.
Bagendha Musa
ika kang andarbeni

80. Mangkana mali prameswari Bagendha
rasul kocapa mali
anama Katija

Bagendha rasul iya
ika mangke kang amukti
ya Ratu Umar
ika darmang gadhehi.

PUPUH VIII. PANGKUR

1. Ri sampunira mangkana
kocapa ta mangke dera sang kawi
sang putri laming kadhatun
Nabi Yusup kocapa
dinol denira Malik dhateng sang prabu
sang nata mangke atanya
ingkang aran sira Malik.

2. Den tuhu sira dol boca
ya ta saur semba sira pun Malik
ing sira kalangkung nuhun
ngandika Srinalendra
endi ta rupane kang sira dol iku
rare sun arsa weruha
ya ta ingundang sira gyis.

3. Sarawuira Bagendha
Yusup sakathahe punang anangkil
sami cengeng sira ndulu
tan kena sala tingal
tan kena mojar supe ing karyanipun
sarawuira Bagendha
Yusup ing Srinarapati.

4. Wonten si caritanira
Seh Ibrahimawas nama nireki
karsa meng ameng puniku
ing pasar ing basara
amulat ing adol ing titiyang jalu
ujare kang adol ika
sapa arsa nebus iki.

5. Titiga celane ika
kang satunggal tanpa turu ing latri
kapindho tan bukti iku
sira sadina dina
kaping tiga tanpa ngucap ucap iku
ing yen tan kawasanira
ingucap denira mali.

6. Tumingal Ibrahimawas
yen angucapa sira ing jro ati
kaya ing wong wru Yang iku
ya ta sumaur sira
yen isun aripa ta sala weng weng sun
ora wru tagane sira
rupaning wong wrung Yang Widi.

7. Mojar Se Ibrahimawas
ing atawa pira dera dol iki
sumaur kang adol iku
sakarsane nebusa
pira syajining rare edan puniku
mapan ingkang arsa nebas
sing edan sami tan jati.

8. Sadyaning Ibrahimawas
yen wong iki isun kang anebusi
sun lebarken utangipun
ya ta tinebusira
dening Ibrahimawas neher tinujun
titiyang punika mojar
kadi wonten sadya uni.

9. Sumaur Ibrahimawas
atut isun arsa lebarken iki
ya ta matur ri yang iku
ya ta pangeran manirar-
sa mba lebaraken titiyang puniku

karana mba sakatujon
nana denira yang widi.

10. Ya ta titiyang punika
aningali ing Se Ibrahim angling
neher angucap puniku
lamon tuwan purena
mungga tuwan lebaraken neng Yang Agung
tuwan ing api naraka
denira Yang Sukma jati.

11. Ya ta titiyang punika
inguculaken dening Se Ibrahim
ya ta kinen kesa sampun
ya ta titiyang ika
anggameli astane Ibrahim iku
sarwi angandika sira
tuwan mrema Se Ibrahim

12. Tutut Ibrahimawas
tinuntun lumampa tigang jangkeki
melek Se Ibrahim iku
satingalirang Meka
dadya jeneng ing Kaba sira puniku
muksa titiyang punika
datan katingalan mali.

13. Jenger Se Ibrahimawas
mutal muksaning titiyang puniki
dhen ngucapa ing tyasipun
estu lewi wong ika
henengakena wau ingkang rumuhun
kocapa mangke denira
Bagendha Yusup puniki.

14. Jenger wong sapanangkilan
aningali ing Nabi Yusup singgi
kacaryaning manaipun

leng leng tan kena mojar
idhepe lir muksa kedhepena iku
dadi sinung pangawasa
sang nata sira ningali.

15. Ataken ingkang adagang
ing kawulanira kang aran Malik
ing ngedi gonira nemu
ing rare iku iya
sumaur Malik sarya awot santun
tutur sapolahira
Yusup dhateng Srinarapati.

16. Sapa miyarsa sang nata
kagawokan ing wartanira Malik
sang nata aris amuwus
arep sira dol pira
matur pun Malik dhateng jeng sang ngaulun
paduka tebasa sawrat-
ipun titiyang puniki.

17. Sawratipun mas salaka
lan mutyara mira wastra kang adi
sutra dewangga kang luhung
muwa ta kang paremas
sang nata aris mangke denira muwus
dhateng pati mangku praja
la timbangen rare iki.

18. Sang apati lingnya ngucap
aken angambila wilulang prapti
nuli dinangdanan sampun
ya ta mangke dinoman
kinarya egenira atata raju
sang nata aris ngandika
ing Kyan pati Mangkubumi.

19. Andikanira sang nata

pira ta bobote amangkubumi
pinten saweratanipun
titiyang alit tuwan
manawi wenten wrat limang laksa iku
Bagendha Yujsup tinimbang
lan draham limang laksaki.

20. Ya wrat Nabi Yusup uga
ingimbuhan draham limang lakseki
awrat uga Nabi Yusup
mangke mali ngimbuhan
wekasan dinarira sang prabu
telas raja drebenira
sang natang negara Mesir.

21. Mangkana kang antuk iman
tokid ing Yang tembe tinimbang uni
lawan dosane puniku
tembe ngari kiyamat
awrat uga maring iman tokidipun
yan akeya dosanira
coling iman tokid neki.

22. Satingalira sang nata
Aken animbangalan arta sisi
datan kawrat Nabi Yusup
ya ta mali ngimbuhan
mas salaka awrat uga Nabi Yusup
ya ta ingimbuhan dewang-
ga ambar kapur kasturi.

23. Awrat Nabi Yusup uga
ingimbuhan sakathahing wawangi
awrat uga Nabi Yusup
sang nata angandika
ing ngasedhahanira mangke sang prabu
yen masiya ana arta
kabe wetokena maning.

24. Matur punang ngasedhahan
gedhong telas tan ana wantun neki
kagawokan sang ngahulun
aling sajroning mana
tan samanya rareki yen cipta nisun
muwa sakathaing bala
sami heran aningali.

25. Angandika Srinalendra,
ing adagang kang awasta pun Malik
tan kawasa mangko isun
ambobota ing arta
yen sira we lan kawuska timbang iku
singgi kawula panduka
bathara mangke nanggapi.

26. Kaliwat suka sang nata
anulya binakta rare kinanthi
kocapa pun Malik sampun
nira dol tan wru sira
jatining warnanira Bagendha Yusup
ing sampunira tumingal
agawok cengeng anangis.

27. Anuli aniba pisan
kapati yan tar kaning aningali
peja sira Malik sampun
gipi rerencangira
samya tulung saksana anglilir sampun
nehera linggi ta sira
ingkang aran sira Malik.

28. Ring sampunira mangkana
matur ing sang nata patik bra pamit
anedha mangke pukulun
ayun sapocapana
lawan titiyang alit sang prabu muwus

suka isun yen sirarsa
sapocapan lan rareki.

29. Pun Malik dhateng genira
ing Bagendha Yusup lingira aris
ataken Bagendha Yusup
mri ngendi mangke sira
sumaur sira Malik salami nisun
mangke wong sanak lan tuwan
durung wru rupa kayeki.

30. Durung ta isun mulata
rupa kang kaya mangke puniki
kaliwat engisun dulu
mangke ing warna tuwan
tan kena isun amarnaha pukulun
yen isun ta kaduhungi
nanggapi artane narpati.

31. Arsa sun wangsulkena
yen ta kaduhunga isun nanggapi
duk isun durung andulu
ahenge warna tuwan
karasa katha arta panebus
ari wus isun tumingal
ahenging rupa ta kaki.

32. Karasa kedhik kang arta
durung samana ajiyan ta kaki
lingira Malik amuwus
amalampa winartan
reyanira sampun apisa lan isun
mangko isun jatenana
den tulus sihira singgi.

33. Bagendha Yusup ngandika
atutur mangke sira dhateng Malik
yen sira kaki kudya wun

makeng sun jatenana
aywan umung yen isun Bagendha Yusup
kaprena atmajanira
Nabi Yakub isun iki.

34. Bagendha Yakub wru anta
putranira Bagendha Sahak mali
Bagendha Ishak iku
putranira Bagendha
Ibrahim kang ingaken pamitra iku
denira sira Yang Sukma
sun warata sira kaki.

35. Iku katiga tutuwan
isun sami nabi nira Yang Widi
sampuning pinajar weru
pun Malik mangke sira
anangis alara nesel awakipun
isun adagang kang ala
tan wri mule awak mami.

36. Neher ta sarwi awarta
ing Bagendha Yusup impen pun Malik
ing kina isun pukulun
duk lagi alit tuwan
dipun pajar sapolae impenipun
mangkana kang nandhang dosa
ing tembe apajar singgi.

37. Mangkana wong nandhang dosa
ing tembe ing ngajenganing Yang Widi
anaseling awakipun
mangke sami nalangsa
ri sampunira mangke sira amuwus
e sang mulya ing pangeran
panedhaken aba iki.

38. Tuwan panenedhakena

ing pangeran sung anawekas singgi
pan tan awewekas isun
tuwan panedhakena
ing Yang Sukma katekan aweka isun
mapan nabi mangke tuwan
kedhep denira Yang Widi.

39. Ya ta mangke anenedha
ing pangeran Nabi Yusup niki
antuk anenedha sampun
Nabi Yusup punika
ya ta pun Malik wekanipun pad likur
sami jalu wekanira
suka mangke sira Malik.

40. Ri sampunira mangkana
kocapa sang nata liwat dera si
mangke ing Bagendha Yusup
tan adol lawan sira
kocapa juru gedhongira sang prabu
mangke sami pagineman
lan Pati Mangkubumi.

41. Rehing arta wus tan ana
paran polaha nira Sribupati
tan adarbe arta iku
ya ta Srinaranata
ngandikani kang ajuru gedhong sampun
la tapa dhati likana
kabe raja darbe mami.

42. Yen tuhu herana pisan
mangkat juru gedhongira atilik
sakehing gedhong den jurug
kapanggi kebek samya
tan wonten kirange mangke isinipun
lawan kang kari inika
luwi datan kirang singgi.

43. Wangsul juru gedhongira
matur ring sang nata yen kebek sami
ing sadaya isinipun
amyarsa Srinalendra
kagawokan paran kalingane iku
matur juru gedhongira
tan wikan kalinganeki.

44. Panduka bathara tanya
ing titiyang anyar punika singgi
sang nata aris amuwus
paran kalinganira
tan wikan patik bra jeneng lan rareku
sandhing ing gedhong punika
anjeneng lan rare nguni

45. Nulya wonten paksi pethak
saking awang awang anglayang uni
prapti ing rare puniku
mendheka ujar jalma
tan waspao patik bathara angrungu
ya ta ataken sang nata
ing titiyang anyar singgi.

46. Bagendha Yusup apajar
yen Malik dhateng punika uni
apajar mangke ing isun
pangeran mangke punang
kang angileni arta tuwan puniku
re ing panduka bathara
tan eman ing arta singgi.

47. Sapa myarsane sang nata
nyananira tan samanya rareki
sang kina wuwu sang prabu
si mulenira mulat
ing Nabi Yusup mapan sira sang prabu

keneng kasakten Bagendha
Yusup sang nata ing Mesir.

PUPUH IX. SINOM

1. Wonten carita kocapa
tingkaira Usman mali
ingkang mantu rasululla
aningali kareneki
mangke Bagendha Ngali
dinol ing peken puniku
dening titiyangira
Bagendha Usman mangkyang ling
sapa drebe kere kang kera dol ika.

2. Matur ingkang tinakenan
yen kere Begendha Ngali
marmaning dinol ta mangka
mangka prabeyaha rabi
ayu la karya singgi
lan Siti Patima iku
nulya kinen animbang
kang kere punika aglis
awrat kawan atus dinar kere nira.

3. Kinen baktanen denira
Bagendha Usman ta muli
ingkang adol ika mangko
neher ta sinungan mali
draham mangke puniki
sapoponjen mali sampun
ken ngaturaken mangke
dhateng ing Bagendha Ngali
ing daleme Patima kang adol ika.

4. Satingalira Patima
ana kere dinol uni

lan draham rowange mangko
apajar ring Bagendha Li
saksana marek aglis
Bagendha Ngali puniku
ing nabi rasul mangko
matur pawartane uni
Siti Patima duk kawarta ing sira.

5. Ya ta Jabarail prapta
apajar mange sira gyis
ing Bagendha rasul ika
yen Bagendha Usman singgi
drebe pakarti iki
ya ta sapa myarsanipun
Bagendha rasul ika
suka ing mana tan sipi
Bagendha Usman marek ing nabi duta.

6. Tinaken Bagendha Usman
denira nabi linewi
yang aken ta sira mangko
sarwi umatur sira ris
nyana amba puniki
dume wade kerenipun
anganglui dahat mangko
nabi rasul ngandika ris
mungga sira walesen dening Yang Sukma.

7. Ing dunya tekeng ngakerat
mungga walesen sireki
denira sira si Yang Sukma
mapan ing pakarti mali
kang abeccik puniki
satunggal winales iku
sapulu deng Yang Sukma
Bagendha Usman ta muli
dhateng dalemira ya ta manggi sira.

8. Amanggi mangke ta sira
poponjen sadasa singgi
samia isi ta mangko
draham sangang atus
malia sine sakakandhi
atunggalan cirinipun
muni wales Yang Sukma
ing Bagendha Usman mali
kang angrungu yogya samya wistaraha.

PUPUH X. PANGKUR

1. Ri sampunira mangkana
kocapa sang nata liwat dera si
kinanthi Bagendha Yusup
binakta dhateng pura
ning pramesyari anyar Bagendha Yusup
rawu dhateng dalem pura
angandika Sribupati.

2. Ngandika ing garwanira
kasiana rare denira yayi
pan sun aku putra iku
sang putri sira mulat
eling yen kang katon ing syapenang dangu
leng leng tan kawasa ngucap
alara kasmaran brangti.

3. Yaya pejaha ing paling
gianira sira sang raja putri
lali yen ana sang prabu
sawet ning laranira
tan ana kang katingalan sanesipun
angucap jroning wardaya
iki kang katon ing nguni.

4. Sabda nabi rasul muwa
kang kocapa wreta sabda Yang Widi

sing tan kober nenedheng sun
saking sie ing ring wang
sun wei iya luwi pahalaneku
sakehing sami nenedha
mangke prapta aring kami.

5. Ya ta sang putri sinungan
pangawasa denira sang Yang Widi
mangkya nauri sang prabu
lingira singgi tuwan
isun amumule ing rare puniku
sang putri ataken sira
ing Bagendha Yusup aris.

6. Sapa kaki aranira
sumaur Yusup mangke aran mami
ya ta sang putri angutus
akena medalena
anggen anggen dhateng wau tan asantun
ya ta nganggen anggen sira
Bagendha Yusup ta puniki.

7. Sinungan rasukan pethak
tinatrapan ratna kancana adi
rinawit ing kancana lus
mangke tang kulukira
liwat apethak iket pinggangireku
rinok rinawiti mira
mas tinurat manten wilis.

8. Sinuji sireng mutyara
dhinasaran sutra bang sutra wilis
muwa salimutireku
sarwi rinawit enda
myang kadi gegelang kalawan kakalung
sami pinatiking ratna
kang sarya pelag kang adi.

9. Sangkin amuwui raras
pekikira katingalan sayakti
dhahar panganggone iku
ing upacara saban
dina pinepekan ing sadayanipun
muwa anggen anggenira
sadinane sarya lewi.

10. Sangkin surem putyasira
mulat ing Bagendha Yusup sang putri
tan ana liyan kang ketung
tan yan kang katingalan
kaliwat sang putri sihira kalangkung
Bagendha Yusup ngandika
wau ing sang raja putri.

11. Kadi punapa ta tuwan
asung anggen anggen ing ring sun iki
tan praing kawula isun
dening panganggoning wang
ang la panganggenira mangke sang prabu
sumaur Putri Jaleka
sira pinangka jing Mesir.

12. Mangkana mali kawula
kinasiyan denira sang Yang Widi
tinilik saban dinaku
tigang atus sawidak
keing kang warna simulening Yang Agung
mangkana patiliki yang
maring kawula kakasi.

13. Tan kocapa dikaning Yang
Bagendha Yusup kang kocapa mali
saksana sang putri nuntun
ing prena ing brahala
pratima mas manik abang arcanipun

sapraptanirang pratimas
sang putri sira ngastuti.

14. Dadi ta punang brahala
a niba ing ngayunira sang putri
kaget sapaningalipun
ya ta sang putri mojar
paran mulane tiba brahala iku
Bagendha Yusup ngandika
pangeran anepak singgi.

15. Karananira sinepak
dening pangastutinira ing nguni
pangeran mangke tanpa sung
sira nemba ing brahala
kamanyangan tan nibani sira iku
sang putri ataken sira
sapa pangeran nireki.

16. Bagendha Yusup ngandika
tunggal lawan pangeraning Ibrahim
Ismail kalawan Yakub
lawan Nabi Isahak
ingkang agawe sira kalawan isun
angucap Putri Jaleka
kaya pa denta ngawruhi.

17. Kaya pa denira wikan
ing pangeranira kang iku nguni
duk isun mau asujud
angastuti brahala
sumaur mangke sira Bagendha Yusup
ta katingalan pangeran
tan adyeng sarweng dumadi.

18. Sang suputri lingnya ngucap
remen isun ing pangeran ta kaki
yen tan adrebeya isun

pangeran milu ing wang
ing pangeranira sakawula isun
mangko si kalawan sira
i pangeranira iki.

19. Ala isun apangeran
roro ya ta mesem Yusup puniki
neher sami medal sampun
sing ngenggening brahala
ya ta sang putri anggameli amuwus
E Yusup aja ge lunga
manawa sang prabu prapti.

20. Lamon sang prabu wikana
mene ing brahala rempu puniki
manawa runtik ing isun
iku kawedi ningwang
awara ang pangeranira yen rempu
amalampaha ta sira
ing pangeran ta kang lewi.

21. Amalampaha wu tuwan
ing brahala muliya kayang nguni
ing pangeran ta kang agung
ya ta mandeg Bagendha
Yusup pan nenedha ing Yang wutuipun
ya ta wutu kang prati mas
muli ing parnae mali.

22. Mojar sang putri Bagendha
Yusup liwat pangeranira asi
dhateng ing sira puniku
ora asuwe sira
anedha tumuli sinung tan asantun
ya ta sami medal sira
Yusup kalawan sang putri.

23. Sa saking brahalanira

parpti dalem puri kocapa mali
Bagendha Yusup dinulur
dening Widi gungira
ing mangke iki lungguira aluhur
linungguaken ing pad mang-
sana dening ra Yang Widi.

24. Bagendha Yusup ta sira
nulya kesa miyos dhateng ing jawi
mangkana saban dina ku
asring malebet ing pura
yen kadhang kinengken denira sang prabu
angambil duduk ta sira
camethi dhateng jro puri.

25. Yen tan mangkana ingundang
deng sang raja putri dhateng ing puri
tan kawasa teka metu
saban dina nguninga
dhahar panganggenira kinarya sunu
ri sampunira mangkana
Bagendha Yusup puniki.

26. Ingangkat jarajatira
deng Yang Sukma sira ing mangsa iki
ing karsaning sanak iku
malareng sumur ika
Nabi Yusup karsaning sanaking dangu
apaksaha drebe karsa
pamurunganira aji.

27. Mangkana mali kocapa
duk Bagendha Daud ing kina apti
anjenengakena ratu
asala sireng putra
kang sepu ika kang sinalahan prabu
deni Nabi Daud ika
kakasihira Yang Widi.

28. ingkang aran sira Mesan
arsa jenengena ratu puniki
dening ramanira iku
Yang Sukma sira nora
karsa anjenengakena ratu iku
putranira anem ika
kang nama Soleman singgi.

29. Lastari karsa Yang Sukma
kalingane tan dadi karsa dhiri
ya ta Yang Sukma midyeku
kalingan ing kawula
tan kawasa adrebe karsa puniku
yen tan kalawan Yang Sukma
duluri kawula singgi.

30. Ri sampunira mangkana
kocapa ta Nabi Yusup alami
denira nger ing sang prabu
ing Mesir mangke sira
tumeka ing waya lima elas taun
antuk nugrahan saking Yang
sang saya wuwu kang elmi.

31. Ya ta wuwu pekikira
sang sayembe brangkane sang suputri
ta kenang pangan lan turu
tan samengga amesa
sing kadhang katingalan Bagendha Yusup
mulat Lor Kiduling boca
Bagendha Yusup puniki.

32. Tansa manis ing wadana
katingalan yen tumungkul ing bumi
katingal Bagendha Yusup
tulisira ing lema
yen tumingal ing latri lintang candreku

katon asawang Bagendha
Yusup denira sang putri.

33. Tan wru panemuning lara
ya ta malampa kinaryaken mangkin
junguti sira sang prabu
kinaryaken ta sira
sigra dados kalangkung pelaging jungut
upacaranipun sarya
pinatik ing ratna adi.

34. Muwa ingkang pagulingan
langkung pelag sami emas ing ngukir
kawarna sasaton murub
tinrepan ing sosoca
manten mira widure sosoca agung
pinangka tarib mas abang
pinatiking ratna adi.

35. Tekeng luhur tinatrapan
kresna murub muncar senene asri
dening nawa ratna agung
sinirap ing mas abang
binaturing gedha padoning babatur
ingayengan ing mrak emas
anetra mira angrawit.

36. Ahelar rukmi asinang
muwa ingkang pagulingan angrawit
ala langse tudha pitu
sutra lawan dewangga
tilamira dewangga samya lus alus
inaretes ing mas muncar
tinatrapan ing mas adi.

37. Kajangsira susun sutra
lan dewangga tinrapan ing mas adi
sosotya winarna santun

munggu ing tutubira
adongdoman sakalor palisiripun
sutra sinurat ing emas
tinaretes tuhu adi.

38. Muwa upacaraning kang
pagulingan gagantungan mas adi
murub muncar senenipun
salangira mutyara
tinatrapan mira mas pinatik mancur
ing sosotya murub muncar
pelag warnanirang rawit.

39. Kang tataneman ing nata
jinambangan mangke kancana adi
pinelag jejenengipun
raja wetha winarna
arondhon lungsir ri joti nurut dangu
asekar mas awo mira
amawa raras ing brangti.

40. Muwa ta sarwa kusuma
mrebuk arum wor ukup anrus go puri
kang dhadhaharan tan kantun
sumadya warna warna
srebad arum sumadya sampun rumuhun
pinangka sasajening kang
pagulinganira asri.

41. Ri sampunira mangkana
kocapa ta mangke sang raja putri
sami pinarek ing jungut
mapan parantosira
anglilipuraken lara brangta wuyung
tan pegat ing nahen lara
manaira raden dewi.

42. Mangke sangsayembe lara

datan kena sinalimuring gali
tumingal angening jungut
mana wewe kengetan
dhateng ing warnanira Bagendha Yusup
ri sampunira mangkana
pinareksa raja putri.

43. Sampun angrasuk busana
ngangge angge angandika sang putri
dhateng ing pawonganipun
paran ta pola ingwang
teka asi ing panakawan sang prabu
ingkang aran Yusup ika
matur pawongane sami.

44. Kawula Sri prameswara
sami arsa mangke andulu singgi
agawok ing pekikipun
daweg srinaranata
asirama jengira paes rumuhun
yen sampun apaes tuwan
daweg ingaturan singgi.

45. Ya ta sira nulya siram
agaganda mangke mrebuk awangi
nulya sira salin kampu
angangge angge pelag
dodot saklor pinatiking mas murub
ahemer apinggel kana
apadaka inten adi.

46. Wuwu adi warnanira
yaya murca kedhepena sang putri
yaya muksaha dinulu
ing palinggianira
amuwuhi raras jroning dalem agung
pinarek dening pawongan
atapa jajar lir ringgit.

47. Ya ta kinen ngaturana
ing Bagendha Yusup dera sang putri
saksana sirenggal rawu
Nabi Yusup ing pura
anulya malebet wau dhateng jungut
me tengange wayaira
rawu ngajengan sang putri.

48. Parenga papagan tingal
Bagendha Yusup kalawan Sang Putri
meneng tan kawasa muwus
tumingal ing suwarna
nira Bagendha Yusup lir mas sinepu
tumingaling warnanira
sang putri sangsaya brangti.

49. Sangkin wuwu brangtanira
tumingal ing warna kakadi rukmi
tumingal Bagendha Yusup
dhateng Putri Jaleka
gumuling ing pagulingan ing mas tang tur
angling sajroning wardaya
Bagendha Yusup puniki.

50. E Pangeran amba tuwan
luputena jina lawan sang putri
anging lewi angrakseku
dhateng kawulanira
tuwan raksaha saking nila careku
ya ta sakehing pawongan
kang medhek jenger tan angling.

51. Ya ta singnung pangawasa
sasampuning samya enget gumingsir
medal kang lawang ing jungut
tinangkeban sadaya
ya ta kantun sang putri lan Nabi Yusup

ya ta sang putri ngandika
dhateng Nabi Yusup aris.

52. E kakasi isun kang tan-
sa ing nala nisung kang asung brangti
sira kang sun sadya iku
sumaur Yusup ika
nora sunarsa ing pagulingan iku
wis pangeran isun cadhang
syarga pagulingan mami

53. Luwi becik warnanira
lewi saking pagulingan puniki
lagi ta rusak mangkeku
angling Putri Jaleka
E Yusup saking ngendi rupa kang luhung
kang kaliwat sung brangta
ing atinisun saiki.

54. E Yusup saking di iya
rupanira kang kaliwat apekik
liwat denira sung wuyung
ing nalanisun sira
sumaur Yusup Pangeran isun asung
andadekaken ing rupa
nisun angling raja putri.

55. Saking ngendi rupanira
kadi wulan sedheng purnama sidik
datan kewran mega mendhung
waja yaya mutyara
sinundukan netra balur anrang juru
kang tansa anang wardaya
nisan kang asawang rukmi.

56. Bagendha Yusup ngandika
Pangeran isun ingkang luwi asi
angaesi rupanisun

sang putri angandika
sing ngendi ganda rum tanpa burat iku
Bagendha Yusup ngandika
Pangeran kang asung singgi.

57. Sang suputri aris mojar
sapa kang amukti ing warna pekik
sumaur uler jro kubur
kang amukti ing rupa
nisun E Yusup tilam pa remas iku
sira kang agulingana
nekaken karsa nireki.

58. Bagendha Yusup ngandika
ing tembe syarganisun tilam singgi
dewangga paremas murub
sang putri lingnya ngucap
E Yusup mungga ing pagulingan iku
sun atangkeba langse sira
amukyiya sakarasmi.

59. Bagendha Yusup ngandika
manusa kena ing alingan iki
Pangeran isun kang agung
tan kena ing alingan
sarwi ginodha sira Bagendha Yusup
wau ing sadangkira
denira sang raja putri.

60. Dera gayu astanira
kinen mingga ing pagulingan glis
saksana kagodha sampun
Nabi Yusup denira
saking cobaning yang setan bancaneku
lambungira Yusup dera
teba lan lambung sang putri.

61. Sakali sami tineba

lambungira wau dening ibelis
pareng kali astanipun
ya ta kagiwang sira
Bagendha Yusup mungga sira tan asru
atangkeb langse ing tilam
alinggi ayun sang putri.

62. Anggulingaken ing tilam
karsa nekakaken karsanireki
Bagendha Yusup kalangkung
ting arsanira mulat
sang raja putri manaira kalangkung
sotaning kadya tan arsa
nanging kalindhing ing brangti.

63. Wonten sabda rasul muwa
kang kocapa angucapena singgi
pangandikaning Yang Agung
sing wong alaku jina
ing tembe siniksa ing jro pethi iku
jatining pethi wesya bang
ing ngarikiya mali.

64. Lan wesi saking naraka
anrus gandane kongas bacin
lalampahan limang atus
taun prandene kongas
ambunipun amis bacin sakalangkung
tur ing ngarsaning pangeran
tan ana regane singgi.

65. Pan sakeing wong mangkana
ing akerat tan ana reganeki
ina saking kabe iku
muwa cendhak sineka
ora na papadhane inane iku
kocap ing sastra punika
yogya sumingga ing ati.

66. Ya ta Nabi Yusup sira
arsa nekakaken karsa; nira singgi
saking pangraksa Yang Agung
ing Nabi Yusup ika
ya ta aken ing Jabrail mangke sampun
dhateng Nabi Yusup sira
la mungpung durung sarasmi.

67. Sigra tumurun ta sira
dhateng Nabi Yusup mangke Jabrail
arupa Bagendha Yakub
aneba jajanira
Bagendha Yakub sarwi mojar sira sru
E Yusup mongkono sira
arep lumampa tan yukti.

68. Tuwan uwis katulisan
ing lok mak pul amon nabi Yang Widi
ora wirang si tuwan iku
ing Yang Sukma wisesa
ya ta ilang tresnanira Nabi Yusup
aglis tumedhun ta sira
saking pagulingan gyis.

69. Tinututan dera radyan
cinandhak rasukan nireki sebit
sedheng ing miyos puniku
Nabi Yusup katingal
denira sang nata Nabi Yusup ika
mapan wau aluwaran
tinangkil Srinarapati.

70. Sang putri mangke wru sira
yen sang nata kapapagan ing margi
angruhuni sira matur
E Sang Prabu punapa
pamales ing wong duracara puniku

ing jrone kadhaton tuwan
Yusup winarangka singgi.

71. Linaran den asru dahat
wawalese ing wong laku tan yukti
wikan sira Nabi Yusup
semunira sang nata
andhatengi sira andika sang prabu
ana ta kang naksenana
yen Yusup iku sayakti

72. Sang putri sira angucap
tan ana wikan mangke Sribupati
bramatya jeng sang ngaulun
ing Nabi Yusup sira
E mongkono pamalesira ing isun
sun amuleni ta sira
kaya atmaja pribadi.

73. Raina wengi mring pura
sun pracaya ing janan isun iki
kaya tan mangkana iku
dadi ta sira dhustha
sumaur aris sira Bagendha Yusup
tan wikan aturan mba
puniki reke narpati.

74. Mapan mangsa kaidhepa
utawi ta ana saksine mali
sumaur mangke sang prabu
sapa ta saksinira
sumaur Yusup yante rawya lit iku
rare lanang kang awaya
patang pulu dina singgi.

75, Punika si saksi amba
angandika mangke Srinarapati
E andakara sireku

di ana rare waya
patang pulu dina dadi saksi iku
Bagendha Yusup ngandika
aron tinakenan ugi.

76. Ya ta saking pangawasa-
ning Yang Sukma kang busu dadi angling
ya ta laksana sang prabu
ataken dhawak sira
E rare atut iya yen sira weru
ing tingkae Yusup ika
kalawan Juleka nguni.

77. Saking parmaning pangeran
rare pasuson punika mangkyang ling
tan ayun amba Sang Prabu
yen pinangka saksiya
dadi angadu adu amba pukulun
karana tuk dukaning Yang
i wong ngadu adu singgi.

78. La situwan tingalana
kulambini Yusup yen wuntat sebit
lamon ing ayun puniku
tuhu jare Jaleka
alinyok kecapipun Yusup niku
lamon ing wuri sebitnya
linyok kecape sang putri.

79. Ya ta jenger Srinalendra
amiyarsa aturing rare cilik
kang bisa rarasan iku
mangke wuwu panarka-
ne sang nata dhateng Bagendha Yusup
yen wong tan samanya sira
ya ta dhawak anakseni.

80. Rasukaning Yusup ika

pinariksa atut sebit ing wuri
atut aturira Yusup
lingira Srinalendra
E Yusup iku pa cuwan sira umung
aja sira wara ing wong
pama pepeten den mati.

81. Sumaur Yusup ngandika
sarwi tumungkul mangke matur inggi
ya ta ningali sang prabu
sang putri rengu sira
E Jaleka tobata ing Yang den gupu
anedhaha pangapura
rusebe atinireki.

82. Ri sampunira mangkana
nora na kukus kemulana iki
lumra wreta ing kadhatun
rawu ing jawi pisan
sakathaing rabining mantri amuwus
anggunem Sripameswara
sadaya sami ngraosi.

83. Baya ta ora awirang
sang putri karsang panakawan iki
apan sira adiluhung
tur sira palamarta
wru ing lampa teka ta alampa dudu
ya ta sapamyarsanira
sang putri ujar tan yukti.

84. Ya ta animbali sira
undangen sakehing istri ning mantri
sampun mangkat kang ingutus
dhateng kang ingandikan
sang putri mangke sira asadya sampun
pa mangsa sireng latar
papalangkyan mas ingukir.

85. Panatiking mutiyara
ginelaran dewangga tulyang rawit
kinen sami linggi sampun
mangke kang ingandikan
sami kagawokan dhateng warnanipun
tan ana amadhanana
sakathaing putri adi.

86. Muwa tingka pari pola
dimapahanaha kang angemperi
tan adangu nulya rawu
dhadharan sing jro pura
sami kinen sadaya dhadharan sampun
samya lari linariyan
kasukan sang raja putri.

87. Ya ta sami matur sira
punapa karyanira jeng sang putri
sami ngandikan pukulun
maras mana kaula
anengge paduka prameswari bendu
sang raja putri ngandika
sira rep sun kagegeli.

88. Sun kon ta sira mulata
ing panakawanira Sribupati
ingkang aran sira Yusup
ya ta sami sinungan
jeram manis kalayan ladinge sampun
sira sang putri ngandika
cekelen sakabe iki.

89. Aja ge sira rebiya
lamon ora isun akoning mangkin
ya ta ingaturan sampun
Bagendha Yusup ika
inganggen anggenan makutha brang murub

inten widure manila
sosotya kang adi adi.

90. Inganggen kang pelag pelag
murub muncar nelehi dalem puri
muwa ta rasukanipun
sinuji ing mutyara
miwa jumanten rinawit ratna murub
teka ing salimutira
muwa iket pinggang asri.

91. Angangge pinggel padaka
sami pinatiking ratna angrawit
murub muncar senenipun
sake kang adi samya
nganggek aken dhateng ing Bagendha Yusup
angangge kaos mas pelag
tinaretes ing ratna di.

92. Atutunggul mira muncar
ya ta wuwu warnanirembe pekik
ora na ing duga iku
kang kaya warnanira
Nabi Yusup mung kang anang syarga luhung
ya ta Yusup wau kinen
medal denira sang putri.

93. Wus rawu sireng ayunan
ya ta kinen angeret jeram sami
ya ta medal Nabi Yusup
alantaran dewangga
ing pasamoaning akatha puniku
warnanira liwat pelag
lir sasi purnama sidik.

94. Sakehing pawestri mulat
jenger datan kawasa mojar sami
tan kawasa mola iku

cengeng paningalira
sakathaing angeret jeram puniki
tan karaos kareb sira
mala pegat otot sami.

95. Getinya wor lawan jeram
tan angrasa lara dening tan eling
pijer cengeng leng leng mangu
mulat ing warnanira
sakabe kang ningali Bagendha Yusup
dening langkung kagawokan
ing warna kaliwat pekik.

PUPUH XI. SINOM

1. Wonten ta mali kecapa
wong ayun peja puniki
kang antuk si ing Yang Sukma
pinajar mangke rumihin
dening malekat singgi
yen ngapura dosanipun
dening Yang maha Mulya
dadi tan angrasa wedi
laraning pati angandeling Yang Sukma.

2. Yanta sakeing wanita
kang tumoning Yusup iki
sami sinung sira mangko
pangawasa deng Yang Widi
kawasa sami angling
sapa ta iku pukulun
embo dudu manusa
manawi malekat singgi
kang mulya tumurun maring alam dunya.

3. Durung isun tumingala
ing rupa kang kaya iki
ing pangimpen durung tumon

ing warna lir mas sinangling
yen angrungua maning
ing pawarta lagi durung
ya ta Putri Jaleka
ngandika dhateng ing mantri
atut iya isun padha sira ucap.

4. Yen isun ningaran ala
remen ing Yusup puniki
isun brangting panakawan
ya ta wong punika sami
tumungkul sami ajri
nedha ing apura sagung
ing wau kang tumingal
dhateng ing sang raja putri
sinengge tan mangkana ing warnanira.

5. Pati kaprameswari samya
kasmaran mangke ningali
ing warnaning Yusup ika
pan tumut kasmaran brangti
ingkang jeng prameswari
ya ta wong punika mantuk
sami amit sadaya
prapta ing griyane sami
maksi tongtonen warnaning Yusup ika

6. Lali anak semaira
denira kedanan sami
kocapa sang prabu mangko
angandika lan Kyan Pati
layan sagunging mantri
sadaya sami tinantun
re ira Yusup mangko
sarasmi lawan sang putri
ngandika sang nata awegeg tyas ingwang.

7. Aturing mantri sadaya

pukulun srinarapati
yen sambada layan karsa
pened winarangka singgi
Nabi Yusup puniki
karaning matur pukulun
katurut aturira
wau sakathaing mantri
ingiringaken wau dhateng warangka.

8. Sedhengira wau lintang
katingala deng sang putri
ya ta angandika sira
E Yusup aja priyatin
prandene isun iki
anguning angsira iku
aja walang ati i-
sun ingkang anggumateni
pradenisun analikahi sang nata.

9. Mangkana kawulaning Yang
mukti ning akerat benjing
ya ta sira sang Yang Sukma
anedhunaken Jabrail
kinen akecapa singgi
ing wong mukmin deng Yang Agung
yan walang ati mangko
mula maras aja wedi
mangsa sira kena anglara kiyamat.

10. Rinaksa dening Yang Sukma
sira kina mulen singgi
kang kinen dening Yang Manon
laraning kiyamat iki
satrunira Yang Widi
kang langgana ing pangutus
kaya kapir bidanga

wilalat lawan Yahudi
utawi sarani lan maju si ika.

11. Ri sampunira mangkana
Bagendha Yusup puniki
winarangka sira mangke
ri sampunira lami lami
wonten parenge mali
winarangka wong tetelu
kang satunggal punika
juru larie narpati
anengge ayun angupadi sang nata.

12. Satunggal patunggu lawang
anengge wong sanak maring
juru larie sang katong
ing panarkane narpati
mangsa tan wrua iki
ing polae mitranipun
karane tumut sira
dosane ora pepenging
sinengge wikan denira Srinalendra.

13. Wonten sabdaning pandhita
tunggal alul tapsir mali
laminira Yusup mangko
anang jro warangka singgi
limang taun lawasing
ing tapsir mali winuwus
pitung taun lawase
tapsir mali mangke angling
pituelas taun mangke lamimira

14. Henangena sang pandhita
Jabrail mring Yusup singgi
andulangi dara mangko
rasaning dara pangliri
elmu ikemat mali

dara punika sukma Gung
nugrahaning Yang Manon
dadi Nabi Yusup iki
uninga ing artining impen sadaya.

15. Mapan atining Yang Sukma
pandinuman elmu singgi
seor seos elmunira
Bagendha No sinung iki
sarenget deng Yang Widi
Bagendha Ibrahim sinung
elmu batin Yang Manon
lan raaswa lamon angling
Bagendha Musa sinung elmu munajat.

16. Bagendha Ilir sinungan
elmu ladut ing Yang Widi
wru sadurunging winara
Bagendha Suleman mali
sinung mantek sireki
wikan ing sarya baseku
muwa basaning sato
Nabi Yakub Yusup mali
sinung elmu uning tegesing syapena.

17. Bagendha rasul punika
sinung elmu deng Yang Widi
bisa sake elmu mangke
pan lineli deng Yang Widi
amumponing ing nabi
sakathaing nabi agung
ora kaya Mukammad
kinasihan tuhu lewi
iya iku panutup nabi sadaya.

18. Ri sampunira mangkana
kocapa ta wong kakali
kang sarenge winarangka

lan Bagendha Yusup singgi
angimpi mangke kali
sami atataken wau
mangke syapenanira
ing Nabi Yusup sakali
kang atunggu pintu punika angucap.

19. Angimpi Musa jeng amba
kadi mubrem tinggkaneki
kang satunggal mojar alo-
amba angimpi inguni
anuhun apemami
cinucuking dhang dhang iku
mangke nang sira amba
ya ta angandika aris
Nabi Yusup la sira age Selama.

20. Sun wara syapenanira
ya ta kang atunggu kori
tutut manjing Islam mangke
sampun mawa iman singgi
ya ta winara mali
tigang dina sira besuk
winetakaken mangko
saking panjara ing benjing
tur sira sinung lunggu dera sang nata.

21. Ya ta juru lari ika
kinen Selam datan apti
sumaur ta sira mangke
alumu amba puniki
ya ta pinajar iki
telung dina sira metu
besuk saking panjara
muli sinula tumuli
utekira medal cinucuking dhang dhang.

22. Nulya sapa myarsanira

anangis sira sarya ling
anglinyoken Yusup ika
nulya benjingipun mali
winedalaken singgi
saking panjara pan sampun
sinula sira mangko
utekipun medal sami ·
anuli cinucuking dhang dhang siranya.

23. Sang atunggu lawang ika
ataken ing Yusup mali
sapa sinten tuwan mangke
saking pundi asal uni
miwa sapa nameki
angandika Nabi Yusup
Yusup ta aran ingwang
putranira Yakub iki
Nabi Yakub kang putra Nabi Isahak.

24. Kabuyut Ibrahim ika
ing Kanahan desa mami
la kule pun singgi mangke
tuwan punika mariki
tur kasangka la mali
sumaur Bagendha Yusup
atutur polaira
ya ta wong punika mangkin
wuwu tega agamanipun Iselam.

25. Genep dinanipun medal
saking warangka tumuli
tur sinungan lunggu sira
kalaning medal puniki
sing warangkane uni
Bagendha Yusup amuwus
amekasi wong ika
angemuten eng narpati
yen ana wong winarangka tanpa dosa.

26. Akecap ta wong punika
singgi amba matur benjing
lamon angsal kala desa
punika karanireki
datan medal tumuli
antuk dukaning Yang Agung
keneng bancana mangko
saking Yang Yusup puniki
tan anedha tulung mangke ing Yang sukma.

27. Amalampa tulungi lyan
ya ta tumedhun Jabrail
maring Nabi Yusup mangko
angucap ta Jabarail
sapa luputen uni
pinatening sanak iku
ing tuwan duk ing kuna
sumaur Yusup mangkya ris
Sang Yang Sukma tanpa wieng ring sun tuwan.

28. En Yusup sapa ta iya
metoken sing sumur nguni
sumaur Yusup ta mangko
Pangeran uga kang lewi
angucap Jabarail
sapa angluputaken iku
jina lan putri mangko
sumaur Yusup sira ris
Sang Yang Sukma kang angraksa ing kawula.

29. Jabrail sira angucap
kule pun ta tuwan uni
amalampa tulung ing wong
kang lyan saking Sang yang Widi
ya ta Yusup sirang ling
ya tuhu kadudon isun
ya taat tobat mangko

ingapura deng Yang Widi
linging Jabrail wus tuwan ingapura.

30. Nanging tuwan lawas ora
medal sing warangka singgi
muwa kang winekas mangke
sinung lali tan matur narpati
linaleken ngibelis
saki kudrating Yang Agung
tan nekakaken mangko
wewekasing Yusup iki
nem taun lawasira nang jro warangka.

31. Sang Prabu lali ing tuwan
sinung lali deng Yang Widi
tan enget sira sang katong
yen amarangka inguni
ing Nabi Yusup iki
karane lami puniku
anang jroning panjara
pan kenang coba marmaning
sanget supe manaira Srinalendra.

32. Wonten carita angucap
pituelas taun mali
laminira ana ing jro
ya ta sabda rasul angling
lamon ta Yusup iki
yen tan ajaluka tulung
ing papadhanira wong
aken matur ring nrepati
mangsa sira lawasa anang panjara.

33. Mungga ta Yusup weana
si nugrahaning Yang widi
sampuning mangkana mangke
Bagendha Yusup alami
nang jro warangka singgi

saban dina sira rawu
kintunan saking pura
muwa pangangge kang adi
pan sadaya miyosaking prameswara.

34. Lan welinge prameswara
pinenging susaing gali
prandenisun ilingaken
wratanira Sribupati
sira sang raja putri
tansa karuna nang jungut
tan keneng guling dhahar
tan ana kacipta mali
sang prabu mali tan anguning angsira.

35. Dening wenten gantinira
kang katon raina wengi
sampuning alami sira
Yusup jro warangka iki
akatha wong kang mijil
saking barkat Nabi Yusup
sami agama kang wong
kang karing panjara iki
kang sewu patang atus padha akecap.

36. Amba punika yun medal
saking warangka puniki
putek nala amba mangke
sampun tan kasandhang mami
ngandika Yusup iki
la sira metua iku
sumaur ta punang wong
paran tingka amba mijil
pan lagi rinante binalenggu amba.

37. Bagendha Yusup ngandika
sun tedhaken ing Yang Widi
sira sangkane ucula

sirante balenggu iki
binedhakaken aglis
i Yang mangke Nabi Yusup
ya ta balenggu rol
runtu rantenira sami
saki kudrating Yang mangke ta ing sira.

38. Wong punika nulya medal
saking panjarane sami
anut pangandika kang wong
panjara piyak tumuli
keneng kasakten iki
sakehe kang medal iku
warnine sami owa
kang ireng dadi akuning
dening barkaing iman munggu ing sira.

39. Mantuk mangke sowang sowang
awreta ing soma sami
mulanisun medal mangko
dening dongane rareki
somae gawok sami
dening sakti Nabi Yusup
wong patang atus mangko
kang kari warangka iki
sami matur ing Nabi Yusup wong ika.

40. Boten ayun amba medal
saking warangka rumihin
tan arsamba saha mangko
dereng maring oneng mami
mulat ing tuwan iki
lagi oneng sun andulu
ing warnanira tuwan mangke
tembe amba medal benjing
saking warangka lamon pareng lan tuwan.

41. Sapisan Yusup punika

midering panjara iki
angintip dadi ana wong
adagang liwat ingriki
saking bumi Sam iki
marga sing Kanahan iku
bakta onta punang wong
akatha duluring margi
katingalan dening Nabi Yusup ika.

42. Ningali tan katingalan
ya ta aparek tumuli
ontanipun mandheg mangke
saking nugrahan Yang Widi
onta matura riri
E Yusup amba litang sing
desa tuwan Kanahan
rama tuwan awlas asi
arina wengi nangis mala tan mulat.

43. Dening larane ing tuwan
aturing onta puniki
tan ana sinung wru kang wong
lyan sing Nabi Yusup singgi
kang amiyarsa iki
ya ta sapa myarsanipun
Nabi Yusup karuna
wlas ing ramanira iki
ya ta sang adagang liwat ing panjara.

44. Taken Yusup ing kapila
sauring adagang iki
saking Kanahan ta amba
Nabi Yusup ngandika ris
wru ta la sira kaki
ing kayu agung aluhur
pange roelas ika
ana ta pange kang alit

acendhek sempal kayu ika alara.

45. Kang kayu ika alara
anangis raina wengi
alara pange ta mangko
kang sempal ika inguni
kang adagang anangis
wikan ambang Nabi Yakub
putra Isahak mangke
lan kang putra kabe iki
kang tuwan taken aken mangke ing amba.

46. Nabi Yusup amemekas
iya salamisun iki
ing kaywa geng ika
mangko wretakena den ta kaki
ana kawula garib
kina niaya puniku
angunus pinggel karo mas
pinatiking ratna di
aji sewu rong atus rong pulu dinar.

47. Sinungaken ing adagang
inguntalaken tumuli
iku mangka sangunira
nekaken wewekas mami
aturing adagang sing-
gi amba tarima iku
sapa ta nama tuwan
angandika Yusup aris
nora sun pajar nama nisun ing sira.

48. Sauring adagang ika
singgi aranipun kaki
sun wretaken ujarnya wong
sarya ngandhut pinggel aglis
suka manaira antuk
gegelang adi luhung

nulya anunggang onta
tan kawarnaha ing margi
aglis praptang Kanahan ing wengi sira.

49. Enjing medhek kang adagang
ing Bagendha Yakub iki
anguwu sing jawi sira
E putunira Ibrahim
ya ta kapiyarsa dening
putra istri amuwus
sapa atakon mangko
amba wong adagang singgi
wonten ing pundi Bagendha Yakub tuwan.

50. La punapa karyanira
taken ramanisun iki
uni ana wong wewekas
punika wong ina garim
winarangka ing Mesir
mantuk putranira matur
kapanggi muji ramanira
wus sing salam aglis
matur kang putra yen wonten wong tatanya.

51. Ya ta aglis medal sira
Nabi Yakub ngandika ris
paran kaki karyanira
ataken ing isun iki
neher kongas gandani
gegelang melek ing ngeru
matur kampila mangke
amba punika inguni
winekasan ujaring wong garib ika.

52. Winanjareng Masir ika
akirim salam inguni
singgi katura ing tuwan
Nabi Yakub maras angling

aningali sira ru
pane wong ing jro puniku
matur boten ta amba
duk akirim salam nguni
saking jro warangka duk mekas ing amba.

53. Tumulya karuna sira
Bagendha Yakub anjerit
angrasa yen putranira
neher taken sira mali
den wara sira kaki
arane wong jro puniku
matur adagang mangko
boten pinajar inguni
Nabi angandika paran karepira.

54. Aturing adagang boten
weten kajeng amba iki
ing dunya ing tuwan mangko
ingatur wewekas mami
tinedhakaken mali
wong adagang ing Yang sampun
denira Yakub mangke
mungga dhanganen ɵng pati
deng yang Sukma mangke ta ing patinira.

55. Ya ta mit kampila sira
sa saking ngajengan aglis
tan kocapa sira mangko
sang adagang muwa mali
sampun prapta ing jawi
Nabi Yakub tan kawuwus
laranireng atmaja
sampun ing amyarsa warti
wonten gantiyaning sabda kang kasmaran.

PUPUH XII. ASMARANDANA

1. Kocapa Yusup sireki
genep limang taun sira
laminira ana ing jro
warangka asujud sira
ing ngarsaning pangeran
anedha ing jroning sujud
Tuwan wedalana amba.

2. Ya ta tinarima iki
panedha nirang Yang Sukma
kocapa sang prabu mangko
aguling rama sira
ya ta sira nyupena
wungu rasa ebatiku
neher supe tuturira.

3. Dera tutur datan eling
ya ta sang prabu angandi-
kani ing pandhita mangke
bramana myang yoginira
bujangga myang sogata
resi mangke datan kantun
ataken syapenanira.

4. Ya ta impen isun uni
para sakti dera tanya
tan ana kang sanggup mangke
anutura impenira
ya ta kang asedhahan
lawang mangke sira nung
emut ing welinge Yusup ika.

5. Ateba jaja anangis
sarya manggut manggut sira
tinakonan deng sang katong
karaning anangis sira

matura tunggu lawang
mangke ta enget pukulun
weweling ing rare ika.

6. Rare winarangka singgi
ing kuna asru wewekas
mangke nedha si sang katong
luwarana sing panjara
sanget supe kawula
nyana kawula pukulun
impe paduka bathara.

7. Abener denya ngarteni
ngandika sira sang nata
neher kaget atut kapon
lali sun alawas iya
yen anang jro warangka
isun ora eling iku
nulya ajer tingalira.

8. Sarwi ataken narpati
paran kalingane wikan
bener ngarti impen mangko
aturing atunggu lawang
ing kina patik amba
ngimpi kalayan puniku
titiyang kang kokum ika.

9. Bener datan ana gingsir
pakartining rare ika
la iya lungaya mangko
sira takona syapena
nisun kang lali ika
la paran wahananipun
aturipun amba wirang.

10. Sinreng denira narpati
aja mangko sira wirang

aglis mangkat ta den age
takona sira syapena
mangkat ingkang laningan
Prapta ing Bagendha Yusup
nangis atutup wadana.

11. Wirangira tan sinipi
satingaling Yusup mojar
bukaen tangan ta mangko
aja ta la sira wirang
bubuaning kawula
linaleken ing Yang Agung
karana isun wewekas.

12. Ya ta asujud tumuli
ing Bagendha Yusup ika
karana si pamulene
ing Nabi Yusup wong ika
Yusup mangke ngandika
aja ta sujud ing isun
matur kawula punika.

13. Saking si mule amba
mangke dhateng tuwan punika
paran gawenira mangko
singgi dipun utus amba
denira Srinalendra
taken syapena sang prabu
nengge supe tuturira.

14. La tuwan tutura singgi
lamon tuwan mangke wikan
angandika Yusup mangke
ya wru isun impenira
kang lali tuturira
angimpi sira andulu
gopi pitu lemu sira.

15. Sapi pitu binukti
dening gos apta dhos ika
kang alemu ika mangko
pinangan mangko tunggalan
dening gos agos ika
kalawan sira andulu
godhong ijo pitung lembar.

16. Pinangan mangke sira glis
dening ron sapta king ika
entong godhong ijo mangko
dening godhong aking ika
matura uga sira
mangkana maring sang prabu
yen kadi tutur punika.

17. Amit utusan narpati
matur ing sira sang nata
sahaturing Yusup mangke
sampuning katur sadaya
ing sapa myarsanira
gumujeng sira sang prabu
atut tutureku iya.

18. Kalangkung suka nrepati
kapanggi supenanira
sagunge mantri agawok
ing Yusup dening trus tingal
sami eran sadaya
angandika sang ngaulun
ing mantri kinen amapag.

19. Amedalaken tumuli
ing Bagendha Yusup ika
saking jro panjara mangke
lan kinan abakta kuba
layan panganggenira

busana kang adiluhung
tang kuluk alayan dhatar.

20. Angandika Sribupati
amemeling dhateng bala
padha si hormat ta mangko
yen prapta ing Yusup ika
pan sami antar antar
warna nira ayu ayu
sami anampa busana.

21. Datan kawarna ing margi
sarawu irang Bagendha
Yusup sami ormat kang wong
samya tur nugrahanira
sang prabu ing Bagendha
Yusup pan sadaya matur
tuwan ngaturan sang nata.

22. Yusup angandika aris
tan arsa isun metua
lamon wong iki kang nang jro
warangka sami tan medal
isun sangat langganang
yen tan linuwaran iku
kabe saking papanjaran.

23. Mangkana nabi linewi
bagendha rasul kocapa
tan ayun manjinga mangko
ing syarga lamon tan medal
sakabe umatira
saking jro naraka iku
tan mungga ing syarganira.

24. Ri sampun mangkana mali
matur utusan sang nata
saaturing Yusup mangke

sang natang ling uculena
wangsul punang utusan
dhateng i Bagendha Yusup
singgi kinen medalena.

25. Ya ta Nabi Yusup aglis
medal saking jro warangka
asiram gaganda mangke
angrasuk busana pelag
wau saking sang nata
aniti turangga sampun
ingiring dening ponggawa.

26. Sakathaing kang angiring
sira kawengan umulat
dening warna pekik mangke
sarawu ireng sang nata
pinekul jajanira
binakta linggi pan sampun
tunggil sadapma angsana.

27. Kaliwat sihe nrepati
i Bagendha Yusup ika
ing sawedalira mangke
saking panjara kaliwat
mulenira sang nata
sakathae bala munjung
kena ing kasaktenira.

28. Kalawan mangkana mali
pamumulening Yang Sukma
ing kawula mukmin mangko
sasampuning medal sira
saking jroning warangka
ing dunya mangke kalangkung
saking mulening pangeran.

29. Sampuning mangkana mali

sang prabu aris ngandika
E Yusup karep isun mangko
sira sun dadeken iya
sun gunggung mangko sira
saking si pamulenisun
iya isun iya sira.

30. Iya sira iya mami
yen ora na isun sira
sira jumenenga katong
ya ta taken Srinalendra
wahananing syapena
sumaur Bagendha Yusup
matur ing Srinaranata.

31. Tegese impen nrepati
kang rumuhun iku tuwan
pitung taun singgi mangke
akatha jawo kalintang
dadi kang sarya lata
sakathaing tanem tuwu
bras pari mangke akatha.

32. Kang kantun ing wuri nguni
wahanane impen tuwan
pitung taun tembe mangke
aterang tan ana udan
sanget katiganira
tan wonten sasabiniku
sarya tinandur tan gesang.

33. Dadya paila geng benjing
sakeing desa paila
sang prabu ngandika alon
ing Bagendha Yusup sira
E wong satyang pangeran
apa karsanira ngisun
aja wedi mangko sira.

34. Nabi Yusup matur aris
amba anedha ing tuwan
sinung wikana ta mangko
ing lura Mesir patik bra
amba arsa uninga
ing bumi tuwan pukulun
amba ken asasabina.

35. Sakathaing bumi Mesir
sadaya dipun sawaha
sampun wenten tuwang mangke
dipun rawu ing prawata
dipun karyaha gaga
sampun wonten wana agung
sami tuwan kon nyawaha.

36. Akaryaa lumbung singgi
karangkeng wadhaing beras
mangka enggeni ngatandhon
beras pari dipun katha
angandika sang nata
la sakarsanira mringsun
isun suka maring sira.

37. Yen ana karsa ta mali
aja wedi amalampa
aja sira tahan mangko
ing ring sun na srahing tuwan
tan wonten darbe mukya
sinungaken Nabi Yusup
saking si mule sang nata.

38. Riptaning mana saiki
Bagendha Yusup tan arsa
yen mantuk angsasanane
dening angraos gungira
wonten ing Mesir ika
imbang imbanganing lunggu

kang layan Srinaranata.

39. Mangkana mali wong mukmin
sedhenge ajale ika
aningali sira mangko
si pamulening pangeran
tan arsa mantuk sira
dhateng jro dunya wong iku
dening mulat ing sihing Yang.

40. Muwa mangkana wong kapir
muserik wilalat ika
nedha wangsulen mangko
i dunya dadi Iselam
akaryaa ibadat
anglampahana ing besuk
panganbakti ing pangeran.

41. Sampuning mangkana mali
genep sataun ta sira
Bagendha Yusup lawase
medal saking jro warangka
kawarnaha sang nata
ing Mesir ngaturi sampun
ing Bagendha Yusup ika.

42. Sigra rawu tan asari
Bagendha Yusup ngayunan
ngajak linggi deng sang katong
tunggil sapadma angsana
neher sang prabu mojar
E wong kang satya Yang Agung
sira gantenana raja.

43. Sira jumenenga aji
ing Mesir ing karsaning Wang
ya ta ngandika sang katong
ing apati mangkupraja

lan para mantrinira
mangko wru wanira iku
yen Yusup jumeneng raja.

44. Pra sama ngestoken sami
sagunging para ponggawa
sakalangkung panujune
ing Bagendha Yusup sira
dene amayu jagat
ambek palamarta agung
wiweka lampa susila.

45. Kalayan warna apekik
muwa kamurahanira
mungga ta tulus sang katong
ri sampuning ing ngitrenan
sang prabu angandika
juputen makuthanisun
lan sapanganggoni raja.

46. Saksana prapta sira glis
pelag warnaning makutha
mas abang pinatik mangke
ing nawa ratna rineka
pinatik layan mira
lan mutyara agung agung
munggeng padoning makutha.

47. Tinuruting mira adi
inten jomante myang nila
lan binubungkulan mangko
komala tulya brang sinang
warnaning nawa ratna
kinitir kitiran luhung
inten widure lan mira.

48. Sinung selagan rinukmi
pating kredhap murub muncar

tan ketang ajine mangke
ing nganggekaken ing sira
Nabi Yusup sadaya
ing sawarnaning kaprabu
rinasukaken ing sira.

49. Sarwi lininggiaken ing
padmangsana mangke sira
gumanti sira sang katong
angayap ing Yusup ika
mangke wuwu kang warna
kang marek prasamya mangu
jenger umulating sira.

50. Leng leng tan kawasa angling
kadi muksa kedhepena
dan mangke sira sang katong
ngandika ing balanira
muwa para ponggawa
bakti Yang Bagendha Yusup
kawulanisun sadaya.

51. Sami angestokaken ing
tulusira madeg raja
neher ngandika sang katong
E kang satya ing pangeran
sakabehe kagungan
isun kasrang tuwan iku
muwa saisining pura.

52. Isun mundur ing saiki
amba gawani ing tuwan
ri sampunira sang katong
asele karatonira
datan alami sira
agera lina sang prabu
henengakena sang nata.

53. Kocapa Yusup alami
denira madeg nalendra
anganyaraken sang katong
papajenganing gopura
warnanipun apelag
kadhatonira sang prabu
akarya maligesira.

54. Sarya mas abang ingukir
pinatiking nawaratna
murub muncar mangke tinon
senening maligenira
wus pinajang pajangan
sutra dewangga brang murub
taluki premas asinang.

55. Kalesiking wadya Mesir
durung isun angrungua
panjenenging para katong
ing Mesir ing kuna kuna
lan adil palamarta
ing bala bala balangkung
muwa warna pekik dahat.

56. Sakeing santana mantri
pan sami angalembana
sami muji ing sang katong
ri sampunira mangkana
wonten mali winarna
Putri Jaleka winuwus
tan wru ing polahanira.

57. Tan kasamen lara brangti
nira layan Srinalendra
angraos tan padon mangke
ing angayun ayun sira
ing Nabi Yusup ika

ya tang rusak raganipun
dening lara brangtanira.

58. Netranira belek kali
tabeting anangis sira
raina wengi ta mangko
remanira jatha gimbal
datan kena jinuma
resak pasariran kuru
lagi ing ngendheg dening Yang.

59. Dening anemba arca mi-
lane ing ngedheg dening Yang
ya ta karya uma mangke
pedhek dalanggung sang nata
arsa sira mulata
dhateng panduka sang prabu
yen natkalanira memba.

60. Kocapa Srinarapati
akarsa mayenging praja
aniti kuda sang katong
binusanan ing mas pelag
pinatik nawaratna
rawu ing kandhalinipun
sangga wedhi nawaratna.

61. Paduka Srinarapati
angrasuk aprabonsira
angangge makutha kaot
kang adi ingangge sira
pinajengan mas pelag
apuncak maniking banyu
wuwu embe pekikira.

62. Sakeing mantri umiring
saaturangga busana
keing umiring sang katong

kali kethi wuring ngarsa
kali kethi ing kanan
kali kethi kerinipun
sami anunggang turangga.

63. Muwa ta kang amamandhi
samia urung urung mas
pinatiking ratna kaot
angrawis sato kombala
sewu ambakta pedhang
ing ayunira sang prabu
sami warangka kancana.

64. Alandheyan mira adi
pinataking muteara
sinelanan inten ijo
upacaranira pelag
asri yen tiningalan
sarya kancana ing ayun
tuhu pacaraning nata.

65. Munggu pantes tur raspati
mangkana Srinaranata
saban yen memba sang katong
angayengi ing nagara
sakeing kang kamargan
sami cengeng sira ndulu
ing warna pekik kaliwat.

66. Tan penda surya umijil
mangke angayengi praja
kalintanga eng sang katong
sing kamargan sami hormat
pra samya anglembana
sadayang Bagendha Yusup
iki sira tuhu tama.

67. Pantes ora nana mirib

denira jumeneng nata
sakeing Wong Mesir kabe
sami wedos asi sira
ing sapaningalira
Bagendha Yusup puniku
ing kagunganing pangeran.

68. Sangsaya wuwu awedi
ing Yang anorakenraga
liwat sukuring Yang Manon
mangke Nabi Yusup sira
tan wonten kibir iya
sadera pinara ewu
tan owa ing jangjinira.

69. Anyipta sajroning gali
atut Yang Sukma wisesa
tan owa ing jangji mangko
ri sampunira mangkana
tatkalanira memba
sang putri sira kawuwus
angadhang jenenging marga.

70. Awastra wilulang singgi
kulambi kulit ing mindha
padha ranbinebed mangke
anguwu ing Srinalendra
Yusup mandhega sira
tingalana mangke isun
tan kapiarsa denira.

71. Dening gredeg ing umiring
kang lebu mletuking angga
lir kukus sang putri mangko
kabledugan lebu sira
datan pendha aguyang
neher Jabrail tumurun
angucap ing Yusup ika.

72. Yusup tumedhaka dhingin
saurana ta denira
ujaring wong wadon mangko
ya ta glis tumedhak sira
sing luhuring wahana
amurugi Nabi Yusup
dhateng wong wadhon punika.

73. Nulya ataken Narpati
sapa sira nini tuwa
ngandhegaken isun mangko
sumaur Putri Jaleka
lali ta gane sira
Putri Jaleka ta isun
Bagendha Yusup ngandika.

74. Paran karyanira iki
sumaur Putri Jaleka
isun arsang sira mangke
tanpa laki isun tuwan
lamon tan sira uga
muwa mali tuwan iku
tanpa rabiye tan amba.

75. Sumaur mangke Narpati
isun datan arsang sira
rupanira ala mangko
belek anyangkul tur tuwa
lagi sira kasiyan
tur anembang brahala iku
Jabarail mangke mojar.

76. E Yusup palapen ugi
Jaleka iku denira
wus pakenira Yang Manon
pinangka rabi yan tuwan
aja tuwan sangsaya
rupane ala puniku

ingayokaken dening Yang.

77. Ala rupane inguni
deni belek nyakul ika
dinadeken ayu anom
dening kasiyan punika
sinungan sugi ika
dening mali kapiripun
sinungan iman dening Yang.

78. Tanpa timbalan Yang Widi
asihing Putri Jaleka
dan sang putri sira mangko
ingusap lawan lirira
dening Jabrail ika
atema waluya iku
anom sor rupaning kuna.

79. Kaliwat pelag ing warni
saking panganggening dunya
satingalira sang katong
ing sira Putri Jaleka
kacaryan sira mulat
babalik mana sang prabu
kang tan ayun dadi arsa.

80. Atemahan asi brangti
anuli kinawin sira
dening Jabarail mangke
sampuning kinawin sira
Yusup mareki garwa
arsa anyepeng sang prabu
ambakta mantuk ing pura.

81. Sang Putri malajeng aglis
nunten dhateng dalemira
sigra tangkeb lawang mangke
mantun arsa ing sang nata

tinutaken denira
sarwi amalampa pintu
dangu datan winenganan.

82. Wegeg tyase Sribupati
yen tan mantuka awirang
dhateng pogawi sagunge
saksana mantuk sang nata
ingiring dening bala
sarawu irang kadhatun
nunten malebet ing pura.

83. Sarawue Sribupati
mangu tongtonen ing sira
ing karsanira sang katong
arsa sira dhateng ana
tan kawarna sang nata
Putri Jaleka winuwus
karya pangabakti ing Yang.

84. Mantun mangke sira brangti
ing Bagendha Yusup sira
dening sampun sinung mangke
ganti pangandel paningal
denira sang Yang Sukma
anirnaken karsanipun
mrilyan gumanti brangteng Yang.

85. Kocapa Srinarapati
dalu medal si jro pura
dhateng ing sang putri mangke
sarawu ira ingrika
natab pintu sang nata
amundhut wenganing pintu
sinapa dening Jaleka.

86. Nabi Yusup ngandika ris
tambanana laraningwang

sumaur sang putri alon
E Yusup wangsula sira
mari sun arsang sira
na lewi singgi raiku
kang pinangka gantinira.

87. Asru dinedel kang kori
denira Srinaranata
bela kang babakan mangko
sang Putri malajeng sira
tinut dera sang nata
sapuruge tinut pungkur
sedhenge mangke kacandhak.

88. Sinepeng Sang Raja Putri
kinipataken ta sira
anuli malajeng mangke
cinandhak rasukanira
sebit mangke ing wuntat
nuli kacekel sang ayu
denira Srinaranata.

89. Angandika Sribupati
apuranen isun tuwan
saking brangta nisun mangko
ya ta Jabarail prapta
sarwi sira angucap
Yusup tan beda iku
polae Jalekang tuwan.

90. Kedanan winales brangti
asi winalesing dama
paran pinaranan mangke
amburu binuru iya
mangkana ugi tuwan
anebit sinebit iku
sami kulambi ing wuntat.

91. Wonten andikaning Widi
mangkana kirtyeng kawula
sagalepung miber mangko
gawene praptang kiyamat
winales uga sira
kang becik winales luhung
kang ala winales ala.

92. Sakadare den lampahi
samono wawalesira
lan adilira Yang Manon
asi ing kawulanira
mangkana mali tuwan
sakeing amacang rungu
yogya wistara eng lampa.

PUPUH XIII. DURMA

1. Ri sampunira mangkana Putri Jaleka
pinanggiaken mali
dening malaekat
nulya Putri Jaleka
binakta dening narpati
dhateng ing pura
wus rawu ing jro puri.

2. Kapanggi kang malige wus sinaosan
pinapajang angrawit
tan kena winarna
dening pelag kalintang
neher sira raja putri
binakta mingga
ing pagulingan aris.

3. Tansa ing pangkon datan pegat winangwang
henti mana narpati
mulat ayunira

lir muksa kedhepena
ciptanira Sribupati
pantes ora na
wong ayu kaya iki.

4. Sira sang prabu mesem sarya ngandika
sapa yu kaya iki
wadana gumawang
kadi sasi purnama
tan kewran mega ahening
netranira a-
manis lir madu gendis.

5. Yen angandika manis lir gula drawa
yaya metua gendis
remanira panjan
memeki jemang raras
patitis kadi cinawi
Srinata atap
lir mega ngemu riris.

6. Grana bangir tenggeke anglung ing jangga
netra balut alindri
wadana gumawang
lir ukiran kancana
singa ingkang aningali
tan wonten kawa-
sa marnaha ing kawi.

7. E Yayi ora no gon isun tumingal
kamainsening istri
kang lyan saking sira
sang raja putri mojar
di gen tuwan ta mengistri
kule pun tuwan
muji ing lyan puniki.

8. Bagendha Yusup aris denya ngandika

nengge mantuk ing ngarsi
E Nini ta sira
ing kina Srinalendra
adrebe syami ta Nini
mundur ta isun
mangko kang anggenteni.

9. Sumaur aris sira Putri Jaleka
astya isun iki
yen kang kena soma
dening Srinaranata
ingriki isun inguni
Pangeran isun
kang lewi angawruhi.

10. Salami nisun ana ing Mesir tuwan
tan kagepok sademit
lan Srinaranata
salami nisun ana
ing Mesir nang Sribupati
lan isun ora
wru ing ratu puniki.

11. Utawi yen lanang wadona sang nata
tan lyan paraning ati
anging sira tuwan
katingal ing wardaya
rina wengi anggeng brangti
karaning ati-
lar sasana uni.

12. Atilar yaya bibi angrusak raga
arta kagungan nenting
prandene tan ketang
wet nikendahan dahat
ing tuwan isun inguni
neher apajar
purwakane sang putri.

13. Tinutur duk sa saking nagaranira
Yusup ngandika aris
kalingane sira
Yayi masi wuwujang
sumaur Sang Putri aris
inadyang tuwan
denira sang Yang Widi.

14. Kalintang sukanira Srinaranata
lan sukur ing Hyang Widi
mangke henengena
sira Srinaranata
ana kang kocapa mali
sang brangta ing Yang
ambucal raganeki.

15. Atinggal dunya anak rabi tan ketang
ing puranta ra lali
dening brangta ing Yang
mangkana ta punika
pinangkan dhe andhe mali
ing mangaripat
kang brangta ing Yang Widi.

16. Ri sampuning Sang Raja Putri apajar
sapolahirang nguni
yen atmajanira
Sribupati ing Temas
paduka Sriprameswari
sira sang nata
warta dhateng ing syami.

17 . Wruanira yayi yen isun atmaja
nira nabi Yang Widi
Yakub namanira
kaprena putu dening
Bagendha Iskak ta mali
kabuyut iya

ingsun dening Ibrahim.

18. Iya iku ingaken mitra dening Yang
katiga iku yayi
kaprena tutuwa
nisun iku sadaya
sami nabining Yang Widi
sampun apajar
satingkaira nguni.

19. Tan kawarna pola Srinalendra miwa
sang raja putri kapnet
tan miharsa tutur
rira sang nata sami
sukur ing Yang Widi sami
amaca tasbi
lawan takebir.

20. Ingkang ketang si pramulening Yang Sukma
dhateng sira sakali
liwat sukanira
antuk garwa apelag
tan ana kang amadhaning
tan kawarnaha
wau denya pulang si.

21. Sambada ing warna ayu lan apelag
tan kawarna ing latri
kawarnaha enjang
pinareking pawongan
alinggi ing kathil rukmi
Sriprameswara
jenger kang aningali.

22. Sang prabu mali mijil mangke sinohan
dening saguning mantri
muwa para nata
tembaking panangkilan

tanpa ligar akatha ing
anata sowan
upacara narpati.

23. Sewu abakta pedhang sami warangka
mas abusana asri
sami jeneng aneng
wurinira sang nata
sang prabu ngandika aris
ing pati uwar-
rana kabe wong Mesir.

24. Padha konen sadaya gagasa sawa
den tekang luhur wukir
aja na las tewang
sigra mangke sohara
dhumateng ing tepi swiring
paminggir desa
sugri nagara Mesir.

25. Kawarnaha bumi kang wus kawisesa
idheping Sribupati
dan sira sang nata
panjenengira raja
tigang dasa taun mali
ing wadahira
tuhu yen adi murti.

26. Sapisan satuhilan yen miyos sineba
mangke Srinarapati
angayengi praja
aniti ing turangga
sumreg kang bala umiring
apajeng kapra-
bon saupacara sri.

27. Kadi sekar sataman yen tiningalan
dan kawarnaha mali

pakreti sang nata
ucapena denira
aken lumampaha singgi
andikaning Yang
atangge ing tan yukti.

28. Atulung ing wong kinaniaya sira
alabaning asidi
angapurang mindha
nir modha ing kasiyan
atulung ing kawlas asi
tan anglara ning
nalaning kawula lit.

29. Mapan ingaken astana ning Yang Sukma
atining mukmin singgi
yen wenten awara
tumuli dera pegat
yen samya tur atur sami
datan kapalang
pamales Sribupati.

30. Yen wenten wong miskin anjajaluk prapta
tan suwe sinung aglis
asi ing dhatengan
mangka di bakti ing Yang
samapta ing bumi Mesir
panjenengira
Nabi Yusup narpati.

31. Srinalendra kedhep aparenta bala
pra samya lulut asi
wedi tan samanya
lumu ta ningalana
kajana priya ing bumi
yen Srinalendra
palamarta dimurti.

32. Ategu ing pangubaya Srinalendra
datan kapalang singgi
yen sira sung dana
sugri ing wong kasiyan
sinungan adeng narpati
kang sugi dadya
wayan sinung daneki.

33. Ri sampuning alami panjenengira
tan kawarnaha mali
sampun apuputra
jalu pekik kaliwat
ingaran mangke Ibrahim
dan kawarnaha
dadi sarwa binukti.

34. Anuli pitung taun kang daden sira
punang sasawa sami
neheraken sira
nempura ing bumi lyan
ake antuk beras pari
kinen denira
Sribupati ing Mesir.

35. Akaryaha lumbung karangkeng den kathang
padedesan paminggir
pitung atus kenya
katha ingkang wawadha
gening asimpen
bras pari dhateng
sakehing dami sinimpen sami.

36. Pinangka panganing kebo sapi onta
katha antuk narpati
nempur ing desa yan
ing bumi nusantara
sinung linonga sami
santukinga

sasawong bumi Mesir.

37. Yen anglonga sakadare den pun tedha
sampun ing dadi wuli
pitung taun pisan
mali tan wenten warsa
sami katerangan mangkin
anuli terang
kang pitung taun mali.

38. Rawuhi taru lata samya king sira
akatha kang nagari
kena ing paila
dhateng ing taun sapta
pahala tembe ya niki
pra sami prapta
dhatengi bumi Mesir.

39. Rawu sakeing wong kang kenang paila
wong Kanahan wong Rumi
Basara Bagedad
Masirik sami prapta
Magerib bumi lyan mali
akatha punang
desa prapta ing Mesir.

40. Kang teka rumuhun nempur ing sang nata
anama Kendar singgi
putraning Bagendha
Ismail mangke sira
kaprena paman ta singgi
dera sang nata
amisan lan narpati.

41. Wong menak punika prajurit ing Meka
prajurit Arab iki
tigang atus mangke
ing luhurira godheg

simbar jaja asri
pitung gas jembar
ring bau kanan keri.

42. Kang caya Bagendha rasul katingalan
sumunu anelehi
kalanira prapta
manjing jro Mesir sira
wong atunggu lawang sami
gamel iku dan
nira wong menak iki.

43. Kang atunggu pintu wau sami mojar
sampun age umanjing
dereng wonten jiyad
ira Srinaranata
yen aken amanjing singgi
wong menak Kendar
dereng asor ring jalmi.

44. Tatkalanira ginamelan kang kuda
bendunira tan sipi
arsa ngunus pedhang
mojar atunggu lawang
sarwi gumeter saryang ling
lamon ta tuwan
mejana amba iki.

45. Sawiyos mangsa na luputa deng tuwan
sabarakena ugi
amba atur uninga
rumuhun ing sang nata
aglis matur ing narpati
yen wonten putra
nira Bagendhas Mail.

46. Arsa amareka ing Srinaranata
amaya caya singgi

Nabismail ika
ya ta wikan sang nata
yen ramanira kang prapti
kine ngaturan
denira narpati.

47. Ri sampuning apanggi layan sang nata
sinuba suba sarwi
ingaturan wastra
wong satunggal tan ana
wikan pasung sung narpati
wong menak Kendar
pribadi angawruhi.

48. Mangkana mali sira Sang Yang Wisesa
asung nugrahan singgi
ing kawulanira
datan ana wikana
gunging nugrahan Yang Widi
amung pribadi
nira kang angawruhi.

49. Ri sampuning mangkana wong menak Kendar
prapta ing Meka aglis
ake rawung sira
ing Mesir desa liyan
ambakta salaka rukmi
den wade sawa-
ne angurub bras pari.

50. Rawu ing taun kapi kali wus telas
punang salaka rukmi
umaira telas
den urupaken ing bras
taun kaping tingga mali
rawu ing papa
yon inggirya wus senting.

51. Rawuhi taun kaping pat kang kocapa
telas panganggeneki
den urupaken bras
rawu taun ping lima
kadang warganipun enting
den urupaken
sadaya ing bras pari.

52. Rawu ing taun kaping nem mangke sira
anak putune enting
den pagutaken bras
neher wong Mesir sira
sami maturing nrepati
sampun ta tuwan
mangke wade bras pari.

53. Kawula tuwan ing Mesir kirang tedha
pangandika narpati
norang Mesir dhawak
prenahe pari ika
saking desa lyan inguni
dimone padha
muli mring gene mali.

54. Ing mangsa iku Mesir padha paila
ambubur kabe sami
tekeng taun sapta
telas bras parinira
sang nata ing Bumi Mesir
andikaning Yang
mangke kocapa mali.

55. E Yusup sira linggiyang panangkilan
konen kabe wong iki
mareka ing sira
wikana ugang sira
pan wareg sadina iki
dhateng ing patang

wulan kirangan bukti.

56. Rawu ing pitung taun kabe wong ika
samya dol awak mali
ngawulang sang nata
kocapa Yusup ika
katekan sabda Yang Widi
E Yusup iya
kabe kang teka iki.

57. Sakehe kang angaku kawulang sira
sun wehaken ta iki
panggunggung Yang Sukma
dhateng ing Yusup ika
dinadeken ratu adi
Bagendha Yusup
mangke ing Bumi Mesir.

58. Kinamulen sira ing Yang dunya kerat
mapan tan pati pati
ingangkat dening Yang
darajat ing kawula
ing dunya kerate mali
yen tan anglampahi
duka nastapa nguni.

59. Sakadare nastapane duking dunya
sakadare gungneki
tembe ing akerat
kadi nabi kang mursal
pekir leli gunge iki
saking nabi kang
dadi ratu ing bumi.

60. Sang prabu mangke angglaraken sidheka
mangke ing pekir miskin
rawu sinungan bras
mantuk sinangon pisan

yen wenten wong pekir miskin
saking Sam sira
ing Kanahan kang prapti.

61. Mangkana mali sira Putri Jaleka
yen wong asambat sami
sing nagari Temas
muwa saking Kanahan
lintang pasungsung sang putri
kinen awarta
pola ing Yakub singgi.

62. Sakalangkung wlasira ing maratuwa
myarsa wartane mangkin
dan sira sang nata
ameling ing jajahan
yen ana wong amradesi
sidekahana
mangke ing beras pari.

63. Tatamunen upasubahen denira
gawanana yen muli
mangkana ta yen a-
sambat saking Kanahan
upasubahen den becik
poma pacuwan
kedhiking pangupadi.

64. Ya ta kasuhur mangke kajana priya
yen sang nata ing Mesir
angglaraken dana
sideka pari beras
mangke sami rawu aglis
kang kenang lapa
marek ing Sribupati.

65. Den kawarnaha wong ngesam sami prapta
antuk sideka iki

turing ngupasuba
kinamulen sang nata
ing sarawuira sami
bumi Kanahan
marek ing Yakub aglis.

66. Awarta polahira ing upasuba
sang nata liwat asi
muwa kamurahan
nira Srinaranata
muwa warnanira pekik
tur palamarta
anglembana pinuji.

67. Tan wonten kasep ing rawu ngupasuba
sinung sideka mali
dadya myarsa warta
Nabi Yakub ta sira
yen angucapa ing ati
Srinaranata
alamat ing wong arip.

68. Marmanira Bagendha Yakub ngandika
wọng arip Sribupati
tan wikan yan ana
nabi ing yusanira
yen sira ngucap angati
yen sun konganga
yakti sun amarani.

69. Pili anak isun Yusup ngadeg raja
sampun mangkana mali
wenten kawarnaha
putraning Yakub ika
mareg ing ramane sami
sarwi karuna
sadaya matur riri.

70. E Bapa patang pulu taun ta amba
tan tuwan sapa sami
tan sinudi karya
tan lineraning tingal
tuwan apuraha sami
dosanira nak
tuwan kabe puniki.

71. Lan amba keneng painglan agung dahat
lami sami angeli
tuwan tedhakena
amba ing sang Yang Sukma
sungana rajeki sami
sumaur rama
nira mangsuli aglis.

72. Isun angrungu wartanira sang nata
ing Mesir nengge kaki
glaraken sideka
datan ana sepira
pan sami tinami tami
tur kinamulen
mantuk den gagawani.

73. Lan kadi pekik rupane kalintang
lir modeng kawlas asi
la sami mangkata
sakabe iku sira
dhateng ing nagara Mesir
malaranaha
wilasane narpati.

74. Lewi si yen asambat saking Kanahan
matur putrane sami
miyarsa sing sapa
bapa tuwan punika
kang rama sumaur aris
ana wong lintang

awawarta ing uni.

75. Angandika Bagendha Yakub ning putra
yen nandhang dosa sami
la padha mangkata
dhateng ing Mesir sira
sakabe padha den aglis
pan sami matur
sadaya putra iki.

76. Kang marek ing ratu punika ta rama
bakta dagangan mali
muwa ta ruruba
bakta sup lan sangkelat
ngandika kang rama mali
pangrungunisun
tan arsa winalesi.

77. Wartane ratu iku kaliwat mura
lamon sirarsa kaki
yen atur atura-
hana iku sangkelat
inalbanat lan sup iki
la aturena
dera ing narpati.

78. Lamon tinanggapan ta sira nedhaha
sideka ing narpati
tuturen ta padha
mangko luluhurira
malarana si narpati
ing sira padha
sumaur putra sami.

79. Lamon tan antuk atutur ratu tuwa
kang rama ngandika ris
asambata sira
pekir garib sang nata

nedhaha sideka kaki
pra sami wine-
weling kang putra sami.

80. Yen sira marek kaki maring sang nata
aja mandheng rarai
jage lunggu sira
yen tan kinen linggiya
lamon tinakonan kaki
ya sala kecap
lan ulat dena lindri.

81. Lamon sira kinen lunga deng sang nata
lunga ja noli noli
yen sira tinanya
den aglis sumaura
aja sala ujar kaki
ya sala kecap
yen tan tinari kaki.

82. Mangkana mali wong asambayang ika
kang marek ing Yang Widi
lamon tan jatmika
minge minge jro salat
andikanira Yang Widi
paran gawene
minge minge ta iki.

83. Paran den dulu ana kang lewi ing lyan
saking isun puniki
dume sala tingal
ing sajroning sambayang
kulehe anembang mami
yen ana iya
kang lewi saking mami.

84. Ri sampuning mangkana sira kang putra
samya tur salam bakti

ngaras padhanira
pra sami mangkat sira
dhateng ing nagara Mesir
tan kawarnaha
marga glis tekang Mesir.

85. Kocapa sang prabu ing Mesir denira
amemeling ta mangkin
ning atunggu lawang
kitha Srinaranata
mapan lawang kitha iki
tunggalan bana
pinangkane wong prapti.

86. Babahan kang saking Sam saking Bagedad
sami tunggalan kori
muwa saking Yaman
ing Kanahan ta sira
saking maserik magerib
muwa sing Meka
tunggalan pintu sami.

87. Sang nata mekas karya wot pepegatan
sirang atunggu kori
yen ana wong prapta
aja ge sira sapa
aja ge sinungan manjing
ya ta konana
pinangkane karihin.

88. Takonanna rumuhun yen ana prapta
saking nagara endi
lan gawene apa
apa den gawa muwa
lan paran bangsane iki
yen wis karuan
bangsa lan karyaneki.

89. Akirima atur maring isun sira
sampun sadaya sami
wineweling punang
atunggu lawang ika
muwa wong alang kori
kang saking ing Sam
sarwi nunggang turanggi.

90. Ya ta sami rawu mangke putranira
Nabi Yakub ing Mesir
samya jeneng sira
mangke jawining kitha
wonten ing balungbang singgi
satingaling a-
langlang kanggeg ningali.

91. Kagawokan dening rupa pekik dahat
Dirgambirama singgi
asmuning jatmika
datan kena winarna
gandanira mrik awangi
jenger ta punang
ngalang lata ken aris.

92. E sapa baya mangke kang rawu ika
tan samnya wong iki
punang tunggu lawang
sami ataken sira
pukulun sapa kang prapti
jumeneng jawi
ning balungbang puniki.

93. Saking ngendi pinangkanira ta tuwan
punapa karya singgi
lan punapa bangsa
ambakta paran tuwan
amba wineling inguni
deng Srinalendra

tan sinung manjing kori.

94. Lamon tan karuan ing pataken amba
mangke sira samyang ling
isun saking Ngesam
desa nisun Kanahan
putranira Yakub nabi
bangsane iya
isun abangsa nabi.

95. Bagendha Yakub iku weruhanira
kaputra iku kaki
dening Nabi Iskak
muwa ta Nabi Iskak
putranira Nabi Brahim
jujuluk iya
wong sanak ing Yang Widi.

96. Karaningaken wong sanaking Yang Sukma
nora bukti pribadi
yen wenten dhatengan
ya ta sumaur punang
alanglang babahan iki
sami kacaryan
mulat kang wau prapti.

97. Aturipun agung temen bangsa tuwan
layan warna apekik
pantes yen ngandika
arum mamanis dahat
lan ulat semune sami
kadi prawira
pantes dadi prajurit.

98. Punapa karya singgi mariki tuwan
neher sira samyang ling
yen sira samyarsa
ngupadi papari bras

arsa marekang narpati
punapa atur
tuwan dhateng narpati.

99. Ya ta sami tumungkul sira awirang
ya ta ngandika sami
aja age sira
katon aken punika
atur aturira iki
meneng tan angan-
dika kabe puniki.

100. Mangkana mali wong mukmin ing jro jarat
tinakonan ta sami
dening malaekat
yen pataken kajawab
nanging yen tinanya sami
panggawenira
meneng sira tan angling.

101. Kemengan mangke tan wru sanggupa nira
polahira awor iki
panggawene ala
lawan abecik ika
dadi mene datan angling
mangkana sira
putunira Ibrahim.

102. Ri sampunira mangkana atur surat
kang langlang ing narpati
aniti ing kuda
dhateng ing panangkilan
nuli medhek ing nrepati
saatur semba
angaturaken tulis.

103. Aglis tinanggapan denira sang nata
pan winaos pribadi

tanduking nawala
pukulun Srinalendra
patik Bra atur topeksi
wonten kang prapta
sadasa katha neki.

104. Asambat bangsa nabi kabuyut ika
dening Nabi Ibrahim
ingkang waya Iskak
putraning Yakub ika
warnanira sami pekik
panjenengira
Dirgabirama singgi.

105. Pangandikanira arum manis dahat
ing namanipun singgi
ingkang sepu pisan
Yahuda namanira
sira Robil kang sumedhi
Samaun ika
sira Lawi sumendhi.

106. Sira Ruyalun sira Yasjar punika
sira badan sumendhi
sira Analika
sira Jadun punika
sira Arsi nama mali
arsa mareka
mangke ing Sribupati.

107. Arsa ngupadi bras pari karsanira
nedha sideka singgi
ing Srinaranata
ya ta ri sampunira
amaos serat narpati
paningalira
peteng waspa umijil.

108. Supe duk tumetes waspane sang nata
sadaya kang anangkil
pan sami kapnetan
sagungi para nata
mangkubumi datan angling
tan wikan sira
kalinganing narpati.

109. Ri sampunipunira kendel Srinaranata
palastha maos tulis
sigra aluwaran
mantuk ing dalem pura
ingandikan Kyan Apati
layan utusan
wonte wiyos ping kali.

110. Neher tinutugaken denira maos
serat Srinarapati
sampun maos serat
karuna Srinalendra
sampun ing mindel anuli
ataken sira
dhateng kang atur tulis.

111. Wis pira lawase wong ika kang prapta
paran tingkahe mali
panganggone paran
aturira utusan
sapeken lamine mangkin
kang warna sami
kusut kusut priyatin.

112. Panganggonipun kumel amo kalintang
miyarsa Sribupati
karuna alaran
Kyan Apati kapentan
tan wikan kang mawi runtik
ri sampuning sang

prabu kendel lan nangis.

113. Rakyan apati matur ing Srinalendra
pukulun Sribupati
punapa kalingan-
ing karuna alara
paduka bathara singgi
rawu ing serat
karuna paduka ji.

114. Sumaur sang prabu iya Pati ika
sanak isun kang prapti
kang leboken iya
ing jro sumur ing kuna
kang arep padha mateni
kang adol isun
ing Malik duk ing nguni.

115. Iku karanisun anangis alara
dening mangke samyo li
dorakakang Pangeran
sawab denisun uga
kapindho awlas denya ling
dahat kasiyan
lan dening kawlas asi.

116. Karane padha marene iku teka
Sang Apati tan angling
langkung kagawokan
amiarsa andika
nira Kanjeng Sribupati
neher sang nata
mangke nenerat aglis.

117. Kinen sungena ing alanglang punika
punang utusan amit
ing sira sang nata
tan kawarna ing marga

potusan sira glis prapti
ingkang alanglang
den sungaken kang tulis.

118. Nunten dipun waca tanduking ngandika
E alanglang kang prapti
padha suguhana
upasubanen denira
cuwan tan karaksa iki
ing tigang dina
yen wus baktanen aglis.

119. Sami konen sadaya anunggang kuda
busanana sami
ya yangupangsuba
dening alanglang ika
kalangkung tinami tami
pinisalin ing
wastra layan kulambi.

120. Winekas sampun ing genep tigang dina
binakta ing narpati
aniti turangga
tan kawarna ing marga
sampun rawu panca niti
Srinaranata
dereng miyos tinangkil.

121. Dan punang langlang mangke atur uninga
ing pangalasan aglis
lan nini matura
sira ing Srinalendra
yen wong sadasa wus prapti
putranira Ba-
gendha Yakub puniki.

122. Kang utusan marek ing Srinaranata
kapanggi sira linggi

malige kaliyan
paduka Prameswara
muwa putranira kali
saupacara
pawongan mareka Sri.

123. Potusan matur yen rawu putranira
Bagendha Yakub singgi
ngandika sang nata
la konen anuliya
ing padalemane sami
pan wus sinadya
dununganirang uni.

124. Pameng kang kadhaton prenaing dununga
ning tatamu kang prapti
binaktang potusan
sampun kapanggi punang
dalem sinaosan sri
wus ginelaran
pramadani angrawit.

125. Sami atunggalan mangke kaosira
sutra dewangga rawit
muwa kang paremas
saupacaranira
sadaya sampun malandhi
kang sasaosan
dadaharan tulya sri.

126. Inum inuman katha awarna warna
sarbad sarjeng tan kari
tan open kang wastra
pisalin wus sumadya
tangkuluk layan kulambi
sebe ket pinggang
kangsarwa adi adi.

127. Ri sampuning mangkana Srinaranata
langkung suka ing gali
mangkana ting suka
nira Sriprameswara
miarsa yen mangke lagi
sira tami yan
prasanaking narpati.

128. Tumurun sang prabu nulya mring dunungan
ing prasanak sang aji
amemekasira
ing atunggu dunungan
cuwan tan karaksa sami
satadha inum
isun katura iki.

129. Aja kurang poma pasangana damar
dupanana ja kari
matur kang winekas
ingkang atunggu pura
salamining Sribupati
dhatengan boten
kadi mangke puniki.

130. Dening kalintang lintang pangupasuba
nira Srinarapati
ngandika sang nata
aja sira wicara
ing tingka isun saiki
teka si lampa
hana denira sami.

131. Sawewekas isun lampahana denta
nulya sang prabu ngintip
ing prasanakira
kapanggi angandika
sadaya asaur paksi
piniarsaken

denira Sribupati.

132. Kang satunggal tunggal mangke sami mojar
anggunggung Sribupati
kalangkung si ira
mangke Srinaranata
kabe wong kang teka iki
kinamulen tan
kadi sira puniki.

133. Sumaur sira Samaun karanira
kinamulen narpati
dening sambat bangsa
kang satunggal ngandika
manawi Srinarapati
mulat ing warna
nira lan tingkaneki.

134. Kang satunggal mojar manawi sang nata
wlas dening pekirneki
muwa laipira
ya ta sang prabu myarsa
langkung wlasira ing gali
dadi ta sira
miyos waspa narpati.

135. Ri sampuning mangkana mantuk sang nata
tan kawarna ing latri
kawarnaha enjang
kang putra ingaturan
denira Srinarapati
kang nama Ibra-
him rawu tan asari.

136. Kinen angaturena pisalinira
lan dhadharan tan kari
lan inum inuman
iku ta aturenang

tatamu kang rawu uni
matur sang raja
putra sapa puniki.

137. Sumaur sang prabu kaki wruhanira
kabe wanira iki
kang putra ngandika
kang anangsara tuwan
kang anepaki inguni
ikang akarsa
amejai bapa Ji.

138. Kang anglebokaken ing sumur ing rama
ingkang adol inguni
angling Srinalendra
marga nisun katekan
dadi ratung kene iki
iya denira
uwanira ta kaki.

139. Sumaur kang putra di dipune uga
sami paila singgi
sanak tuwan rama
ngandika Srinalendra
E anakisun ajang ling
kaya mangkana
wus karsaning Yang Widi.

140. Kang anitahaken ing kawulanira
lami yang aden aglis
aturena uga
pisalin iku denta
lawan iringena kaki
yen ana takon
aja sira ajati.

141. Ya ta mintar atmaja Srinaranata
Srinalendra umijil

kapanggi kang bala
pepeking pagelaran
anangkil ing Sribupati
saupacara
asri yaya ing tulis.

142. Tuhu yen ratu agung Srinaranata
satingkaira lewi
ya ta putranira
prapta i parnahira
sinungaken kang pisalin
sarwi angucap
yen ingaturan sami.

143. Sapaningalira ing sang raja putra
aremen awor asi
ningali kakarsa
nira sang raja putra
kalayan warna apekik
sami ingangge
pisalin aglis mijil.

144. Ingiringaken raja sunu lumampa
kapanggi Sribupati
sirang panangkilan
kang prasanak sadaya
aningali sinung pangling
dera Yang Sukma
narpati sinung eling.

145. Nanging sanakira kang nama Yahuda
kasurup Sribupati
tan enget tudunya
sira satunggal tunggal
neher Jabarail prapti
atudung sira
satunggal tunggalneki.

146. Punika sira Yahuda ling ing malekat
sira Robil puniki
Samaun punika
ri sampuning mangkana
aglis sami kinen linggi
prasanakira
denira Sribupati.

147. Nulya sami tinakenan dera sang nata
Tuwan wong saking endi
lan punapa karya
neher sumaur amba
wong saking bumi Sam singgi
lan karya amba
angupadi bras pari.

148. Desa amba ing Kanahan kapailan
karanamba mririki
angling Srinalendra
kadi tan kenang lapa
ing tingka tuwan puniki
manawi tan es-
tu ngupadi bras pari.

149. Wong pira singgi mariki rencang tuwan
sumaur wong sadasi
angling Srinalendra
kaya tansa puluha
tuwan marang kene iki
pantes ambakta
ing wong salaksa siji.

150. Wekasana taken sapa putrang tuwan
saurira mangkya ris
amba iki tuwan
anak ing sidik ing Yang
Nabi Yakub namaneki
sanak amba la-

nang ro helas puniki.

151. Kang satunggal ical punika kalintang
warnanipun apekik
anom pisan tuwan
dening kabe punika
lintang sihing yaya bibi
ngandika sang na-
ta mayan reke sidik.

152. Kulehe asi ing anak anom ika
norang kang tuwa mali
nulya sira mojar
eman tuwan tan wikan
ing sanak amba inguni
lamon ta tuwan
wikana yakti luwi.

153. Amba puniki sami asi ing kina
sampunipun angimpi
areta ing rama
lari tan dhemen amba
ngandika Srinarapati
paran ta iya
impenipun inguni.

154. Sami umatur anengge reke tuwan
tuturing rama singgi
nengge dados raja
amba reke ngawula
asujud ing Sribupati
angling sang nata
la mangke ta wus dadi.

155. Apa nyana tuwan uwus rika nora
sami umatur aris
manawi wus tuwan
isun wasmayeng rika

karana ramamba nabi
mangsa linyoka
angarti impen singgi.

156. Kados boten jumeneng ratu ing dunya
manawi kendran benjing
mesem Srinalendra
amiarsa pangandi-
kaning prasanak iki
yen angucapa
tuhu pangling sireki.

Pupuh XIV. PANGKUR

1. Wonten sabdaning pandhita
kang kocapa wong alul tapsir mali
wasta Ibni Abas iku
akecap laminira
Bagendha Yusup sa saking sumur iku
lan apapanggi lan sanak
lawan ramanira mali.

2. Kawandasa taun sira
ana mojar wong alul tapsir mali
umurira rarenipun
lan apanggi lan rama
lan prasanak nengge patang pulu taun
laminira sira pisa
lawan ramanira iki.

3. Ri sampunira mangkana
alami prasanakira nang Mesir
sangsaya si sang Ahulun
wong Mesir tumut hormat
ngandika Samaun ing prasanakipun
duk isun prapta ora na
andulu anapa iki.

4. Mangko arep muli amba
wong Mesir ika padha mule asi
sumaur ta sira Yahud-
a karaning ake hormat
dening sang nata asi mule kalangkung
muwa sakathaing bala
milu asi mule Widi.

5. Sing kang mule dening arta
tan dadi mule tan ana ngajeni
mangkana ta mali iku
sing kina mulening Yang
sakeing kawula ngamuleni iku
dadi tumut ta si mulya
dening Yang Asi ing dasi.

6. Ri sampunira mangkana
saprasanakira narapati
sami amit ing sang prabu
ngandika Srinalendra
tekaha kabe mali tuwan ing besuk
baktanen ta sanak tuwan
kang kantun punika singgi.

7. Wretaken nang rama tuwan
yen isun kang aken bakta amangkin
malarana apasungsung
ngamba ing tuwan padha
nulya sinung bras pari tan katha iku
sakira kira ing marga
karana enggala bali.

8. Lingira sira sangnata
ing mangke tuwan ora sun wewehi
muwa tempuran puniki
nora sun sungi tuwan
yen rawu anggawa ing sanak ing besuk

sun wei tuwan tepuran
la yen tuwan prapta mali.

9. Yen tan kagawa prasanak
sakulak tuwan nempur mangsa oli
prasanak sakabe matur
dhateng Srinaranata
singgi yen asung rama amba puniku
amba bakta dhateng tuwan
sangkelat katura singgi.

10. Aturenang Srinalendra
ya ta sangkelat ngaturaken aglis
ngandika sira sang prabu
nora alapen uga
anging sanak tuwan baktanen ing besu
arsa sun weru ing rupa-
nipun kang kaliwat pekik.

11. Sami apamita sira
asung salam anjawab tangan kali
sakeing kang marganiku
sami dinuk ing surat
sami kinen rumaksa dening sang prabu
kinen angupasubaha
tan kawarnaha ing margi.

12. Aglis rawu ing Kanahan
nuli marek dhateng ing rama sami
pra samya angambung suku
ning ramanira tanya
la teka kabe sira kakyanak isun
matur mangke putranira
singgi pan sadaya prapti.

13. Sami matur sirang rama
si pamumulene Sribupati
muwa pekik warnanipun

lan palamartanira
myang kadi baktinira ing Yang sang prabu
mesem mangke ramanira
sampun ing mesem anangis.

14. Matur atmaja sadaya
kule punta mangke tuwan puniki
tas mesem karuna iku
sumaur ramanira
karanisun mesem konga gandanipun
angrungu pawartanira
mulane isun anangis.

15. Sami matur putranira
yen sang nata mekas anggawa yayi
aken wangsula sang prabu
Nabi Yakub ngandika
nora sun awe manawa dera apus
kaya kang karihin ika
putranira matur sami.

16. Mangsa makatena amba
sasampuning dorakamba inguni
ing tuwan muwa Yang Agung
ing panyananing rama
apa karane Abuyamin puniku
linalaran deng sang nata
angsa wong liyana iki.

17. Mangsa dudu anakingwang
Srinalendra tan kawarna amangkin
alami denira rawu
watara limang dina
sami marek sadaya ing rama sampun
punapa ta tingka amba
la pa kakirangan bukti.

18. 'Yen ta rama tanpa sunga

yakti peja angling kabe puniki
anempura beras pantun
sakulak mangsantuka
yen tan kabaktaha yayi Mesir iku
angandika ramanira
la baktanen Abuyamin.

19. Sun srahaken Ing Yang Sukma
lan sangkelat ya aturena maning
sang prabu ing Mesir iku
manawa sira nyoba
lamon asung gung tanggapana ta iku
lan iku kikirim isun
ing sira sang nateng Mesir.

20. Tangkuluk Ibrahim ika
lan salam amba pajaren ta kaki
an poma wewekas isun
pacuwan alpa sira
lamon kala sira manjing kutha iku
aja sira manjing lawang
sawiji kabe ta sami.

21. Manjing ang jro lawang sira
roro roro ing karep isun iki
kang cipta Bagendha Yakub
manawa mangke sira
kinantunaken dening prasanakipun
karaning mojar mangkana
Bagendha Yakub puniki.

22. Wonten pandhita lyan mojar
negesaken karsaning Yakub iki
ikang karuhun puniku
dereng kinawruhan wang
wekanipun raatuwa sampun katha wru
tan kawarnaha denira
enjang adan sami pamit.

23. Tan kawarnaha ing marga
glis prapta mangkeng nagara Mesir
wewelinging rama sampun
sami ingidhep sira
aja pisa den roron roro malebu
anging Abuyamin dhawak
kapisa manjing pribadi.

24. Pra sanakira tan wikan
sira Buyamin tan wru paraneki
datan wru ing basanipun
miwa wong Mesir sira
nora wikan basaning Buyamin iku
ya ta Jabarail prapta
mring Yusup apajar aglis.

25. Yen sanakira sarama
sebu prapta jeneng lawang Sam singgi
tan wru polahanira sing
den takeni tan wikan
nora nauri pan tan wru basanipun
den agelis paranana
den kadi wong amradesi.

26. Glis mangkat Srinaranata
akampu alaku kudhang sireki
sarwi niti onta sampun
sarya sira karuna
amiarsa wartaning Jabarail iku
langkung wlas ing arinira
sampun ing mindel lumaris.

27. Sarawu irang lawang Sam
kapanggi Buyamin jenenga nganti
tan wru ing polahanipun
nuli sinungan salam
dening sang nata basa Ibrahim iku

E wong santri endi sira
an sira arep mingendi.

28. Lawan paran karyanira
sumaur aris mangke Abuyamin
wong saking Kanahan isun
ajeng angupadi bras
dhateng i riki ing Mesir karsanisun
sira sapa atatanya
werung basanisun iki.

29. Talyan tuwan mangke wikan
basa amba sumaur Sribupati
wong buminira ta isun
wikan kabe ing sira
yen sira basa imra neher sang prabu
angunus ing pinggelira
nganggeken ing Abuyamin.

30. Ajining pinggel puniku
gangsal laksa dinar pangajineki
Buyamin aris amuwus
paran kalinganira
ya ta mesem sang nata enggonen iku
pan sun sungaken ing sira
lan sira miluwang mami.

31. Isun tuduhaken sira
prenahe sanakira kabe iki
sira Buyamin amuwus
sarwi karuna sira
tan arasa isun pisa la tuwan iku
sumaur Srinaranata
aja wancak darya iki.

32. Pilihana parmaning Yang
sira apapanggi lan isun maning
nulya Buyamin tinudu-

aken prasanakira
satingalira Buyamin sanakipun
pan sami anunggang onta
anjeneng wonten ing kori.

33. Buyamin prapta ing sanak
dan sang prabu sira mantuk tumuli
ing satingalira wau
mangke kang para sanak
yen Abuyamin rawu aglis tumedhun
taken saking endi sira
lawase tan kaya iki.

34. Apekik suwarnanira
sumunu cayanira anelehi
Buyamin ris amuwus
dening suka kalintang
mana isun mojar saprasanakipun
suka denin apa sira
sumaur sira Buyamin.

35. Wonten wau wong adagang
nunggang onta ngucap ngucap lan mami
sarwi asung pinggel mring sun
miragegelangira
kecaping Yahuda sun tingali iku
sinungaken mangke sira
ulya ingangge tumuli.

36. muksa gegelang punika
wonten ing astane Buyamin mali
siro Robil mangkya dulu
ingangge muksa ngasta
mantuk mali ngastane Buyamin iku
Buyamin aris ngandika
kakang gegelang puniki.

37. Ginanti dening prasanak

samya ingangge pan makaten ugi
kang raka langkung gegetun
sami gawok umulat
sami mojar kaya tan samanya iku
manawi ta malaikat
kang asung ing sira yayi.

38. Buyamin mangke ngandika
tan wru amba mangke kalinganeki
nanging nunggang onta iku
kang awang isun kakang
esmu puniku dening nabi kang asung
tan kawasa yan nganggeya
anging ingkang adarbeni.

39. Buyamin ngangge kawasa
dening sanak tunggil sayaya bibi
kalayan Bagendha Yusup
sira Buyamin ika
si ira lewi saking sanak lyan iku
kinarsaken ta denira
sang prabu sira Buyamin

40. Karanya ngangge kawasa
kinarsakne Buyamin deng narpati
prasaanakira lyan iku
tan kawasa nganggeya
henengena mangke saprasanakipun
kocapa Srinaranata
mangke karya dalem mali.

41. Sisiing pura kang griya
jembaripun kawan dasa gasiki
samya tulis taribipun
pinindha wekanira
Bagendha Yakub duk Nabi Yusup dangu
sinengsara sinepakan
ngunusaken pedhang sami.

42. Ginantyayun pinejahan
wekasan lineboken jro talagi
ibuni Bagendha Yusup
Nabi Yakub sira na
kang tulis ya ta sira mangke sang prabu
mekasing atunggu yen pa-
dha rawu konen ing riki.

43. Dadya sira aglis prapta
saprasanakira Srinarapati
kinen dumununga sampun
dening atunggu griya
den iringaken mangke sira glis rawu
ing dalem alinggi sira
satingale ibek tulis.

44. Neher sira sami mojar
iki tulis rupa bapa lan yayi
sami rupa anakipun
sadaya munggeng surat
lan sapola kang kinaduk sirang dangu
anangsara Yusup ika
ajri tumingal ing tulis.

45. Saking parmaning Yang Sukma
sami maras wardayanira wedi
pra sami sira tumungkul
wenes wadananira
sami gumeter ing angganira lesu
wajanira gathik muwa
dening debat aningali.

46. Mangkana mali wong ika
ing anandhang dosa ing tembe iki
ing ari kiamat iku
antuk wewele uga
saking Yang Sukma eling ing dosanipun

angrasa awedi maras
ala eting dunya iki.

47. Ri sampunira mangkana
rawu pupundhutan saking jro puri
antatya sasajenipun
tan ilang takenena
muwa ta kalayan dhadhaharanipun
kalayan inum inuman
sami marebuk awangi.

48. Wewelingira sang nata
ikang amumundhut adhahan singgi
yan saos ibunira pra
samya kinen kembalan
muwa inum inuman sadayanipun
sami kinen adhahara
sami tan arsa abukti.

49. Neher sira sami mojar
ing nguni isun luwe arsa bukti
ri sampun isun andulu
ing tulis iku nora
teka maras tyas isun mangko andulu
kabe tulis iki iya
bapa lawan sira sami.

50. Atinisun teka maras
nulya matur pangalasan narpati
satingka ingkang tatamu
tan arsa dhahar sira
ya ta kinen dhateng dunungan rumuhun
saksana rawu ingrika
ri kang sasajen sampun prapti.

51. Sami kinen adhahara
angaliana mangke sami bukti
amung Buyamin tan payun

mangke sira dhahara
dene sakalangkung sekel manaipun
dening gambar kang arupa
Bagendha Yusup puniki.

52. Matur punang pangalasan
yen tamu kang anom tan abukti
lagya sekel manaipun
dening tulis awarna
Srinalendra punika mangke pukulun
ajeng mangke nangisana
wangsul mri tulis mali.

53. Angandika Srinalendra
aterena ing dununganing nguni
ingater Buyamin sampun
prapta i gambar ika
tinangisan tulis kang arupa Yusup
deni langkung onengira
alara denya anangis.

54. Sang prabu maring lalangyan
ngaturi kang putra sira glis prapti
E anakisun ta maskun
undangen pamanira
aturing putra paran karya sang prabu
andikanira sang nata
Yang Sukma aken sajati.

55. Deni wus alawas dahat
samya anandhang dosa lara iki
aglis mangkat raja sunu
rawu ing griya surat
satingalira Abuyamin gegetun
gawok ing sang raja putra
dening warna langkung pekik.

56. Tinanya sapa puputra

sumaur yen putranira nrepati
punapa karya pukulun
kinen ngaturi tuwan
aglis mangkat pan ingiringaken sampun
denira sang raja putra
ratu ing lalangon aglis.

57. Tumulya kinen linggiya
mangke sira Buyamin deng narpati
tunggil sapadmangsana na-
nging Buyamin tan arsa
sinereng mangke denira sang ahulun
tutut mangke linggi sira
pan tunggal sapramadani.

58. Sang prabu mangke atanya
sapa namanira miwa ta bibi
Abuyanim aranisun
Rail ta ibu amba
anulya taken mali sira sang prabu
sanak ta sebu sabapa
ana ta la ora kaki.

59. Matur wenten sanak amba
sabapa saibu jalu lan istri
ing mangke ical pukulun
tan wikan paranira
mojar sang prabu arep ta ngaku isun
mangka ileh ilene sa-
nakira kang ilang uni.

60. Buyamin matur ta sira
ing sang nata pundi antuka mali
sanak kadi ya sang prabu
punapa tan sukaa
nanging tuwan dede putra nabi Yakub
layan ibu Rail muwa
mangke panduka narpati.

61. Andikanira sang nata
yen wentena saiki sira eling
Abuyamin sira matur
bau la eling amba
yen wentena ya ta Buyamin rinangkul
denira Srinaranata
sarwi alara anangis.

62. Iya isun Yusup tuwan
sanakira ingkang ilan uni
aja wancak driya maskun
dening sanak ta iya
anglampai ing uni mangke ing isun
wis ingapura dening Hyang
Sukma mangke isun mali.

63. Buyamin mekul sang nata
sarwi alara denira anangis
wus meneng sang nata muwus
kantun nengriki sira
umatur Buyamin gelem kakang isun
dan lingira Srinalendra
la aja baribin yayi.

64. Prandene ataker bras
besuk sira sun titibani yayi
sun katutakene besuk
kang kulak mira ika
kang akendhit mutyara jomanten luhung
ana ing wawadhahira
besuk sun kon anatabi.

65. Kapanggiya ing wawadha-
ira ingkang kilak jomanten yayi
yakti sun andhag ing besuk
Buyamin matur sira
singgi karana suwun amituhu isun

ing mangke sang nata mekas
ing juru kilak narpati.

66. Andikanira sang nata
E sanakisun trange netra mami
ing mangke wus mangsanipun
pinanggeken dening Yang
i mangsa mangko sira kalawan isun
sun angarep arep iya
siing Hyang Sukma sajati.

67. Mungga sun pinanggihena
lawan rama ya ta binuka mali
Buyamin paningalipun
denira Yang Wisesa
mulat ing warnanira Bagendha Yusup
kapnetan tan angandika
anutken kantaka aglis.

68. Mangkana mali Yang Sukma
tatkala binuka panduluneki
denira Yang maha luhur
ing jrone syarganira
sami jenger tan kena angucap iku
anuli sira kantaka
sing aningali Yang Widi.

69. Wolung laksa taun ika
tan anglilir si nugrahan Yang Widi
lali dhateng syarganipun
neher tinulung sira
deni para surapsaning mangke iku
atutur eling ing syarga
nira sawusing anglilir.

PUPUH XV. SINOM

1. Ri sampunira mangkana

Buyamin tinulung aris
denira Srinaranata
Buyamin sira anglilir
ngandika Sribupati
E kakasi isun masku
paran tingkae mangko
bapa sun tinggal inguni
sumaur Buyamin tur sarwi karuna.

2. Woe atinisun kakang
tan kawasa amba iki
awreta ing rama mangke
satinggal tuwan puniki
kang sotya tan ningali
raina wengi kalangkung
ngenes kangen ing tuwan
tan ana kang ketang mali
amung tuwan raina wengi sinambat.

3. Ya ta sang prabu alara
karunanira saryang ling
katuwon sun asung wirong
ing bapa kaliwat dening
laranisun tan sipi
sing wetenge ibunisun
tan awe suka mangko
sampuning mindel sang aji
angandika aris dhateng arinira.

4. Kakang isun istri ika
paran ta tingkae kari
sumaur Buyamin alon
lamine katilar singgi
langkung larane kari
angrusak raga tan ketung
tan penda brangtang lamong
si wong amradesa prapti
tinakenan manawi wru dhateng tuwan.

5. Sampuning jamu re tuwan
tan ana wikana ugi
mantuk anangis alara
ta wikan polaaneki
amyarsa Sribupati
karuna lara sang prabu
awlas ing sanak mangko
sampuni kendel anangis
Srinalendra ataken ing arinira.

6. Wus auma uma sira
aturira Abuyamin
sampun uma uma amba
wus sira nak anak yayi
sampun ta amba mangkin
aweka titiga jalu
kakali istrinira
ngandika Srinarapati
sapa arane matur sira yinira.

7. Wastanipun kang atuwa
pun Damu artine geti
panenga pun Debu reke
macan artineku singgi
kang wuru jupu niki
sami lan tuwan pun Yusup
angandika sang nata
kulehe nama kayeki
matur Buyamin saking brangta ing tuwan.

8. Karaning aran mangkana
lamon ugamba ningali
kangen rasukan sang katong
kang apulang marus uni
lamon amba ningali
pun Debu kangen sang prabu
ing wartene sang katong

pinanganing macan uni
yen adulu pun Yusup kang ening tuwan.

9. Andikanira sang nata
kamangka ra sira yayi
ing isun wulangun sira
sampuni tuturan uli
kinen mantuk ari i
dhateng ing prasanakipun
Buyamin matur alon
tan arsa pisaha mami
patang pulu taun apisa lan tuwan.

10. Lagyamba onenging tuwan
tan arsamba milu muli
dhateng ing Kanahan mangke
angandika Sribupati
la iya rane yayi
besuk ana dayanisun
sira ja wancak darya
ing prasanakira sami
arepa sira sun dali anyolong kilak.

11. La yayi mantuka uga
ing prasanakira dhingin
Abuyamin mantuk sira
amit dhateng Sribupati
satingale prasanak
ira Abuyamin rawu
neher sami agawok
sapa ta sira puniki
Buyamin sumaur pangling mangke tuwan.

12. Kang prasanak sami mojar
mulane ta owa yayi
rupanira pekik mangko
gumilang caya ajrening

sumaur Abuyamin
Hyang ngowaaken ing isun
kang asung caya mangko
mulanisun pekik iki
Sang Yang Sukma angowai rupa amba.

13. Mangkana wong mukmin ika
tatkalaning mantuk sami
saking pamarekan mangko
praptang sawargane sami
karanya owa pekik
cayaning wadana mancur
gumilang gilang mangke
sakeing pra apsyari
sami pangling neher sami atatanya.

14. Sapa sira rawu tuwan
warnane kalangkung pekik
muwa cayanira mangko
lingira kang darbe syargi
ingsun puniki prapti
saking pangayun andangu
ing sira sang Yang Sukma
angowai rupa mami
mangkana Buyamin sasamaning tingal.

15. Ri sampunira mangkana
pamekasira narpati
kinen anukmaken mangke
kilak mendheming bras iki
ajining kilak rukmi
sakethi dinar jinipun
ya ta dol bersa mangko
kang kinarya anakeri
ya ta ing enjang enjang kinen tadha bras.

16. Ri sampuning atadha bras
kilak inarekaken ing

Buyamin wawadhaira
ya ta ing enjing narpati
ataken kilak rukmi
tan kapanggi prenaipun
kinen angrara mangko
kilak mira ilang uni
sigra mangkat wong limang atus akuda.

17. Sami asowarang bala
yen sang nata mangke lagi
kecalan kilak mas mangke
akendhit mutyara adi
sampuning gemet sami
rinuru datan katemu
sami matur awong yen
tan kapanggi kang rukmi
ya ta matur pangalasan wru ing cipta.

18. Matur ing Srinaranata
manawi kantun ing uni
kang atadha bras punika
tatami Kanahan uni
ing mangke Sribupati
sadaya sami wus mantuk
kinen anututana
sami kinen wangsul mali
kecaping pangalasan tuwan tusula.

19. Sang prabu kecap kecap lan
nulya sira sami angling
putra Nabi Yakub mangko
kecalan apa narpati
kecalan kelak rukmi
kang wingi kangge pukulun
ngandika kang prasanak
demi pangeran kang lewi
kang andadeken nabi tutuwa amba.

20. Nora sun anyolong kulak

pangalasane narpati
sami umatur ta mangko
la punapa wales singgi
yen tuwan linyok iki
prasanakira sumaur
la paran ukumnya wong
ing Mesir puniku kaki
trapakena ing ring sun yen linyok amba.

21. Dan tinedhunaken sira
wowotan ing onta sami
tinatab kan tuwa mangke
kabe ora na kapanggi
mri kang anom gumanti
kapangging wawadhaipun
kapendhem ing bras mangke
mojar dutane narpati
samya ngebataken tanaganya ngalap.

22. Yaktine kapanggi iya
ing wawadha bras puniki
mongkono pola ta tuwan
pindho papaning narpati
ya ta prasanak iki
sadaya sami tumungkul
awirang ngandika lon
sanake kang ilang uni
kang amamaling ika den tiru iya.

23. Paran karanira nyolong
kilakira Sribupati
Buyamin sumaur alon
nora sun amet ta iki
manawa karing uni
kang ataker beras iku
prasanak sami mojar
kulehe tan den tingali
drebenira Abuyamin angandika.

24. Tembenisun dagang kakang
sira badi pundungkabi
dagangan sakabe mangke
dudu desanira iki
gumujeng Sribupati
miarsa Buyamin muwus
kang prasanak ngandika
den tiru kakange uni
kang aran Yusup ika mamaling kuna.

25. Ing kina tatkalanira
Bagendha Yusup lagya lit
kang ibu liwat siira
tan sinung pisaa mali
ing raina lan wengi
kinanthi Bagendha Yusup
dening kang rama mangko
yen dhateng kang ibu iki
tan sinungan kabib ling para rean.

26. Paran sang kanane baya
Yusup sungana do iki
dening ramanira mangko
ya ta pinet ken upadi
kang iket pinggang mangkin
Bagendha Yakub pan sampun
inganggeaken sarira
dera kang ibu inguni
kang ibu maring Nabi Yakub ngandika.

27. E Nabi Yakub wrua yan
yen Yusup mamaling sebeki
iket pinggang Ishak mangko
Bagendha Yakub mangkyang ling
Yusup budine hening
ya ta ginamel sireku
angandika kang rama

Yusup sun tingali sidik
tan wru isun manawa ana wong ojat.

28. Mojar kang raka sadaya
dudu sanakira iki
sang prabu iku Mesir ika
angambil kilak inguni
Abuyamin mangkyang ling
ru papacu darya dulu
pān wru kalingannya wong
ya ta saprasanak iki
ngandi ing Buyamin paran polahan.

29. La paran dadine iya
kilak kapanggi sing riki
nang wawadhaira beras
sumaur Buyamin aris
E taatan wru mami
ngandika prasanakipun
ing pangalasan mangko
nora laku kaya iki
saprasanak isun yen amamalinga.

30. Aron takonena uga
tingka isun uni uni
nora turase mangko
kang lumampa dustha nguni
iku pan ing narpati
toli mangkanaa isun
si mulenira kaot
isun amales tan yukti
ora na wong ala ingkang kayang ingwang.

31. Sumaur kang pangalasan
tan wikan isun puniki
anging kilak rukmi mangke
panggi ing bras puniki
tan wande amba iki

matur ing jeng Sangahulun
muwa ukum nyonyolong
nagari Mesir ingriki
kinukud dadi kawulane sang nata.

32. Lamon tan mangkana tuwan
kinuthung tangane kali
nora batrapaken mangko
nanging Buyamin sun tarik
mara ing Sribupati
ingiringaken pan sampun
dening potusan mangke
Yahudeng ngandika aris
E kaki matura ing Srinaranata.

33. Isun warangkane uga
sampun arinisun iki
ya ta matur ing sang katong
ngandika Srinarapati
apa karane iki
anglaraning kang wong lyan isun
kang tanpa dosa mangko
dadi suhuring nagari
nora bener muwa wedi ing Yang Sukma.

34. Saenggone katemuwa
ing duduwenisun iki
sakarep isun ngukuma
ya ta pangalasan prapti
matur Yahuda sami
sandikanira sang prabu
sami sumaur sira
matura ugang narpati
E sang prabu kang mulya wikana tuwan.

35. Yen bapa amba punika
wong tuwa tur laip singgi
ical wekanipun sios

kalangkung dening priyatin
mala tanpa ningali
anangis rainten dalu
kang sotya Abu mangko
ing mangke ilang akali
mandane si lara nipura bapa amba.

36. Ngandika sira Yahuda
amba andulu narpati
kalintang abecik mangko
matura ugang narpati
saujar isun iki
ya ta maturing sang prabu
kalintang wlas sang katong
miarsa aturing dasi
atutur aturing prasanak sadaya.

37. Ya ta mangke winangsitan
kinen ngebataken sami
winretaken sinangsara
Buyamin dening Narpati
yen tedhanen ing mangkin
tanpa sung sira sang prabu
kang pangalasan mangko
tutur andika narpati
sapa miarsanira sami bramatya.

38. Pan sadaya ambek peja
kadi araraup geti
medal kukus saking netra
angadeg brajaning rai
wuluan rus kulambi
bendunira sakalangkung
arsa ngamuka mangko
anumpes sang Sribupati
yen tuhu sang nata tanpa sung ing sira.

39. Mapan si kasaktenira

putra putuning Ibrahim
lamon kroda sira mangko
liwat ngebataken sami
lamon apatek iki
kang rungu kantaka iku
wong meteng rungu mangko
medal datan keli reki
sinung pangawasa denira Yang Sukma.

40. Ingkang pinangka tatamba
yen droda ing usap iki
iganira kang sabangsa
didi ilang krodaneki
puara lesu sami
ya ta prasanak puniku
dinum paran ta mangko
angamuk kang pasar iki
waneng panangkilan muwa tekeng banjar.

41. Yen sira angrungu petak
padha ngamuka tumuli
isun angamuk mring jro
pira kadare wong Mesir
samya susumbar E de-
lengen uga tandang isun
yen isun petak mangko
ting jalempa sira sami
sapa miarsanira kang pangalasan.

42. Pan sami gumeter sira
wenes rupanira sami
nulya matur ing sang katong
sami arsa narpati
mesem sira saryang ling
kang putra ngaturan sampun
kang nama Adil ika
ya ta rawu tan asari
ingiringaken dening pamongmongira.

43. Kalangkung kakarsanira
marek ing Srinarapati
sinambut dera sang nata
pan binibisikan aglis
kinen ngusapa gigir
rira Yahuda panas sampun
mangkat sang raja putra
rawung Yahuda tumuli
anulya aris angusap gigirira.

44. Sampuning ngusap kang angga
ya ta sirep krodaneki
atemahan lesu lupa
enting siira ningali
ing raja putra adi
arsa sinambut kang sunu
sarwi ngandika alon
anatura se ingrika
Abuyamin wru ing pamurung bramatya.

45. Ya ta atanya Yahuda
sapa putra sira iki
lawan rupa pekik mangko
kongas gandanira wangi
sami lan bapa mami
ya ta putra sang ahulun
tan sumaur ta sira
neher amalampa muli
nulya ingemban dening pamongmongira.

46. Matur dhateng ramanira
yen sampun angusap gigir
kocapa kang para sanak
padha dum paran anganti
ing karsanira sami
arsa paten paten iku
anganti petakira

ta wenten kapyarsa mangkin
dangu angantosi petaki Yahuda.

47. Ya ta sami rawu sira
mari Yahuda kapanggi
leng leng lesu lupa mangko
wadana wenes sajrening
mari krodane mangkin
sami tanya arinipun
kulehe sira kakang
sira Yahuda mangkyang ling
ana raryan lit mara ing isun ika.

48. Kaya putra Srinalendra
kaliwat rupane pekik
gigir isun kan den usap
dadi ilang srengen mami
atema lesu iki
nyananisun anak iku
bangsaning Yamin mangko
wru pamurung kroda mami
iku ta mangko sira padha mulia.

49. Matura ing rama sira
Buyamin ngandheg narpati
kawenangan anyonyolong
kilakira Sribupati
tuturen kabe yayi
isun datan arsa mantuk
atunggu arinira
dan sami mantuk tumuli
tan kawarna ing marta prapteng Kanahan.

50. Anuli marek ing rama
samya ngambung padha aris
sami pinekulan mangke
sira kang putra ginanti
ing satingalira kang

rama Buyamin tan mantuk
miwa Yahuda mangko
taken ramanira aglis
Anangendi Buyamin lawan Yahuda.

51. Ya ta sami matur sira
Buyamin kandheg ing Mesir
denira sira sang katong
dinali nyonyolong uni
kilak rukmi akendhit
jomanten mutyara luhung
duk tinataban ing wong
kapanggi wawadha yayi
aningge sira mangko yun winarangka.

52. Pun Yahuda datan arsa
mantuk tunggu Abuyamin
sapatilar amba mangke
dereng katrap Abuyamin
tinutur polae sa-
kabe duk ing Mesir iku
sapa miarsanira
wau kang rama tan angling
angrasa cinoba denira Yang Sukma.

53. Taken ing atmajanira
paran nyananira iki
iya atut nyolong kilak
putra sami matur aris
kadi boten lampa i
duk kapan makaten dangu
pan salamine mangke
tan pisa amba lan yayi
ya ta angrasa Bagendha Yakub ing mana.

54. Mangsa dudu putraningwang
Yusup uga Sribupati
mapana Buyamin sira

den undang kang den lalari
mangko den titibani
den andheg ing Mesir iku
ya ta oneng ing putra
mangkur anuli kapati
sami karuna sadaya putranira.

55. Rawu kang para Jamangat
sadaya lalawad sami
mojare Nabi Yang Manon
punapa tingka puniki
manawi wonten kang si
wuri kapenedanipun
ya ta anglilir mangke
nunten angungkabi pethi
isi waris ing nabi tutuwanira.

56. Kang rema Bagendha Adam
dinangdanan tan asari
dinala ing wijangkara
tepi abuawa mali
munggu ing sira singgi
ket pinggang Nabi Sis iku
sinabukaken mangke
kumbeli nabi sareki
sinalimutaken kesa saking griya.

57. Lumampa sarya karuna
langkung priyatin ing gali
lan duka cipta nirang jro
wardaya lara anangis
rawu ing wana erit
sakeing jalma angujung
mring Nabi Yakub mangke
pan sami tumut ta nangis
ya ta Ijrail angujungi ing sira.

58. Arupa manusa sira

nulya asung salam aglis
ing Begendha Yakub mangke
sinauran salam mali
angucap ta Ijrail
La tuwan mindel rumuhun
sinapa sira mangke
Sapa ken meneng anangis
ya ta sumaur amba iki malekat.

59. La paran ta karya tuwan
pili ngambil nyawa mami
sumaur Ijrail alon
Boten ngalap nyawa mangkin
amba ngujungi singgi
amba langkung wlas andulu
lamon ta wus sa amba
ambil nyawa Yusup iki
kadi amba wangsulaken amri tuwan.

60. Dening amba wlas ing tuwan
Nabi Yakub ngandika ris
dereng tuwan alap mangke
nyawane Yusup puniki
sumaur ta Ijrail
yen nabinira yang luhur
dereng amba lap mangko
nyawane Yusup puniki
sumaur Bagendha Yakub mangke sira.

61. Wru rika prenae tuwan
anak amba Yusup iki
kaya pati kae mangko
linging malekat wru mami
nabi ngandika aris
la ingendi prenaipun
Ijrail mojar alon
wedi amba wreta iki
ora napa ken ing Hyang warta ing tuwan.

62. Ya ta pamit kang malekat
Nabi Yakub mantuk aglis
aken ing putrane mangke
wangsula mri Mesir mali
sarwi ngulatana ing
adhinira Yusup iku
sarwi baktanen ta ron
aturenang Sribupati
malarana asi ya ning yang ing sira.

63. Katekana akumpula
sanakira kabe kaki
tekaning kang ilang mangko
temokena deng Yang Widi
karaning Yakub angling
mangkana ing putranipun
manawa wonten mangko
ismunira sang yang widi
mari sira angrasa me panggiena.

64. Ya ta atamaja sadaya
amit ngambung padha sami
datan kawarna ing marga
praptang Mesir mangke aglis
kocapa Abuyamin
kalawan Yahuda iku
lamineng Mesir mangke
saya wuwu si narpati
lewi Buyamin tansa kinathi sira.

65. Kalangkung panggunggungira
dhahar panganggene sami
sinung ta sira sakaro
sakee mantri ing Mesir
tumut ormat awedi
kocapa mangke karuhun
putraning Yakub mangke

prapta enjing dhateng Mesir
anulya mring dunungan kapanggi sira.

66. Sinapa dening Yahuda
padha rawu sira yayi
apa kandikane rama
kang rayi sumaur aris
liwat dening prayatin
mangke anggawani iku
surat dhateng sang katong
kengaturenang narpati
sira sawuri kinapakaken kakang.

67. Sumaur sira Yahuda
tan winarangka sun yayi
saya saya si mule sang
katong muwa maring Abuyamin
lawan ing isun maning
ngandika Yahuda iku
la aturena mangko
surate ramang narpati
ya ta mangkat prasanakira sadaya.

68. Kapanggi sira sang nata
ing pagelaran tinangkil
sapaningale sang katong
ing prasanakira prapti
kinen sami alinggi
ayun ayunan sang prabu
ya ta sira sang katong
gumingsir denira linggi
amurugi pedhek kalayan kang raka.

69. Sakathaing mantri mulat
kawengan dera narpati
pamumulenira kaot
ing mangke dhateng tatami
sira Yahuda aris

sangaraken pan sampun
surat dhateng sang katong
umatur prasanak sami
yen Bagendha Yakub sira kitun surat.

70. Tinanggapan deng sang nata
anuli winaos aglis
dan bubukaning nawala
puji maring sang Yang Widi
ing wuri mring narpati
e kang sinung mulya iku
denira sang Hyang Manon
angamulening ing dasi
la sakarsa tuwan wenang ing kawula.

71. Amba puniki sang nata
turasing kalaran uni
lan nandhang balai amba
ing kina kakyamba iki
aran Nabi Ibrahim
kang ajujuluk puniku
pamitraning Yang Manon
sinung balai inguni
tinarimpun denira namrud ing kuna.

72. Pan linebokaken sira
ing api rinaksa sang widi
wulu salembar nora na
kang geseng punika sami
angrasa adhem singi
teka ing kang putra iku
Nabi Ismail ika
rinimpus tangan lan sikil
anulya sinambele kinarya korban.

73. Rinaksa deni pangeran
tan tetes mangke pinates
wulu salembar tan rontog

amba iki mangke mali
kenang balai singgi
anak amba alit iku
kaliwat rupanira
ginawa mri wana singgi
winartaken pinangan ing asu alas.

74. Tan wastu kan estu lan ora
tan ana wartane mali
dening Buyamin ta mangko
ing mangke keneng balai
tuwan dali samangkin
nyolong kilakira luhung
amba miarsa warta
mangke tuwan titibani
sampun sang prabu tuwan lampa mangkana.

75. Ing sa pami arsa amba
tan ana kadi nrepati
bala batur palamarta
tan kadi tuwan puniki
kalawan mangke mali
wong kena niaya iku
mustajat donganira
sampun mangkana narpati
e sang prabu antukena putra amba.

76. Den pun sareng mantuk tuwan
lan saprasanake sami
karana mangkana tuwan
amba kaliwat priyatin
kelangan anak kali
ri sampunira sang prabu
tutug amaos surat
supe mijil waspaniki
punang surat tinutupaken wadana.

77. Alara denya karuna

lintang wlas ing rama singgi
kang mula ta sami agawok
tan wikan kalinganeki
sampun mindel anuli
ya ta sang prabu angutus
ngambila kilak mangko
kang ilang punika nguni
saksana prapta katur ing jeng sang nata.

78. Pinedhekaken ing kakang
saking parmaning Yang Widi
kilak punikang ling mangke
tur sarwi aujar jalmi
ujaring kilak rukmi
amba arsa wreta iku
tingka wong kina mangko
ya ta ngandika narpati
ing putranira Bagendha Yakub ika.

x) 79. Kilak punika ta tuwan
ayun amawarta singgi
sami angandika alon
putra Nabi Yakub i
pened tuwan ken ugi
puniku sinalaaken mangko
ing arsanira narpati
sampun kinen wau denira sang nata.

80. Ya ta saking parmaning Yang
angucap kang kilak rukmi
E putraning Yakub amba
tuwan piarsa sami
ana ing kina mali
putranira Nabi Yakub
kang aran Yusup ika
padha ta tuwan dhengkeni
tuwan apus aburu maring alas.

x) kurang satu baris

81. Sarawuira ing dalan
tuwan kaniaya sami
ana dhadharane mangke
tuwan pakaken ing anjing
toyane deng ra iling
dera irid irid iku
sarawuira mangko
ing wana dera sepaki
dera gutuk sira unusaken pedhang.

82. Arep dera patenana
ana samake sawiji
aran Yahuda kamangko
tanpa we yen den pateni
wekas iku toli
dera laboken ing sumur
wus ing mentas ta mangko
dera dol ing Malik uni
ya ta sakeing arungu kagawokan.

83. Ya ta taken Srinalendra
estu laku kaya iki
saaturing kilak mangko
prasanakira samyang ling
matur estu narpati
sadaya sami tumungkung
awirang ing sang katong
ya ta ataken narpati
ingkang pundi wasta Yahuda punika.

84. Matur kang para prasanak
atudu Yahuda singgi
angandika Srinalendra
dhateng Yahuda sira ris
mungga tuwan puniki
walesen dening Yang Agung
ing kabecikan tuwan

denira atulung iki
ing wong kinaniaya dening prasanak.

85. Ngandika Srinaranata
dhateng kang raka sira ris
yen silaku ala mangko
anglakoni datan yukti
ing prasanakira lit
ya ta panduka sang prabu
kang pangalasan kinon
sikepen kabe wong iki
anulya patenana kabe denira.

86. Ing ebataken denira
sang nata prasanak sami
ya ta lesu lupa mangke
wadana wenes aputi
dumadak ilang sami
kadigjayanira iku
wedos dhateng sang katong
laip semunira sami
ya ta sami asambat ing ramanira.

87. E bapa mandaa tuwan
panangis tuwan ing mangkana
padhem anak tuwan kabe
prandene ilang sawiji
ya nangis tuwan lewi
mala ta boten andulu
amiarsa sang nata
sambate kang raka sami
ya ta gumujeng sira Srinaranata.

88. Katingalan wajanira
kadya mutyara inganggit
medal cayaning wadana
nira angembei manis
nora ken madu gendhis

ya ta saprasanakipun
sinungan eling sira
sadaya dhateng kang rayi
ya ta sami mojar saprasanakira.

89. E sang prabu singgi tuwan
sanak amba Yusup iki
ya ta ngandika sang nata
atut aba Yusup singgi
lan Abuyamin mali
iya sanakisun iku
ya ta prasanakira
tumungkul awirang sami
sarya karuna aris denya ngandika.

90. E Yusup sampun ta tuwan
tingali amba inguni
kang tansa reing sang katong
tanapi pangeran ugi
ingkang tuwan tingali
kang anitaaken iku
mangke ing tingka amba
ya ta panduka narpati
angrasa welas mangke dhateng kang raka.

91. Sami pinekul ginantya
ngandika kang raka aris
E Yusup mungga ta mangko
leweina deng Yang Widi
saking prasanak iki
sawicaremu lan sabur
mungga tulusa katong
lewi saking kabe iki
dening dosamba mangke tuwan apura.

92. Ngandika sira sang nata
E kakang isun samangkin
amba uwis angapura

mungga puranen ing Widi
tan kira kira benjing
ing ari kiyamat isun
ingarsaning Yang Sukma
mungga apuranen sami
lewi mura Yang angapurang kawula.

93. Tan angucapaken amba
dening laku ta inguni
pangeran nutupi mangko
ing celanira puniki
sampun mangkana mali
ataken sira sang prabu
kaya pa rama mangke
katinggal den isun iki
tikaira mojar kang raka sadaya.

94. Raina wengi karuna
kang sotya tanpa ningali
sapa miarsa sang katong
karuna lara narpati
langkung awlas ing gali
sang prabu ngandika arum
tuwan mantuka mangke
aturana rama singgi
den sawrega tuwan sadaya tumuta.

95. Tuwan matura ing rama
yen amba wenten ing Mesir
dene Abuyamin mangke
dipuna kentun ing Mesir
kalaya rama singgi
kang munggi enggala rawu
tuwan baktaa mangke
lan dipun enggal ing margi
oneng dahat mangke amba dhateng rama.

96. Wenten ta rasukanira

Nabi Adam saking syargi
tumedhak ing Yusup mangke
rasukan punika mali
ginapit lan jariji
kakali datan kadulu
saagunganing uwong
daweg anganggeya iki
yen alita tan lega ing ngangge sira.

97. Wenten ta ing kina sira
Nabi Yakub adol pecil
bibine nusoni mangko
ing sira Buyamin nguni
marmaning dino singgi
Abuyamin kirang susu
pan tinilar pasuson
dening ibunirang nguni
ya ta raina wengi anangis sira.

98. Kangen maring anakira
kang den dol ika inguni
ya ta nenedhang Yang Sukma
punika marganing dadi
Nabi Yusup saiki
pisa lawan ramanipun
ujaring inya mangko
anenedha ing Yang Widi
tuwan pisaa Yakub lawan kang putra.

99. Dipun kadi lara amba
Bagendha Yakub puniki
ya ta tinarima donga
nira denira Yang Widi
wenten adika nabi
sing misaken rare iku
kalawan biyangira
wong ika pinisa mali
dening pangeran tembe ngari kiyamat.

100. Antaraning wang atuwa
lawan anakira mali
awatara lalampaan
pitung taun dohe singgi
tur tan oli wong iki
sapangat isun wong iku
denya gung dosanira
keneng bebendu Yang Widi
sakeing angrungu yogya wistaraa.

101. Ri sampunira mangkana
rare kang dinol inguni
ingkang nimba Yusup sira
pan lami wonten ing Malik
katumbas deng narpati
sami tan emute iku
ya ta rare punika
ingutus dera narpati
tumut ambakta surat dhateng Kanahan.

102. Kalawan kalambi ika
binakta denira mangkin
saking suwesmaya mangke
parmanira sang Yang Widi
binaktang Jabarail
sinung Nabi Brahim iku
salarinira mangko
lineboken api nguni
dening raja namrud mila tan kapangan.

103. Sinungaken ing Isahak
sing Nabi Isahak iki
sinungaken Yakub mangke
saking Nabi Yakub mali
sinung ing Yusup iki
ya ta kulambi puniku
binaktaaken mangko

dhateng Kanahan ing mangkin
pun Basir kang ambakta suwala patra.

104. Pangiringe ban batalan
lan makutha rencangneki
tangkuluk kulambi sira
salimut sadaya sami
winot ing onta singgi
kinen ngedum putranipun
saprasanak sang katong
mangkat kang ingutus aglis
kocapa Nabi Yakub mangke denira.

105. Ing wulan Mukaram sira
nalikaning saur iki
anenedha ing Yang Manon
ing sajroning sujud mali
panggina amba iki
kalayan pun Yusup iku
tinarima panedha
nira denira Yang Widi
tinedhunan wakyu denira Yang Sukma.

106. Aja walang ati sira
me tinemokaken singgi
mangke denira Yang Sukma
ya ta Nabi Yakub mali
sukur ing Yang tan sipi
nulya sira mali sujud
rawu kang putra mangke
anuli marek sira glis
dhateng ramanira sami ngaraspada.

107. Ya ta sami dera sapa
ngandika kang rama aris
isun nambu Yusup mangko
ing satekanira iki
kabakta den pun Basir

rasukan punika sampun
maksi kantun ing marga
lalakon sapulu latri
reing kulambi syarga liwat suganda.

108. Ora na gandaning syarga
kongas ing jro dunya iki
nanging kulambi punika
kang kongas ing dunya iki
tan kawarna karihin
kocapa mangke denisun
mangkana mukmin mangko
lamon ayun ajalneki
angungas gandaning syarga wuwu ragab.

109. Age marek ing Yang Sukma
mangkana mali ing mukmin
lamon padha tangi sira
saking jarate wong iki
ing kiyamat ing benjing
ngungas ganda syarga iku
alalampahan mangke
limang atus taun mali
kongas gandane syargane sowang sowang.

110. Ri sampunira mangkana
Nabi Yakub ngandika ris
egar atinisun mangko
kongas ganda Yusup iki
atulung lara singgi
putranira istri muwus
mangke samar yang lameng
kawarnaha ta pun Basir
aglis prapta sira ing bumi Kanahan.

111. Amanggi sumur ta sira
apti anginuma wari
kang panggi biyange mangke

lagi masu kampu singgi
pun Basir laling bibi
ataken pun Basir sampun
endi daleme mangko
Bagendha Yakub ingriki
kaget ni tuwa ika lingnya angucap.

112. Kulehe sira atanya
maring Nabi Yakub iki
anang dalem lagi wirong
kangen ing Yusup puniki
karuna rina wengi
mala belek tanpa ndulu
sumaur Basir sira
ya isun ingutus iki
dening Nabi Yusup ngaturaken surat.

113. Sapangrungune ni tuwa
tumenga sarwi anangis
kecap biyangira mangko
mangsa tetemua maning
lan anak isun iki
ya tuwan pangeran isun
panedha ing Yang Manon
sampun age apapanggi
Nabi Yakub lan kang putra Yusup ika.

114. Lamon durung panggi amba
lan anak amba puniki
ataken pun Basir mangko
sapa ta arane nini
anakira puniki
ni tuwa linge sumaur
Basir arane mangko
anakisun dinol uni
kaget pun Basir ya isun anakira.

115. Pangrungune durung atrang

tumuli lumempat aglis
amekul tur sinungkeman
sarwi alara anangis
sampuning samya nangis
mojar mangke bibinipun
tan peda asyapena
tinemoken deng Yang Widi
sukur isun ning Yang Basir iku ngucap.

116. Tinarima donganira
bibi denira Yang Widi
ataken bibine alon
saking di wetunireki
sumaur ta pun Basir
adagang nebus ing ring sun
awekasan sang katong
ing Mesir anebus uni
mangke sun kinengken denira sang nata.

117. Kinen ngaturaken surat
ingkang rama isun iki
ataken bibine alon
anangendi Yusup iki
sumaur ta pun Basir
aneng Mesir Nabi Yusup
angadeg raja mangko
ora na kang angungkuli
ing ambek palamarta kedhep ing bala.

118. Lan kadi pekik ing rupa
sajagat ora na mirip
biyange angrungu gawok
maring wartanepun Basir
anglingi bibi aris
dipun ajak marek sampun
ing Nabi Yakub mangko
ing sarawuira kali
pareng asung bakti sami ngaraspada.

119. Matur pun Basir punika
amba ngutus deng narpati
sang prabu sing Mesir mangke
putra tuwan Yusup singgi
ngaturaken kulambi
kang kangge dening sang prabu
tumuli kongas mangke
gandaning rasukan iki
gepe tinanggapan rasukan punika.

120. Tumuli rasukan ika
tinutupaken ing rai
dening Nabi Yakub mangko
alara karuna sarwi
asambat Yusup iki
alawas temen ta isun
oneng ing sira mangko
ngarep arep api sun iki
suratira Yusup anakisun tuwan.

121. Kang angilangaken duka
ciptanisun sira kaki
lebur laranisun sira
kulambinira ta kaki
lan oneng isun iki
ya ya waras tingalipun
mambu kulambi mangke
mung dereng sampurna iki
ya ta sinapa wong saking ngendi sira.

122. Amba ta kawula tuwan
kang tuwan dol lagi alit
anakinya weka tuwan
tuwan pisaaken uni
lan biyang amba singgi
ya ta enget Nabi Yakub
ing pun Basir ta mangko

neher akaruna mangkin
kengetan kalululputan irang kuna.

123. Nabi Yakub angandika
isun analangsa Basir
ing luput isun ing kuna
jaluk sukanira iki
lan bibinira mali
ya ta pun Basir umatur
dunya kerate suka
Nabi Yakub ngandika ris
E Basir jaluk apa ing isun sira.

124. Pun Basir matur lingira
tan wonten ing dunya singgi
ya ta tinedhaken mangke
E Basir mungga Hyang Widi
dhanganena ing pati
nira ta ing tembe iku
puranen dosanira
karana ta sira iki
ambukaken duka cipta nisun sira.

125. Bagendha Yakub ngandika
taken ing pun Basir aris
saking endi wetunira
amba tinebus nrepati
saking adagang uni
mangke ta amba ingutus
dhateng ing tuwan mangko
angaturena pakirim
ya ta den aturaken serat punika.

126. Sastranira putra tuwan
piyambek punika singgi
nulya aglis tinanggapan
tinutupaken ing rai
sarwi ngandika aris

E anak isun ta Yusup
woe wardaya ningwang
trange netranisun kaki
sasat isun wus andulu warnanira.

127. Sun andulu sastranira
prasasta uwis ningali
ya ta aken ngaturana
putranira kabe sami
rawu kang putra aglis
kang rama ngandika arum
tutur yen Basir mangko
prapta anggawa kulambi
lan surate anakisun Yusup ika.

128. Karanisun lewi wikan
saking nugrahan Yang Widi
ala wru ta kabe sira
putra sami matur aris
wirang tumungkul angling
E bapa amba pukulun
tuwan puraa mangke
luput ambang tuwan iki
mapan uni kabe tan matur ring tuwan.

129. Yen Bagendha Yusup ana
ing Mesir tan matur uni
dening wirangira mangko
ing rama angrasa isin
Bagendha Yakub angling
la sun apura dosamu
lan anjaluka mangko
apurane Yusup iki
lan sira nedhaa pangapura ing Yang.

130. Ingapura sira ing Yang
satuhune sang Yang Widi
lewi asi ngapura wong

saking kabe sang Yang Widi
ing saking wong mukmin
manjingaken syarga iku
ya ta winaca mangko
nawala patra narpati
denira Bagendha Yakub punang surat.

131. Unining suwala patra
salam amba bapa singgi
kaatura ing jeng tuwan
dipun tumeka ing benjing
ngari kiyamat mali
amba anedha pukulun
ing pangapura tuwan
saking dorakamba iki
kayun manira rawu angunjungana.

132. Dados ta wenten andika
nira sang Yang Mahasuci
aken ngaturana mangke
ing tuwan dhateng ing Mesir
karana bapa singgi
antuk suka kali iku
suka miarsa amba
yen amba wentena urip
lan suka tuwan aningali ing amba.

133. Saking kanugrahan ni Yang
dadi sampurna ing mangkin
papanggi tuwan ta mangke
lan tuwan lan amba tuk suka kali
lan punika pakirim
amba mri tuwan pukulun
dodot satus sakalor
wolung pulu bantal singgi
tuwan dumaken ing putra putu tuwan.

134. Miwa kaum tuwan rama

dipun wrata kabe sami
lan puniku tuwan mangko
tangkuluk layan kulambi
parem mas dumen singgi
ing putra tuwan puniku
miwa rasukan ika
sulam mutyara angrawit
manten ila mira katura ing tuwan.

135. Lan wonten kampu sabantal
panganggening narapati
lan tangkuluk paos mangke
satus kali pulu mali
gas make panjangneki
awrat satus kali pulu
draham gon anggon amba
kaaturang tuwan mali
e bapa yan kusut anak putu tuwan.

136. E rama panedha amba
putra muwa kaum sami
sampun wonten kusut mangke
benjing yen rawu ing Mesir
dipun sopacara sri
katingalana dening
titiyang kapir ing niku
karana sabda Yang Widi
soraken aganira ing mukmin ika.

137. Gungakena awakira
ing bidang alawan kapir
tan kawarnaa denira
pamekasing Yusup singgi
ingkang rama puniki
ana ta kocapa iku
mangkana mukmin ika
tatkalan medal puniki
saking jarat sinandya turangganira.

138. Analari turangga
sumandhing ing jarat iki
pelag warnaning turangga
akakapaha kandhali
asangga wedhi rukmi
pinatiking ratna murub
lawan anggawa dodot
pangangge saking syarga di
sarya kecap ingkang medal saking jarat.

139. E kakasi ing Yang Sukma
iki wastra genen singgi
anggon anggon syarga mangko
nugrahanira Yang Widi
maring tuwan puniki
sarwi anungganga iku
ing gigir isun mangko
sun iberake tumuli
supaya susa satru kapir punika.

140. Kabe inata denira
ana sarani lan kapir
Yahudi maju si mangko
antuk dukaning Yang Widi
lumaku nungsang sami
miwa kawudan wong iku
kabe anungsang kang wong
talapakan muka sami
sakeing mukmin padha nunggang turangga.

PUPUH XVI. ASMARANDANA

1. Sampuning mangkana singgi
Nabi Yakub maos surat
aningali putra mangke
tur sarwi aris ngandika
iya nora sun ucap

ing sira kabe puniku
yen Yusup tekeng samaya.

2. Isun kang sinung wru iki
denira sang Maha Mulya
tan sira kawru ing mangke
ya ta sami putranira
tumungkul tan ngandika
karasa nuhuning wuwus
sira mangke ramanira.

3. Ya ta sami matur aris
sadaya atmajanira
E bapa amba ta mangko
sapangatena deng tuwan
ing Yang Sukma wisesa
apuranen dosanisun
angandika ramanira.

4. Aja sira walang ati
nanging ora mangko sira
sun panedhaken Yang Manon
tembe sun tedhaken sira
smu Nabi Yakub ika
ye wis Nabi Yusup asung
alaling prasanakira.

5. Ya ta tinedhaken sami
donga ing Yang Sukma sira
sampuning pun Basir mangko
atur pakikirimira
sing Nabi Yusup ika
ing sira Bagendha Yakub
aken mangke edumena.

6. Dinum kabe wrata sami
putra putu lan santana
tan open kulawargane

titiyang tan kaliwatana
anulya kinen dangdan
saksana samapta sampun
arsa mangkat gegelisan.

7. Age gelisa kapanggi
lawan anakisun ika
saksana mangkat tan alon
saking Kanahan ta sira
ingiring dening putra
kang layan santana agung
sadaya ngiringi sira.

8. Lintang patang atus mali
milet angiring ing sira
sami aniti ta mangko
turangga pukulun putra
muwa santana nira
tan kawarnaha ing ngenu
raina wengi lumampa.

9. Me parek prapta ing Mesir
sira Yahuda potusan
atur uninging sang katong
yen kang rama eme prapta
mangke wonten ing marga
tan kawarnaha ing ngenu
prapta marek ing sang nata.

10. Matur yen kang rama prapti
suka egar Srinalendra
apotusan methuk mangke
angruhuni para mantya
wong tigang laksasira
anunggang turangga sampun
aglis kapapag ing marga.

11. Sedheng ing kontap ing margi

tumedhun saking turangga
sarawu ing ayun kang wong
sami asujud ing sira
ormat ing Yakub ika
ataken Bagendha Yakub
sapa duwe wadyang sira.

12. Singgi sami matur sami
balanipun putra tuwan
sami kinen methuk mangke
Nabi Yakub sira myarsa
agawok ing kagungan
nira sang Yang Sukma luhur
asung dhateng putranira.

13. Kaum sadaya ningali
sami agawokan lintang
ingkang bala Yusup mangke
sampuning liwat wong ika
sami ngirang sadaya
mangke ing Bagendha Yakub
anuli sira lumampa.

14. Antuk kali dhawu mami
amapag wong sabekelan
tigang laksa kathaing wong
wijil rum turangganira
sarawu ireng arsa
tumedhun sing kudanipun
asujud sayaya ormat.

15. Ya ta tinakenan mali
mangkana uga turira
lumampa mali ta mangke
antuk kali dhawu sira
amapag mali sira
singgi tiyang kawan ewu
anunggang bala gadaba.

16. Anampa gen anggen sami
lan serat katuring sira
sarawuing ayun mangke
tumedhun saking wahana
ngaturaken babaktan
mangke ing Bagendha Yakub
taken sapa duwe wadya.

17. Matur kadi kang karihin
kinen methuk deng sang nata
anuli lumampa mangke
antuk kali dhawu sira
amapagaken sira
pangalasan mangke sewu
samya nom saabusana.

18. Anampa rasukan sami
parem mas dewangga sutra
wadha talam ratna mangko
sarawuira ing ngarsa
ngaturaken babaktan
punika singgi pukulun
mapage putra tuwan.

19. Sampuning lintang anuli
sami angiring sadaya
ya ta dungkap Mesir mangke
wong sarada duk apapag
sami atuwa tuwa
wong patang laksa keipun
piniwedrae sang nata.

20. Sarawuing arsa aglis
sami atur salam sira
sinapa denira mangko
sapa duwe bala sira
sami matur sadaya

amba wongira sang prabu
ingutus marek ing tuwan.

21. Singgi sang prabu ing Mesir
anedha sapangat tuwan
pola ireng kina mangke
tan idhep sirang wewekas
tan suka awretaha
ing prasanak ireng dangu
dadi ta make wawarta.

22. Ya ta sapa miarsanira
Bagendha Yakub ika
karuna alara mangke
age sira papanggiya
kalayan putranira
ya ta wong punika dulur
sami angiring sadaya.

23. Saksana rawung paminggir
kari sadina me prapta
ing nagara Mesir mangke
saking parmaning pangeran
Nabi Yakub punika
aningali caya iku
kadi sasangka purnama.

24. Paningaling Yakub iki
muli kadi dangu sira
ya ta taken sira mangke
ing putranira kang tuwa
cayaning paran ika
lir candra purnama iku
aturing putra tan mulat.

25. Kang rama ngandika aris
pan cacaning Yusup ika
tangi tingalisun mangko

sampurna kaya ing kuna
kawarnaha sang nata
aniti turangga sampun
binusanan tuhu pelag.

26. Akundhali mas ingukir
pinatik mira sosotya
akembang rukmi ta mangke
rinawit ing muteara
rinok sirang kombala
sinalisir sutra alus
sinulam ratna pakaja.

27. Kinitir kitiran rukmi
widure lan inten mira
pinajengan kartas ijo
kinitir kitiran pelag
pinatik nawa ratna
alandheyan mas bubungkul
mira abrang senennira.

28. Lan angangge sarya lewi
mangke sira Srinalendra
angrasuk kaprabon mangke
sing pelag ingangge sira
murub muncar lir surya
mijil saking jro kadhatun
lan kadi keing kang bala.

29. Kang lumampa ngayun singgi
abusana sopacara
salaksa parise mangke
pedhang tinatrap kancana
pinatik nawaratna
sosotya kang agung agung
angiring saabusana.

30. Muwa wadyanira sami

kang dharat tanpa wilangan
ing wana brastha tuwue
kasrang dening wong akatha
abrang sinang lir sekar
panganggening mantri agung
lumampa saabekelan.

31. Bage bage den tingali
panganggening para mantya
saupacarane kaot
murub muncar katingalan
kadi surya lumampa
mijil saking arga agung
keing bala ngiring sira.

32. Kadi gunung guntur singgi
geredeging alalampa
tan penda ampuan mangke
kadi kukus lebunira
ya ta mangke kapapag
ing margi Bagendha Yakub
denira mangke sang nata.

33. Sedheng ing kontap ing margi
satingalira kang rama
ya ta sira taken mangke
ing putranira Yahuda
sapa ratu kapapag
dene ake balanipun
angebeki ara ara.

34. Kang putra ature aris
singgi putra tuwan ika
sapa myarsa nira gawok
Bagendha Yakub tumingal
sukurira Yang Sukma
panggunggungira Yang Agung
make dhateng putranira.

35. Muwa kaumira sami
kalangkung gawok umulat
satingalireng sang katong
ya Nabi Yakub tumedhak
saking wahananira
ingrika Bagendha Yusup
tan tumedhak saking kuda.

36. Pijer cengeng aningali
mangke dhateng ramanira
Jabarail prapta mangke
angucap ing Yusup ika
E Yusup mangke teka
rama tuwan Yakub iku
kule pun siran tumedhak.

37. Nabi Yusup ngandika ris
lali amba mangke tuwan
dene suka nisun mangko
anguntap me prapteng rama
ya ta Jabrail mojar
sake nabini Yang iku
mayide sumaleng lema.

38. Nanging tuwan dhawak singgi
mayid tan sumaleng lema
bukti norken angga mangko
bakti rama lur wahana
mapan sakeng amawa
tutunggangan kabe iku
amawa kibir ing nala.

39. Anging Nabi Yusup singgi
anoraken angga dhawak
saking tutunggangan mangko
sampuning mangkana sira
tumedhun sing wahana
amedheki rama sampun
Bagendha Yakub tumingal.

40. Tumedhun aglis sireki
pareng apapagan tingal
ya ta Nabi Yusup mangke
ayun asung salam sira
dadi ta rinuhunan
dening ramanira sampun
nulya sira kinarunan.

41. Rinangkul mangke saryang ling
E anakisun ta sira
woe atinisun mangko
trange netranisun sira
kang leburaken lara
Bagendha Yusup angrangkul
wau ing padaning rama.

42. Lara karuna saryang ling
rama langkung oneng amba
Bagendha Yakub ta mangko
anuli sira kantaka
gepe atulung sira
ing ramanira sang prabu
sarya alara karuna.

43. Nabi Yusup ngandika ris
E bapa endi si tuwan
tingalana amba mangke
kang tuwan kangeni prapta
ya ta prasanakira
sadaya pra samya rawu
atulung mangke ing rama.

44. Ya ta sinotya sira glis
ing usap rawu ing sira
ya ta sang prabu mangkya ken
angambil punang sakatha
aglis prapta ta sira

punang sakatha mas ta tur
pinatiking nawaratna.

45. Atilam dewangga asri
ya ta ngunggahaken sira
ing luhur sakatha mangke
sang nata angiring rama
sarwi sidhakep sira
kalayan prasanakipun
muwa kang para santana.

46. Sami adharat i wuri
anggungaken ing sang nata
lan ing ramanira mangke
padha ta ingiring sira
dening wong sanagara
salaksa yuta iku
alon lampaing gilingan.

47. Sigra rawu ing nagari
anunten dhateng kadatyan
sampun kapanggi ta mangke
sumadya kang upacara
ya ta kang rama sira
tinedhunaken tan asru
ingunggahaken jampana.

48. Pinatiking ratna adi
senene pating paluncar
liwat angrawit yen tinon
jampana mas tuhu pelag
binakta dhateng pura
pan ginulingake sampun
ing pagulingan sang nata.

49. Miwa kang prasanak sami
sampun mantuk ing dunungan
pan sampun sinadya mangke

karuhun panggenanira
denira Srinalendra
anggen anggen sarya luhung
tadhahan sampun sumadya.

50. Muwa panduka narpati
atunggu mangke ing rama
somahan karuna mangke
sumungkem padhaning rama
ing tenga wengi sira
anglilir Bagendha Yakub
aningali putranira.

51. Nabi Yakub ngandika ris
E anak isun ta sira
lebur lara nisun mangko
satingalira sang nata
wau dhateng ing rama
anglilir mangke amekul
sarya aris angandika.

52. Salam amba katur singgi
den rawu ngari kiyamat
amba sampun pisa mangke
sumaur aris kang rama
sarya amekul putra
mungga mustajaba iku
donganira ing pangeran.

53. Ya ta sami sukur kali
mangke sira ing Yang Sukma
Nabi Yakub mangkya taken
wau dhateng putranira
E anak isun tuwan
siro woe atinisun
wretakena pola tuwan.

54. Angandika Sri Bupati

E rama sampun pinanjang
tingka kang wus lintang mangke
ya ta mindel ramanira
mangke sampun raina
pinarek Bagendha Yakub
denira Srinaranata.

55. Kaliyan layan kang rayi
medhek muwa putranira
kakarsan kang rama mangko
kalangkung si mulenira
aningali atmaja
sami pekik pekik tuhu
mangke dera aras aras.

56. Sampurna ing mana singgi
aningali wayaira
lawan sukuring Yang Manon
dening panggunggung Hyang Sukma
ing Nabi Yusup ika
ya ta mios Nabi Yusup
kaliwat si ramanira.

57. Rawu prasanake sami
marek kabe sireng rama
muwa para mantri mangke
santana pedhek sadaya
seba ing Srinalendra
sami ajajara lunggu
sang prabu kalayan rama.

58. Kang munggeng tengen alinggi
paman saking ibunira
munggeng kiwanira mangke
prasanakira sadaya
linggi ayun ayunan
mangke kalawan sang prabu
amedhek ing ramanira.

59. Ya ta saprasanak iki
samya sujud ing sang nata
sarya muji ing Yang Manon
ing jrone sujude iku
maha suci Hyang Sukma
kang metoken Yusup iku
temu lan prasanakira.

60. Sang prabu ngandika aris
E rama puniki bapa
wahananing impen mangke
inguni supena amba
yakti sira Yang Sukma
estu jangjining Yang Agung
mangke ing kawulanira.

61. Wonten pandhita mangkyang ling
anegesaken ing karsa
ning sujuding sanak mangko
atur ormat ing sang nata
rasaning sujud mri Yang
ujaring pandhita iku
satenga mangke angucap.

62. Sadurung jamanireki
nabi rasul mangke wenang
sujud ing tutuwa mangke
araneku sujud ormat
ing sapanjenengira
nabi rasul datan sinung
asujuda maring liyan.

63. Anging sira sang Yang Widi
ingkang wenang sinujudan
wirasaning sujud mangko
kalawan nora kenangga
nungkemaken wadana

ing lema dening anggunggung
kamulyanira Yang Sukma.

64. Sing sapa asujud iki
kang lyan saking sang Yang Sukma
wong iku dadi ta mangko
satuhune kapir ika
sing asujuda ing lyan
mangkana pinanggiipun
sing angrenge wistaraa

65. Ya ta saprasanak iki
tangi saking sujud ika
umatur ring rama mangke
E rama ing mangke amba
tuwan pa lampaena
alal ing pun Nabi Yusup
apuranen luput amba.

66. Kang rama ngandika aris
apuranen sanakira
padha amalampa mangko
alal sakabe ing sira
saking duduneng kuna
sumaur Bagendha Yusup
kule pun boten ngandika.

67. Putra tuwan kabe iki
boten angucap mangkana
E kawulanisun mangko
isun apuranen denta
kule pun tan mangkana
mangke putra tuwan iku
kecap dhateng amba rama.

68. Pan sami tumungkul singgi
kabe para sanakira
samya kawele ta mangke

Nabi Yusup angandika
amba rama saksi Hyang
lan tuwan malekat iku
yen amba wus angapura

69. Munggamba sampun tembe ki
akira kira nak tuwan
sing karsanira Yang Manon
muwa ing ari kiyamat
E rama kang asiya
muleya ing amba iku
kang angenak aneng nala.

70. Pangeran ing tembe singgi
ing ari kiyamat ika
kang asi ing sira mangko
awilasa ing kawula
sakeing mukmin ika
kang anandhang dosa iku
ing apura deng Hyang Sukma.

x) 71. Sasampuning mangkana tuwan
sumaur Bagendha Yusup
mari ngendi isun Tuwan.

72. Angucap ta Jabarail
ana ta pira lawasnya
angilong paesan mangke
Bagendha Yusup ngandika
iya isun samana
angilong paesan isun
Jabarail sira mojar.

73. Apa cipta tuwan uni
duk lagi ngilong paesan
mojar Nabi Yusup mangko
ciptanisun ta mangkana
yen isun titiyanga

x) kurang empat baris

dolen tan ana jin isun
denya pekik warnaning wang.

74. Angucap ta Jabarail
ing dina iki wru tuwan
ing aji tuwan ta mangko
semuni Jabrail ika
aprameleng Bagendha
Yusup lagyanira muwus
amuji ing dhawakira.

75. Mapan sira sang Yang Widi
tan katujeng ngalembana
ing sarira dhewek mangko
kang setuni ngalembana
amuji ing pangeran
kang saestuning panggunggung
kang wenang ing ngalembana.

76. Wonten andikaning nabi
ingkang nama Rasululla
sira Yang Sukma ta mangko
tan aningali ing rupa
muwa reke ing kula
tan aningali kirtyeku
myang ngajenging ati suta.

77. Ya ta lineboken aglis
timbane pun Basir ika
ya ta ginamelan mangko
Yusup tinarik tinimba
nyananing aninimba
sidhep wrat ing toyanipun
dening punang aninimba.

78. Ya ta katingalan iki
dening punang aninimba
kang aran pun Basir mangke

rare cili kang kaliwat
pekike warnanira
agawok cengeng andulu
sakeng adagang umulat.

79. Agyis pajar dhateng gusti
ne kang aran Malik ika
den kon ngunggaaken mangko
ing onta pasisimpenan
kesa punang adagang
saking talaga sira sru
dadya rawu kang prasanak.

80. Nyananing prasanak iki
kabe arsa atilika
ing Bagendha Yusup mangko
ing jro talaga tan ana
neher prasanakira
dadya sakabe andulu
binakta dening adagang.

81. Sadaya samya nututi
saprasanakira mojar
E dagang kulehe mangko
kawulanisun sira lap
kang anang jro talaga
E na wetokena denmu
tanpa we sun tumpes sira.

82. Bendunira tan sinipi
wadana yaya sinecang
sang adagang mulat mangko
kalangkung si ajriira
gyis sinungaken enggal
sinendhal Bagendha Yusup
dening sanak kang atuwa.

83. Kang aran Yahuda iki

binakta dhateng asimpar
sami mojar sira mangko
E Yusup yen arep sira
saha saking talaga
ngakuwa kawulanisun
asira saking talaga.

84. Nabi Yusup ngandika ris
sarwi tumungkul ta sira
singgi kakang isun mangko
angaku kawulanira
ing uculaken sira
denira kang raka sepu
ken tebusen ing adagang.

85. Kang adagang asmu ajri
sumaur saking kadowan
singgi karanipun mangke
kawula kang anebusa
ayun tuwan dol pira
kabe kang raka sumaur
pira syajiyaning boca.

86. Agung wadane rareki
sumaur punang adagang
punapa wadane mangko
linyoka babanyol ika
impen tur ora wakca
tinanya Bagendha Yusup
dening adagang punika.

87. Atut kawula sireki
sang prabu aken ta sira
angumpulakena ing wong
sake kang tumuta mapag
saksana mangke prapta
sami marek ing sang prabu
sang nata ngandika bal-

88. Sakehe kawula mami
kang mapag ingiringi rama
padha lebara ta mangko
karana ta sira padha
kangelan mapag rama
sun pradikaken wong iku
lungaa sakarepira.

89. Mangkana umating nabi
bagendha rasul kocapa
lewi kamulyane mangko
ing sira sang maha mulya
saking Yakub punika
muwa ta Bagendha Rasul
lewi mulyaning kamulyan.

90. Karsane sabdanireki
kang anglewiaken sira
Bagendha Yakub ta mangko
parandene sira lebar
kang anglewiaken Hyang
pira lagi ta mangkenipun
yan tan lewiya dening Yang.

91. Sampuning mangkana mali
sang prabu mantuk lan rama
samya ngiringaken mangke
dening saprasanakira
rawu ing dalem pura
saksana latri pan sampun
ing nalika saur sira.

92. Bagendha Yakub puniki
asujud anenedha ing Yang
apuranen kabe mangko
dosanipun anak amba
kang anglampai ala

uniing pun Nabi Yusup
putra tumut sujud sira.

93. Sami ngaminaken iki
ing dongane ramanira
saksana tumedhun mangke
Jabarail sira mojar
E Yakub tinarima
donganira mangke sampun
denira sira Yang Sukma.

94. Apura dosane sami
putra tuwan kabe ika
sami dinadeken mangke
nabi kabe putra tuwan
denira sang Yang Sukma
asi putra tuwan iku
reing kinakeneng duka.

95. Wonten adikaning Widi
Bagendha Rasul kocapa
sing ngangkat tangan karo
anenedha ing pangeran
yen sira tanpa sunga
ring panedhaning Yang Agung
awirang sira Hyang Sukma.

96. Kalingane kabul iki
dongane wong anenedha
sarta ngangkat tangan karo
tatkalaning saur ika
sujud sawengi pisan
lan sedheng puasa iku
lawan tatkala dres udan.

97. Kalawan ta sira mali
tatkala malem Jamangat
ing waya raina mangke

lan sawuse waktu Asar
ing ri yaya karana
mangke rakmating Yang Agung
ake tumurun ing rika.

98. Sampuning mangkana mali
ing raina Yakub ika
pinarek dening sang katong
miwa saprasanakira
tan kena yen pisaa
kalawan sira sang prabu
muwa lawan ramanira.

99. Tan kawarnaha ing mangkin
pangupasuba ing nata
miwa mring prasanak mangko
kalayan dhateng santana
pan sami sinungsungan
kalangkung ing sukanipun
sami sampurna ing mana.

100. Reira samangke sami
pinangiaken dening Yang
kalayan sira sang katong
ing mana kadya sinekar
panggi kalayan rama
Bagendha Yakub kalangkung
suka aningali putra.

101. Sukurira tan sinipi
nugrahanira Hyang Sukma
maring sira kabe mangke
jinungjung darajatira
mangke ing dunya kerat
mangkana polaanipun
kang antuk siing Yang Sukma.

102. Mangkana ta sira sami

sayogyane mukmin ika
angayun ayuna mangko
yen tinemoken dening Yang
lan nabi rasul ika
ing ari kiyamat iku
tembe ngiring maring syarga.

103. Ring sampunira alami
sang prabu matur ring rama
rama sanak amba mangke
anang dunya sampun pasa
alinggiya lan amba
dipun tunggil karsanipun
samalige lawan amba.

104. Kang rama sumaur aris
E anakisun ta tuwan
apa karsanira mangko
balikan ta isun bapa
karyakena kaluwat
gen isun ngabakti iku
anemba maring pangeran.

105. Ya ta kinaryaken aglis
kaluwat mangke kang ramang
angering kaluwat mangko
anjenengaken sambayang
nityasa sira mujya
sujud angabakti iku
ing sira Yang Maha Mulya.

106. Saban ingunjungan sami
denira sira kang putra
ya ta angandika mangke
Bagendha Yakub ing putra
E anak isun sira
sapa kang tansa re iku
padha ta naura utang.

107. Padhang lampahana kaki
gawene Yusuf ta wira
keing desa ika mangko
tan kacayan kalaena
karana parlu Islam
yen aprang asabil iku
angrusaka kapir ika.

108. Amanjingen nata iki
maring agama Iselam
umatur kang putra mangke
apened andika tuwan
ngandika ramanira
E Yusup samamta sampun
kaarsane sanakira.

109. Ya ta sinambadan iki
denira Srinaranata
karsaning prasanak mangko
sawiji wiji ta sira
bakta kang nunggang kuda
pan salaksa kathaipun
seos mangke kang adharat.

110. Utawi sanak narpati
sami sinung pangawasa
denira Yang Sukma kaot
sira Yahuda punika
yen apetak lir gelap
kang rungu kantaka iku
rare jro weteng amedal.

111. Kalayan Yahuda mali
yen anikep bantheng sira
nulya sinumbele mangke
kawasa mangke priyangga
sira Robil mangkana

yen kalaning kroda iku
tan kawasa tiningalan.

112. Kalawan Samaun mali
lamon amanaha sira
paron ninga pandhe mangke
kawasa trusa denira
layan Lawi punika
yen angjungjung sela iku
sagungane mapan kuwat.

113. Sapulu sapta pasagi
sili jungjungen kawasa
ginutuken nata mangko
antuk sapambalang donya
kabe prasanakira
drebe pangawasa iku
ning Yusup prakosa dhawak.

114. Apekik turaeng singgi
Bagendha Yusup i rupa
tan ana rupa ta mangko
ing jro dunya mangkanaa
anging sira wong syarga
kaya rupa Nabi Yusup
ing dunya nora mangkana.

115. Ri sampuning samapteki
mangke sami andumparan
akatha desa kagepok
akala mangke denira
ing rumangke ngabesa
ing kores ta kala sampun
ing dremis lan ing janggibar.

116. Miwa mali ing madayin
sami anungkul ing sira
asra upeting sangka wong

sakabe kapir Iselam
ri sampunira aprang
nusantara sami mantuk
kabe para sanakira.

117. Sakeing jarahan mangkin
katur ing Srinaranata
ya ta dinum sira mangke
sawirasaning agama
ya ta sami sinungan
lugu denira sang prabu
sadaya prasanakira.

118. Suka prasanak narpati
kalangkung angalembana
sami marek sira mangke
sadaya ing ramanira
matur yan katha desa
ambawa iman pan sampun
sing anglawan mangke kala.

119. Kalangkung suka tan sipi
Bagendha Yakub ing mana
muwa putranira kabe
sami bakti sirang rama
kalayan Srinalendra
kaliyan tan kawaseku
yen tan mulata sadina.

120. Mangkana kang rama mali
si mulenira kaliwat
kaliyan garwa sang katong
muwa ta la putranira
reing samamta sama
pambekanira puniku
sisinau elmu sira.

121. Kalangkung denira bakti

ing Bagendha Yakub ika
mamarai sira mangko
sang putri wekasan sira
dadi pandhita mulya
lewi saking dya lyan iku
ing Mesir Putri Jaleka.

122. Mangkana mali narpati
sakathae putranira
sami pinajaran mangko
elmu dening eyangira
sampunira mangkana
sang nata akarya sampun
panggenaning para sanak.

123. Malige tunggalan sami
kalangkung adining pura
mas pinatik ratna mangko
kang pelag pelag kinarya
miwa Buyamin ika
tunggalan mali genipun
kalawan sira sang nata.

124. Kaliwat mulene nrepati
saking prasanak sadaya
lan pasungsungira kaot
lewi saking kabe sira
sami prasanakira
pan sinung sadaya sampun
busana arta lan desa.

125. Wrata ing putrane sami
kaponakan lan santana
ora na kaliwat mangko
ing pasungsung Srinalendra
muwa sanak wanodya
tansa kaya tanpa dhaka
lawan sanak jalu ika.

126. Sira wong nagara Mesir
wedi awor asi sira
ing prasanak i sang katong
ri sampunira mangkana
alami pangerira
Bagendha Yakub puniku
nang nagara Mesir sira.

127. Ya ta tumangkar lir neki
putra layan wayaira
sang prabu puputra mangke
kali welas sami lanang
sami kakarsanira
sami pekik pekik tuhu
sami dadi nabi sira.

128. Sawane nabi duteki
ana dadi nabi mursal
lan prasanaking sang katong
apuputra ngali elas
sewang sira kang putra
sami winarahan elmu
sampun dening eyangira.

129. Kalayan wayaireki
lewi saking waya kang lyan
sampuning mangkana mangko
alami ta pangerira
Nabi Yakub ingrika
prapta patang pulu taun
ya ta Jabarail prapta.

130. Apajar sabda Yang Widi
ken ing Nabi Yakub ika
maraa ing betal mangko
mukedas sandikaning Yang
ayun ambilen muwa

nyawa tuwan tang puniku
kumpula lan eyang tuwan.

131. Ri sampuna myarsa singgi
wretaning Jabrail ika
tumuli awreta mangko
ing putranira sadaya
saujaring malekat
sapa miarsa sang prabu
alara denya karuna.

132. Sumungkem ing pada kali
nuli kantaka sang nata
sapanglilirira mangko
ngandika mangke sang nata
punapa pola amba
katinggal den tuwan isun
kari amba kawlas arsa.

133. Tan kawarnaa ing mangkana
laranira Srinalendra
muwa Nabi Yakub mangko
aken teraken sira
ing kudus ing sang nata
sigra mangkat tan asantun
angateri ramanira.

134. Lan saprasanak narpati
sami aniti turangga
ponggawi santana mangke
angiring ing Srinalendra
tan kawarna ing marga
sigra rawu sirang kudus
anuli manjing ing jarat.

135. Ri sampunira angaji
maring dunungan sangnata
saksana ing latri mangko

agura sira lan rama
sami aguling sira
tansa sumandhing sang prabu
aguling sira lan rama.

136. Nabi Yakub kang winarni
aguling mangke nyupena
kang eyang katingal mangke
Ibrahim alinggi sira
mangke ing papalangkyan
tan pendha surya sumunu
kang angapit kang tutuwa.

137. Kang ing tengen ramaneki
kiwa ramanira paman
putunisun sira mangko
lawas sun anantisira
saksana ta raina
awungu Bagendha Yakub
suka angrasa pakena.

138. Angungas ganda awangi
liwat ta melek ing grana
kadi suganda ergulo
kasturi kang mulya ika
ya ta mangke ngandika
ing sang nata Nabi Yakub
sawirasaning syapena.

139. Karuna mangke narpati
muwa saprasanakira
sampuning mangkana mangke
tan alami pangerira
sira betal mukedas
ya ta nganglu Nabi Yakub
tinunggu mangke ing putra.

140. Ya ta Nabi Yakub mangkin

aningali malaekat
arupa manusa mangke
nulya sinapa denira
sapa sira mring amba
sumaur malekat isun
angunjungi maring tuwan.

141. Muwa kinen deng Yang Widi
angambila nyawa tuwan
Nabi Yakub ngandika lon
la ta bagja temen amba
ingalap deng Yang Sukma
ya ta nedha dongwa iku
ing sira Yang Maha Mulya.

142. Tuwan kasiana mami
patemon amba lan tuwan
sinidhakepaken mangko
dening malaekat ika
ingkang angambil nyawa
kalaning rawu ing tutuk
nyawane nenedha ing Yang.

143. E Pangeran amba singgi
ing tembe ta lamon tuwan
angambil nyawane mangke
pun Yusup dhangan akena
ing patinipun tuwan
sarwi angucap puniku
anging tuwan mangke tunggal.

144. Ya ta tinarima mangkin
panedhanira maring Yang
ya ta sira ilang mangko
lan pramulening pangeran
ingambil nyawanira
kadi guling polaipun
satingalira sang nata.

145. Ya ta sinungkeman gipi
nunten kantaka sang nata
anglilir ya ta sang katong
kapati kang para sanak
sami nangis alara
muwa wong Mesir kalangkung
sami lara nangisira.

146. Alam alamen pan sami
dening budi alus dahat
tuhu tuhu sira mangko
yan Nabinira Hyang Sukma
sampunira mangkana
siniraman de sang prabu
kalayan prasanakira.

147. Jabrail Mikail prapti
Israpil Ijrail ika
tumutan nirami mangko
angapani Yakub ika
nambayangaken pisan
tumuta mendhem pan sampun
angrencangi ing sang nata.

148. Ri sampun palastha sami
denira mendhem ing rama
ya ta amit kabe mangko
malekat dhateng sang nata
muwa ing Yakub ika
sami asung salam sampun
sami mantuk ing dunungan.

149. Tan kocapa Sri Bupati
langkung laraning tinilar
muwa prasanak sang katong
salamining rama lina
brayan angaji sira

ing jarate ramanipun
saban dina sung adhahar.

150. Lan asidheka narpati
tekang patang pula dina
mantuk ta sira sang katong
ingiring dening prasanak
sarawuing nagara
tan kawarnaha sang prabu
lami katilaring rama.

151. Kocapa umur narpati
i Mesir mangke denira
satus patang pulu mangke
pipitu ing yuswanira
wayaira sang nata
katilaring rama sampun
patang pulu roro sira.

152. Laminira kantun singgi
Nabi Yusup dening rama
tiga likur taun mangke
panjenenganira raja
satus lan gangsal welas
taun panjenenganipun
ratu Nabi Yusup ika.

153. Muwa kawarnaha mali
sang prabu ing Mesir ika
ing ormatan ta sang katong
dening anak putunira
muwa prasanakira
ya ta memeling sang prabu
angandika ingkang raka.

154. E Kakang Yahuda singgi
yen mati amba ing benjang
nadhaana pethi make

pendhemen ing ara ara
kang ado lawan pura
ya ta prapteng mangsanepun
lina mangke Srinalendra.

155. Linastarekaken sami
sawelingira sang nata
dening kang prasanak mangke
ya ta lami-lami sira
jarating Yusup ika
pan kaleban toya sampun
saking parmaning Yang Sukma.

156. Henengakena ing mangkin
tingkae kang para sanak
miwa para putri kabe
tan kawarnaha denira
telas ingkang winarna
miwa tan koningan iku
ya ta parmaning Yang Sukma.

157. Dening sunge ageng iki
jarating Yusup punika
saking titaing Yang Manon
mangke ta wonten kocampa
kang raka Yusup ika
kang nama Lawi puniku
apuputra nabi ika.

158. Aran Nabi Imran singgi
apuputra Nabi Mursal
aran Nabi Musa mangke
ya ta Nabi Musa ika
katurunan andika
nira Yang Sukma kang agung
maring Nabi Musa ika.

159. Kinon adhudhuk makin

jarating Yusup deni Yang
kinon angaliya make
sira ing betal mukedas
kinen angumpulena
jarating Ibrahim iku
Isahak lan Yakub ika.

160. Saksana mintar sira glis
Bagindha Musa lan sabat
sarawu i Mesir make
ataken jarat sanat
wong Mesir datan wikan
reing sampun lami niku
datan wonten kang uninga.

161. Ya ta Nabi Musa iki
kewran ing polaira
tanpa ling atakon make
ya tak matur ing pangeran
dening andika tuwan
aken angaliya iku
ing jarate Yusup ika.

162. Sakehe kawula Mesir
amba takon tan wikan
ing jarating Yusup mangke
ya ta wonten parmaning Yang
wonten ta nini tuwa
sampun cokorego iku
aran Nyi Sasuri nika.

163. Punika kang amenangi
ing jarating Yusup ika
ya ta nini tuwa mangke
amiarsa wartanira
yen wonten nabining Yang
aran Nabi Musa iku
kinen angaliya jarat.

164. Ya ta Nyi tuwa marani
dhateng ing Bagindha Musa
sarwi ateteken mangke
lumampa gontoyongan
dhateng ing Nabi Musa
sarwi akecap wong iku
yen nabinira Yang Sukma.

165. Atut mangke tuwan singgi
kinen denira Yang Sukma
angali jarat sang katong
sumaur Bagindha Musa
atut isun punika
kinen ngali Nabi Yusup
kulehe sira atanya.

166. Ya ta ni tuwa ling neki
kulehe den dhudhu ika
Nabi Musa angling akon
tan ana mangke kang wrua
tan ana menangana
kabe wong Mesir puniku
reipun sampun alawas.

167. Nyi tuwa sumaur aris
la amba wru prenaira
Nabi Musa ngandika lon
ya isun tudhuena
aturing nini tuwa
anedha ganjaran isun
ganjaren ing syarga amba.

168. Mangke amba matur iki
yen tuwan asung ganjaran
Nabi Musa angling lon
ora na karseng kawula
yen asung sunga syarga

lyan pangeran kang agung
kang aweng syargeng kawula.

169. Ya ta tumedhun Jabrail
dhateng Nabi Musa ika
neher mojar sira mangke
ya Musa ta sanggupana
sapanjaluke ika
noren da Yang Sukma luhur
ing syarganira satunggal.

170. Musa ta sudaa iki
kasugiyaning pangeran
mung kagunganing Yang Manon
dening suwesmaya tugal
sapa miarsa nira
Bagindha Musa punika
kecaping Jabrail ika.

171. Ya sira anagupi
asunga syarga punika
neher mojar sira make
E ni tuwa sabdaning Yang
dhateng ing isun iya
aken nagupana iku
asung syarga ing sira.

172. Bagjanira ageng nini
la ta isun tuduena
enggene Nabi Yusup mangko
ya ta atudu nyi tuwa
ing sajroning bangawan
punika kuneng alas gung
lami kalebon ing toya.

173. Saking kagungan Yang Widi
dadi sunge ageng iku
meneng kagowakan mangke

sapa myarsa Nabi Musa
saking kagungan ing Yang
ya ta Nabi Musa sampun
dhateng pinggiring Bangawan.

174. Sabat sadaya angiring
dhateng pinggiring bangawan
lan tetekenira mangke
pinukulaken ing toya
saking parma Yang Sukma
piyak ingkang toya sampun
tingalan jaratira.

175. Ya ta tumedhun sira glis
lan sabatira sadaya
dhinudhua pagi mangke
tabela ing Yusup ika
ya ta piniku sira
binakta mring kudus sampun
datan kawarnaa ing marga.

176. Lalampahanira mangkin
patang pulu dina marga
rawu ing kudus ta mangke
pinetek sandhining rama
muwa kang eyang eyang
parmaning Bagendha Yusup
pan sami kempel sadaya.

177. Kanditanira Yang Widi
kocapa mukedenira
prata Nabi Musa kehe
Nabi Musa wruan ta
ing bumi kudus ika
mapan matha jaratipun
para Nabining Yang Sukma.

178. Sampuning telas pireki

carita Yusup ginita
marmaning ginurit mangko
carita sinungan tembang
karaning kawasa adera
sang pratameng tembung
ya ta binasaken Jawa.

179. Panedhaning kang anulis
ing sira Yang Maha Mulya
muwa i duta di kaot
luputakena ing tula
dening apaksa iya
carita kinarya kidung
pinangka asyaring jagat.

180. Miwa kang amaca mali
kang angrenge apuraha
reing antuk ing tan kaot
kudu angripta enggi ta
sang anutameng sastra
amaonana ing tanduk
lamon dika suraing basa.

181. Karaning paksa angawi
dening angrenge andika
sing sapa amaca reko
antuk kanugrahaning Yang
sami lan ngaji Kuran
luput ing duka cipteku
priyatining nala ilang.

182. Sing amahidowa iki
kang kocap wau punika
wong iku dadi ta mangko
murud saking gama Islam
dadi kapir ta sira
tan antuk marga rahayu
dening maido andika.

183. Wonten andikaning pun Nabi
kocapa sajeroning sastra
tan ingangken dasi mangke
tan antuk sapangat ing wang
tembe yomal kiyamat
miwa ing dunya puniku
tan antuk raseng agama.

184. Ri sampun rinipta singgi
Jumadil awal waktunya
ing dina Saptu ta mangko
ing Karang pùra sampunnya
duk sira lima iku
tenggek gangsal mangke teku
sangkala emutakena.

185. Astra wisaya gumuling
ing bumi ri sampunira
prana ingkang nurat mangko
antuk ing mindha kasiyan
nanging apaksa iya
tan wru ing basa sipteku
apuranen isun denta.

PUPUH XVII. DANDANGGULA

1. Sun anedha apuranıng Widi
manira reke nutur sajara
nurbuwating nabi kabe
saturun turunipun
Nabi Adam ika karihin
prapta ing rasululla
sun warna ing tembung
nengge reke sing jam ika
mala mangke sungana nugrahan Widi
lan sake ƙang amaca.

2. Padha padha reke wrua singgi
kang amaca lawan kang anurat
dinohaken dorakane
lan mali sawabipun
sirep kang wong mungga akaji
sami lan asung dhahar
ing wong kawlas ayun
sami lan wong ngaji Kuran
sawabipun padha lan wong aprang sabil
jasade nora rusak.

3. Tur pinanjingaken syarga lewi
ing apura sakeng dosanira
sinung mulya sarirane
sake kang maca iku
sarta toya wulu puniki
tinrabukaken ika
ngilmu gaib iku
linebur sadosa nira
dening Sukma sinung kamulyan kang adi
dinukaken ing Sukma.

4. Apuranen reke kang anulis
paksa iya mangke milya ripta
kadi wong ngulama mangke
dening kasmaran rungu
pawartane kitab puniki
winastan nusul biya
pawarta puniku
mungga tuk kanugrahan kang anurat kang maca
anurat kang maca miarsa iki
sami antuk kamulyan.

5. Pangandikaning Yang Sukma jati
angandika pan ing dhewekira
punika pangandikane
mapan kawula iku

dene ora nyata ing Gusti
iku karana apa
nora nyatanipun
pan sami muji anemba
kawulane pan sami nemba amuji
nanging nama kewala.

6. Datan wikan reke kang pinuji
kandheg amuji nama kewala
tan wikan ing kajatine
dening apa sireku
teka ora nyata ing Gusti
pili ingkang awarta
ana ning Yang Agung
ana ta kawulaning Yang
kang jinaten kinasiyan dening Widi
kang anama Mukammad.

7. Iya iku kang aran laduni
sabdaning Yang mangke mapanana
ingkang sun kasihi mangke
andikaning Yang Agung
ya Mukammad kang sun jateni
kinen malebung pura
rasululla matur
kadi pundi ta pangeran
malebet adi la langsening Yang Widi
lawiyaken den teka.

8. Lawiyaken lalangse puniki
den tumeka anduluwa pura
sira sun jateni mangko
sosotyaning andulu
Sukma agung andika iki
dhateng kakasiira
ingandika rasul
aja nimbali ing liyan

tumungkula nyalante babaren iki
la sira lilinggiya.

9. Nabi Allah matur ring Yang Widi
punapa amba si nama sama
pun amba kang akir dhewek
andikaning Yang Agung
ya Mukammad sira kang dhingin
kang akir iya sira
sira rasul nisun
ya pangeran amba nedha
ing si tuwan wenangena amba iki
linggi ing pata ratna.

10. Andikaning Yang dhateng kakasi
alinggiya la sira Mukammad
ing pata ratna ing kene
enya karatonisun
la enggonen ta sun samadi
samadi sun ing sira
miwa sira iku
pan sandhang ta tutulisan
saking isun panyele sakeing nabi
iya sira Mukammad.

11. Ya Mukammad tuwan sun celeki
tumuruna sira maring dunya
anang bumi Meka mangko
ana kawula nisun
Nabi Ngisa wus sun jateni
ana ing bumi Meka
temonana iku
Nabi Isa wus sun wekas
ya Mukammad temonana denireki
jumeneng ratung Meka.

12. Rasululla matur ring Yang Widi
yen manusa metung marga ina

ya titiga campurane
andikaning Yang Agung
Ia Mukammad sira iki
nora ta tumuruna
maring dunya iku
nyatane mangke ta sira
lamon ana ratu piturun puniki
ana ring bumi Meka.

13. Andikaning Yang dhateng kakasi
tanpa karana Mukammad sira
kananira iku mangko
Mukammad iya iku
pantesie sira den bangkit
sangkane si ya sira
Nabi di sa iku
aja wawadonen sira
ya Mukammad lawan elmu lisan iki
aja ginawa sasar.

14. Aturuwa sira lamon arip
amangana ya Mukammad sira
ika ta lamon aluwe
sawuse ta sireku
lamon kangen mara ing rabi
iya Mukammad sira
salamet sireku
rasululla matur ring Yang
sakathae andika tuwan puniki
amba boten langgana.

15. Pan Mukammad mangke anglampai
tan langgana ing sapakon tuwan
Yang Sukma ngandika mangke
Mukammad pan nut isun
maring sira mangke puniki
si isun maring sira

lan pangandel isun
lintang si isun ing sira
ya Mukammad isun nora ngudaneni
ala becike ika.

16. Pitung bumi lawan pitung langit
karsanira mangke aparenta
jagat saisine kabe
sakarsanira iku
ingkang ala lawan kang becik
isun nora parenta
wus denira iku
nora nguninga kawula
wus denira saisine jagat iki
iku sakarsanira.

17. Miwa lok alam lan aras kursi
ya Mukammad yen sira rusaka
jeneng isun pindho gawe
sira sun sungi luhur
ya Mukammad la sira iki
yen sira ngendhekena
maring jenengisun
isun abeciking sira
teka sira ngalanana
pan sun dadeken sira.

18. Yen genira Mukammad satitik
sun itik pitik wataranira
sarta wong gumanareke
rupane kadi isun
duk samana ika aputi
Mukammad warnanira
tarutul sun sambut
sun asi sun nyawa nyawa
sun uripi ananira sun samadi
sira amatenana.

19. Aturira rasululla aris
ya Illa iya reke pangeran
amba tan lenggana mangke
tan lali amba iku
dinadeken dening Yang Widi
amba sakarsa tuwan
tan langganeng kayun
nadyana tuwan lebura
jagat iki dadekena ta puniki
kalawan taru lata.

20. Mangsa laliya amba amuji
dhateng tuwan pamujine ika
kang kajeng amba godhonge
meneng pujine kayu
lawan salam meneng tan muni
miwa kang rarambatan
angawe lungipun
padha amuji anemba
dhateng tuwan sakatha ingkang dumadi
padha muji anemba.

21. Supayane ta tuwan kawrui
tegese reke ana kawula
tan tinarima pujine
andikaning Yang Agung
ya Mukammad kang sun kasihi
pan ora na kang liyan
sira rasyanisun
kabe kawula ing dunya
sun srahaken mung sira kang sun kasihi
sira mulaning ana.

22. Ya Mukammad mangke isun iki
ora temu kalawan kawula
kaling kalingan mulane
isun senetan iku

ing jro pura mulya kang adi
kang wus nyata ing sira
umatira iku
nora ngidhep wartanira
lamon ratu kesaten karatoneki
maria ula bala.

23. Kagungane aja sira wei
turunena saking pata ratna
keseten mangke lunggue
tundhungen rusak iku
dene iku eling ing Widi
lan iya saksi ala
sun jenengi iku
yen ana wong dedewanan
wong puniku takenana ti jasmani
lawan sadat salawat.

PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perp
Jer